Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

## ХIамзат ГIИЗУДИНОВ:

## «МагIарул мацI букIаго, магIарул халкъ букIина»



2/2021
март - апрель




Учитель!
Перед именем твоим
позволь смиренно
преклонить колени!
Н.А.Некра



# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**2**

**2021**

**март - апрель**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургъалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## НОМЕРАЛДА РУГО:


**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

Мун гьитIинав чиясде гурхIел бугевлъун вукIа…...........................................................................3

**МАГIАРУЛ МАЦI БУКIАГО, МАГIАРУЛ ХАЛКЪ БУКIИНА**

**ХIамзат ГIизудинов.** ХIамилгIин…...............................................................................................4

**КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…**

**МухIамад АхIмадов**. ГIолохъанлъиги гъунарги цолъарав шагIир…......................................17
**МухIамад МухIамадов**. «ХIаригабурлъухъ» тIехьалда тIасан пикраби…..............................20

**АВАРАЗУЛ ШОЛОХОВ. МУСА МУХIАМАДОВАС 95 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**Муса МухIамадов.** ГIурччинаб квербацIцI..........................................................................35

**ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ**

**КъурбангIали ПатахIов.** Вас хварав инсуца угъараб калам киридае херхе, хирияв Аллагь…..........................................................................................................................................45

**РАГIУЛЪ БУГО БАЛЪГОЛЪИ**

**Рамазан ГIалиев.** ЩинкIун анин багIарбакъ гучал мугIрузда нахъе, чанасулдай хутIараб хьараб хIалухъин нахъе…...................................................................................................................47

**ПРОЗА. ГIАРИП РАСУЛОВАС – 85 СОН**

**ГIарип Расулов.** ХIабургъин…........................................................................................................51

**ГIОРХЪОДАСА КУЧIДУЛ. НАБИ ГIИСАЕВАС – 75 СОН**

**Наби ГIисаев.** Гъудуласухъе кагъат…...........................................................................................61

**ЦIИЯЛ ЦIАРАЛ**

**ГIали-хIажи МухIамадов.** Анкьракьалъул халича….................................................................71

**МИЛЛАТЦОЯЛ. АВАР ХАЛКЪ - ГIОРХЪАБАЗ БИКЬИЗАБУРАБ ХАЛКЪ**

**Сеймур ХАНАЕВ**. Тушман вохизе течIеб чIахъаги ЦIоралъул халкъ!....................................77

**ПРОЗА**

**МухIамадкамил Гъиматов.** ХIурул балагьалдаса цIунаги........................................................82
**ХIайдар ХIАЖИЕВ**. Алжан. Жакъасел бахIарзал. Малаикзаби рукIин хIакъаблъун буго. ГIадамал ва моцI.............................................................................................................................93



Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №2 2021 г.**
*март - апрель*
*На аварском языке*

Выход в свет 27.04.2021 г.
Тираж 551 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 845 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул калам

## МУН ГЬИТIИНАВ ЧИЯСДЕ ГУРХIЕЛ БУГЕВЛЪУН ВУКIА

### Шерхан, Табаки, Маугли, оцбай…

**Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! Баркула киназдаго тIаде щвараб жинда жаниб Къуръанги рещтIараб Рамазан моцI! Аллагьас киназулго кIалал ва гIибадат къабул гьареги! «Икъраъ» абураб аяталдасан байбихьун буго Къуръан рещтIине, цIалеян, лъай босеян абураб амру ккола гьеб.**

Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница 2021 соналъул 21 апрелалда щибаб санайил Федералияб Собраниялде гьабулеб ХитIаб гьабуна. Улкаялъул бетIерас цIидасанги лъималазе гIарац кьезе бугилан абуна, гьединго жалго цохIо лъимал гIезарулел ругел улбузе, бесдалазе ва цоги квербакъи хIажатазе, ресукъазе кумек гьабизе бугилан лъазабуна. Регионал церетIезе хасал къарзал риччаялъул бицана. Пачалихъалъул жанисел суалазда хурхараб букIана улкаялъул цевехъанасул каламалъул цIикIкIараб бутIа. Ахиралда, къватIисеб сиясаталъул рехсей гьабулаго, дагьабго «бухI-бухIизеги» гьабуна. Джозеф Редьярд Киплинг абурав Индиялда гьавурав ингилис хъвадарухъанасул «Рохьил тIехьалъул» бахIарзал рехсана Владимир Путиница кIалъаялда. Россиялда тенколел цо-цо къватIисел пачалихъал гьес дандеккуна гьеб асаралда жанир ругел квешаб цIиркъ Шерханида ва гьелъул чукъа чакъал Табакиялда ва абуна Россиялъулгун гьоркьорлъабазда «багIараб гIорхъоде» иш ккедал, жаваб букIине бугин «хехаб, кьварараб» ва гьелде Россия гьесизабуразда кутакалда ракIалда бухIизе бугилан. Турциялъул Sabah казияталъул мухбир Берджан Тутарица Владимир Путинил исанасеб ХитIаб «цIияб дунялалъул манифест» бугилан хъвана ва 2007-абилеб соналда Мюнхеналда гьес гьабураб каламалъулго гIадаб, киса-кибего асар цIикIкIараб лъугьа-бахъин кколилан рикIкIана.

Гьединго Россиялда исана 12 апрелалда цIакъ кIодо гьабуна тIоцеве космосалде Юрий Гагарин воржаралдаса 60 сон тIубай. Дагъистаналъул литературияб журналазул бетIерав редактор Мурад АхIмадовас ДАССРалъ 100 сон тIубаялде биччараб «Дагъистаналъул гIасру» абураб проекталда ТIолгодунялалъул авиациялъул ва космосалъул къоялде Совет Союзалъул БахIарчи Муса Манаровасулгун гара-чIвари гьабуна. Юрий Гагаринида цадахъ цIалана Бакьулъ Гьарадирихъа воржарухъан МухIамад Хъазанбиевги.

…МагIарухъ их щун буго, цо-цо бакIалда куракул гьутIбузул тIегь цIорона, цIоречIого хутIарал бакIалги руго. Югалъул Дагъистаналде лъабго къоялъул сапар бухьарав Дагъистаналъул БетIерасул ишал тIуразарулев Сергей Меликовас абуна республикаялда консервал гьарулел заводал разе кколилан. Росабалъ оцбаялъул, рахъал рахъиялъул ва цоги тадбирал тIоритIана. Хурзалги, ахалги, харибакIалги, сагабиги хIалигьараб, цIураб сон батаги 2021 сон.

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуциялда магIарул адабияталъул секциялъул данделъиги тIобитIана. Гьединго «МагIарул габурлъи» абураб тадбир тIобитIана МахIачхъалаяда ШигIруялъул театралда. Цоги нухалъ баркала загьир гьабулеб буго «ХIаригабурлъухъ» тIехьалъул бицараб гьеб дандеруссиналда гIахьаллъи гьабуралщиназе. ИншаАллагь, нилъер сон цебе буго, магIарул мацI цIунизе, тарих чIаго гьабизе, нилъер росабазул гIумру бихьизабизе, адабиятги, маданиятги тIад хIур ккун хутIунгутIизе хадубккунги хIалтIи гьабизе буго, батIи-батIияв проектал хIисабалде росун руго. «Мун гьитIинав чиясде гурхIел бугевлъун вукIа», – ян дарс тана Инхоса ГIали-хIажияс. КIудияб магIна буго гьел рагIабазулъ.

Аллагьасул цIобалъ цIунаги нилъер миллатги, Дагъистанги, Россияги, тIолабго инсаниятги. Амин.

# МагӀарул мацӀ букӀаго, магӀарул халкъ букӀина



**ГӀИЗУДИНИЛ ХӀамзат**

## ХӀАМИЛГӀИН

Лъабго акталъул трагедия

*(трагедиялъул цо бутӀа)*

**ГӀахьаллъулел:**

*Сергей Костин* - гьужумалъул къокъаялъул нухмалъулев, гвардиялъул майор, десантник.

*Денис Сергеев* - ротаялъул нухмалъулев, капитан.

*Ополченец ГӀиса* - халкъияб ополчениялъул гӀахьалчи.

*Будун* - мажгиталъул хӀалтӀухъан.

*Дина Костина* - Сергей Костинил эбел.

*Эдуард Цеев* - Сергей Костинил заместитель, гвардиялъул майор.

*ХӀамилгӀин* - Дагъистаналда бугеб мегӀер.

Лъугьа-бахъинал ккола 1999 соналъул августалда Дагъистаналда.

БагӀарараб, кор боркьараб 1999 соналъул август. Къадги къасиги рагӀулеб рагъул хъуй, роржунел кьалул вертолетазул ва самолетазул сас, гьез ралел топазул кьвагьи. Болъихъ мухъалъул чанго росдада кверщел гьабун буго Чачанлъиялдаса рачӀарал халкъазда гьоркьосел хъачагъаз. Бандитал Шамил Басаевасул ва Хаттабил бетӀерлъиялда гъоркь Дагъистаналде рачӀарал хъачагъаз ккурал росаби рехун тана аза-азар гӀадамаз. Цо-цо хараби чӀана рокъор, хвезе кканиги, рокъор хун лъикӀилан.

ЛЪАБАБИЛЕБ АКТ

## ТIоцебесеб сцена

1999 соналъул 13-абилеб август. Болъихъ район. Росабалъ мажгитаздасан ахIулеб рогьалил какил сас. Аэродромги аскIоб бугеб Россиялъул аскарал чIараб бакIги.

*Будун:*

Аллагьу акбар, Аллагьу акбар!...

*Сергей Костин:*

ТIаде рахъа, гIолохъаби! Жакъа ХIамилгIин мегIер тушбабаздаса бацIцIад гьабизе ккола нилъеца! Гьеб борхалъудасан нилъер вертолетал рухIулел руго хъачагъаз. Гьеб мегIер эркен гьабичIого, террористал рачахъизе рес гьечIо! Капитан Сергеев! Рота цебе баче!

*Денис Сергеев:*

ТIубазе буго, гьалмагъ комбат!

*Сергей Костин:*

Нух бихьизабулев ополченец ГIиса ва цоги ополченцал! ЦIех-рехалъулаб, разведкаялъул къокъаялъе кумек гьабе! Гьаб ракь лъаларел хехаб хъулухъалъул рагъухъабазда нух къосине биччаге!

*Ополченец ГIиса:*

ТIубазе буго, гьалмагъ комбат!

*Сергей Костин:*

Нилъер гьужумалъулаб къокъаялда руго 1998 соналда гьал мугIрузда хъулухъ гьабурал, гьаниб гIорхъи цIунарал, сухъмахъал лъалел рагъухъабиги. Гьединго руго хехаб хъулухъалъул солдатал, 18 сон барал гIолилал. Гьезие хIажалъила сверухълъи лъалел, нух бихьизабулел чагIазул кумек. Ополчениялъул гIолохъабазул хIаракаталъул кIвар буго!

*Ополченец ГIиса:*

Ниж хIадур руго гIураб ракь хъачагъаздаса эркен гьабизе квербакъизе!

*Сергей Костин:*

Рагъухъаби, десантникал! ХIадуре гьужумалъ ине! РетIел ретIе, ярагъ бай, цIа лъезин ахIичIого рачIарал «гьалбадерида»!

Рагъулал «УРАЛ» ва цоги машинабаздеги рахун, ХIамилгIин мегIер тархъан гьабизе десанталъул 63 чи вугеб гьужумалъул къокъа къватIибе бахъана радал сагIат щуго тIубан хадуб. Гьез лъелго тезе кколаан чанго километр бугеб манзил.

## КIиабилеб сцена

Россиялъул десантчагIи ХIамилгIин магIарда.

***Сергей Костин:***

Рахъ-рахъалде ралагье! Тушманасул шура-хъуриялъул халгьабе!

***Денис Сергеев:***

ТIубазе буго, гьалмагъ комбат!

***Сергей Костин:***

Рихьулел руго хъачагъал. ЦIа лъе гьезда!

***Денис Сергеев:***

ТIубазе буго, гьалмагъ комбат!

(…)

## Лъабабилеб сцена

ЗахIматго лъукъарав Сергей Костинида цее тIамула эбел, Дина Костина. Рагъулаб вертолёталъ ХIамилгIин магIарде десант рехана, хъачагъазул гуллбузул цIадакь гьел жидерго гьалмагъзабазе кумекалъе гIедегIана. Кумекалъулаб къокъаялъе нухмалъи гьабулеб букIана Сергей Костинил заместитель, гвардиялъул майор Эдуард Цеевас.

***Дина Костина:***

Дир вас, рокъове тIадвусса… Духъ урхъун йиго дун.

***Сергей Костин:***

КватIиларо, эбел, кватIиларо, ялагьун чIа…

Тушбабазул минометалъул иргадулаб гьужумалдаса хадуб захIматго лъукъарав комбат Сергей Костин хола.

***Эдуард Цеев:***

Комбат дица ваччила кьалул корониса! Киналго къадаралде щваралги лъукъаралги раччун, нахъе къазе ккола! Нилъ жеги тIадруссина ва ХIамилгIин магIарда Россиялъул ва нилъерго десанталъул полкалъул байрахъ парпазабила! Сергей Костинил, нилъер Кантариял, рухI бохизабила гьеб лъугьа-бахъиналъ! ХIалхьи гьабе, комбат! Гьанже ниж рагъила!

Кьвагьдолаго, дагь-дагькkун нахъе къана гьужумалъулаб къокъа. Гьез цониги чIварав гьалмагъ гьоркь течIо, лъукъаралги раччана.

## Эпилог

***ХIамилгIин мегIер:***

Ле, гIадамил лъимер! Те рагъал! ЦIуне дунял ва гIумру! РитIухъго гьабе яшав!

Пири пирхула. Зоб гьугьан, горо-цIер речIчIун, чвахxунцIад базе байбихьула.

ХIамилгIин магIарде жеги чанго гьужум гьабуна Россиялъул аскарияз. Хъачагъазда гьеб борхалъи тезабуна 1999 соналъул 23 августалда.

Сергей Костин жиндирго гIураб ракьалда, Курск областалъул Конышевскалъул районалъул Захарково росулъ вукъана. Гьев мустахIикълъараб Россиялъул БахIарчиясул цIва кьуна гьесул гIагаразухъе.

Мех-мехалда кьерхуна ХIамилгIин магIарда тIад зоб. Гьеб борхалъи пашманлъула, 1999 соналъул август ракIалде щун. Гьелъ ахIулеб буго жиндир дарсал кIочон тогеян.



ГІИЗУДИНИЛ ХІамзат

## ШАМИЛИЛ ЦІАР КЬУРАБ ТАНКАЗУЛ КЪОКЪА

**Шамилил цІар кьураб танказул къокъа**
**Къеркьана, халкъ цІунун, гІураб ракь цІунун.**
**ГІасияв тушманас шущазарурал**
**Шагьарал, росаби гьаруна эркен.**

**Шамилил цІар кьураб танказул къокъа**
**Къойил, лъалхъичІого, къокъунеб буго.**
**Шамилил цІар кьураб танказул къокъа,**
**Къарнаби аниги, къуркьизе гьечІо.**

**Гьал чармил чуязул тІикъвабазул лъалкІ**
**ТІагІинаро даим, сонал аниги.**
**Нужер тІикъвабазул гьаракь рагІидал,**
**МагІил сас бахъуна квешаб къавмалъул.**

**Шамилил цІар кьураб танказул къокъа**
**ЗулмучагІазе хоб бухъулеб буго.**
**Шамилил цІар кьураб танказул къокъа**
**ТІекълъиялда данде рагъ балеб буго.**

## ХАСАЛИХЪЛЪИЯЛЪУЛ АХИРАБ ХІУХЬЕЛ…

**Хасалихълъиялъул ахираб хІухьел**
**Хириял мугІрузда рагІулеб буго.**
**ГІагараб росулъан гІазизай эбел,**
**ГІазу банин абун, кІалъалей йиго.**

**Гьелъ анкьалъ цебеги цІунун батана**
**Рорхатал мугІрузул гІурччинаб гьоло.**
**ГьитІинаб замана цебе тІамуна,**
**ТІокІкІарал иццазул тІагІам гьекъана.**

**Къадруял мугІрузул макъам лъаларо,**
**Къоял гьаб сверуда насиблъичІесда.**

## ИНХОСА ГІАЛИ-ХІАЖИ, ХІЕЛИЧІО МУН ЛЪИЕГО

**ГІали-хІажи, дур шигІру**
**Лъиениги хІеличІо,**
**ГІали-хІажи, дур шигІру –**
**РагІал бихьулареб зоб.**

**ГІали-хІажи, дур рагІи**
**Ракьул тІинде гІунтІула,**
**ГІали-хІажи, дур пикру**
**Ралъдал аххаде щола.**

**Авар мацІалъул устар,**
**Шамил вихьарав шагІир.**
**МагІарул тарихалда**
**Таж лъурав гІалим, гІакъил.**

## ЛЪЕДА ГАНЧІАЗУЛ КЬУРДИ

**КІиго сон барав Юсуп**
**Каспи ралъдахъе щвана,**
**Гъасие цІакъ бокьула**
**Лъадалъе чІинхал разе…**

**РакІалде щолеб буго**
**Росулъ дирго лъимерлъи,**
**Рехаралщинал ганчІал**
**ХІоринире нижеца…**

**БукІаниги, лъималаз**
**ЧІинхазе роржен кьола.**
**Ртулел цІваби гІадин,**
**Лъеда гьел расандула.**

**ГІедегІичІел гІадамал**
**ЧчугІа кколел ратула,**
**Меседил ччугІа гьанже**
**Каспиялда хутІичІо.**

**1.**
**Гьеб хІаялда цІар лъуна**
**ЧІинхаз хинкІал квинари.**
**Камилав устарасул**
**ЩуцІул кІанцІулаан гьеб.**

**Лъеда ганчІазул кьурди –**
**Гьаб гІумрудул расанди.**
**Раса, гама гурелъул,**
**ГамачІ тІинде бортула.**

**2.**
**Дун васгун гІемер щола**
**Ралъдалгун накъиталде.**
**Дольие ганчІал кьола,**
**Долъ ччугІил гІундул кьола.**

**3.**
**Гьеб, цІогьаз ккун, тІагІана,**
**ЦІадай рехун, бежана.**
**Гьанже ралъадалъ гІицІго**
**ЧчугІил гІундул рикьула.**

## ТІОГЬИЛАБ ТІАМАХ

**ТІогьилаб тІамах, дица**
**кодобе босана мун,**
**Сонги гьотІол карада**
**гІурччинго букІана мун…**

**ГІодобе бортун араб,**
**ракьалда батана мун.**
**Роол хинлъи дагьлъидал,**
**гьороца хъамуна мун…**

## ГIАЖАМ ТIЕХЬ

**ГIажам тIехьалдасан авар алипалъ**
**АхIана кIодоца дие туркаби…**
**Кидаго гьединан ахIулел руго**
**Авар мацIалда гьелъ дие назмаби.**

**Гьезул тIадегIанлъи тIокIкIинабуна**
**ГьитIинго кIодоца, кинидахъ ахIун.**
**Камилаб магIарул калам рагIула**
**ГIазизай дир кIодол, гьей къанщаниги.**

**КъвакIарал умумуз ирсалъе тараб**
**РухIияб хазина цIунана халкъалъ.**
**Хадусел гIелазе нахъе хутIизе**
**ГIажам тIехь кинидахъ ккела цIализе.**

## ЭЛЬБРУСАЛЪУЛ МАКЪРАТIИС

**Эльбрус – Кавказалъул тIогьазулги тIогь,**
**Эльбрус – Европадул зодил хъаравул,**
**Хиялаз ракI цIала дур кьурабазде,**
**Кьварараб ссиялъул рорхалъабазде.**

**ЩIадал ралеб рии – дур тIогьал гIаздалъ,**
**Дида кIочонаро духъе сапарал…**
**ГIолохъанал сонал, боржун унеб нух,**
**РакI хинлъулел къоял – дур цIорода тIад.**

**Дур цIороялъ хинлъи кьола каранзуй,**
**Дур цIералъ биине гьабула ургъел,**
**Дур гIаздаца гIуру тIегьазабула,**
**Дур кьерхеналъ пикру роцIцIинабула.**

**Эльбрус, мун цIакъ гIемер макьилъ бихьула,**
**Дур рохьал, дур лъарал цере тIамула.**
**БатIияб дуниял буго дур свери,**
**Маргьабазул улка буго, Эльбрус, мун…**

## АВАР МАЦIАЛЪ АХIУЛА…

Векерулев вуго вас,
Васандулев вуго вас.
Вохун вугев куц гьитIич,
ХIатIазда живго чIедал.

Дунял рагьулеб буго
ГьитIинав Юсупие,
Гьасул бер буссунареб
Сверухъ щибго жо гьечIо.

Гьале цIияб гIус бижун,
МагIарул хинкIал квине.
Гьале вас, торгIоги ккун,
Цо-цо рагIи абулев.

Авар мацIалъ ахIула
ХIайранго бабайилан.
БолмацIалда кIалъала
КIарчанго дадайилан.

## ПАМЯТНИК ГЬАБУНА ДИЦА ДИЕГО…

**Александр Пушкин**

*(Таржама)*

Памятник гьабуна дица диего,
Гьелъухъе нухда хер бижизе гьечIо.
Гьелъул эркенаб тIогь зодоб тункула,
Александрил сидул ссиги дагь гьабун.

Гуро, тIубанго дун хун лъугIиларо –
Асаралъулъ лъураб рухI туризе гьечIо –
ЦохIониги поэт чIаго вукIаго,
КIоченаро дир цIар дуниялалда.

КIудияб Русалда рехсела дир цIар,
Ва щибаб мацIалда бицина гьез дир, –
Славяназул васаз, гIалхул тунгусаз,
Авлахъал хириял калмыказ, финназ.

Халкъалъул дидехун рокьи тIеларо,
КечIалъ рекIелъ лъикIлъи кунчIизабидал,
Эркенлъиян согIаб векалъ ахIидал,
ГIодор ккараздехун гурхIел гьаридал.

Халикъасул къотIи къабул гьабе, кечI,
ХIинкъуге ракIхунин, таж лъеян чIоге,
Реццалъгун бугьтаналъ гуккизе тоге,
ГIантав чиясулгун бахIсги гьабуге.

## ДУР КЬУРАБАЗ КУЦАНА

Гьарадирихъ – дир росу,
Гьарадирихъ – гIураб ракь.
Макьилъ гIемерав щола
Гьанже духъе гьоболлъухъ.

Гьабуге дуца гIайиб
Дир къоял къватIир ругин.
Дур къватIал кIочон тараб
Къо букIинчIо кидаго.

Дур ганчIаз дарсал кьуна,
Дур мугIруз чаран лъуна,
Дур лъараз гIумру лъана,
Дур кьурабаз куцана.

Керчаб дур рохьор ругел
НакIкIигъутIбуз малъана,
Борхатаб ТIохмегIералъ
Тарих дие рагьана.

* * *

Алжан эбелалъул хIатIакь бугилан
ХIакъаб хIадис буго Аварагасул.
Эбелалъ гьавичIев инсан кив вугев,
Эбел рази гьайи – Аллагь разилъи.

* * *

Мигьлъун унеб буго умумузул ирс,
ГIуруй руссун руго рекьулел хурзал.
Ризаб мичIчIги бижун буго мина-рукъ –
Халкъалъул къаданиб зани кинигин.

## МАГIАРУЛ МАЦI, БУГО МУН ХIАКЪАБ ДАРУ

МагIарул мацI, буго мун хIакъаб дару,
Дуца сахгьабула рухIалъул гIузру,
Дур гьаракь лъалареб къо бокьиларо,
Дур кьварараб чваххи буго дир гIумру.

РикIкIаде сапараз ккедал, бичIчIула,
Би гIадин, рекIее мун хIажат букIин.
Щибаб рагIиялъухъ гIемер урхъула,
Цебе тIамула дур иццулаб тIокIкIин.

ГIагараб мацIалъул сас рагIарабго,
ГIодоре руссуна ургъел, пашманлъи.
Аваразул калам гIинда чIварабго,
БичIчIула рахьдал мацI талихI кколеблъи.

МагIарул мацI, буго мун хIакъаб дару,
Дуца сахгьабула рухIалъул гIузру,
Дур гьаракь лъалареб къо бокьиларо,
Дур кьварараб чваххи буго дир гIумру.

## ГАЛИ БАХЪУН МУГЬ

Юсупица гали тIамуна гьале,
Гьесий жакъа бана гали бахъун мугь.
Гьимулев вуго вас, рогьел кинигин,
Велъулев вуго вас, чилулеб иццлъун.

– ГьитIинав вас Юсуп, гьаб дунялалда
Буго захIматаб борч щибаб гали лъей.
Щалай гIемер буго, хьуцI гьарза буго,
Шагьранух дагь буго, сухъмахъ кIочонге.

КIарчанго гьимулеб дур чанго цаялъ
Цо рекIей гьабулеб гъваридаб асар.
Аслияб иш буго гали битIун лъей,
БитIараб нух дуе насиблъаги, вас!

## ГЪОЛОДА

*(поэма)*

1.

ЦIад щенолеб буго ЦIоралда жакъа,
КъатIрабаз бачуна пашманаб бакъан.
Паналъун ккун руго кьураби, сиртал,
Дандеруссун руго магIарул нартал.

НакIкIулъан рачIунел руго бахIарзал, –
Зоб-ракь гьаргьадулеб чуязул хIихIи.
Чабхилъан къокъунел руго игитал,
Тушман гьазул хунжруз къотIула кIихIи.

…НекIсияб Гъолода, ссияб Гъолода,
Персазул цIа рекIун бихьула дуда:
Дуниял мерхьараб шагьасул аскар, –
Наку чIвазе дуца гьабуна инкар.

Нус-нус сонал рараб магIарул хъала,
ГIелмудулгун кьалул кьучI гучаб шагьар,
Дур чIвадназда гьанже гьури кьурдула,
Гьениб рагIуларо зикругун гаргар.

…Буго батIияб къо жакъа Гъолода,
Дандеруссин буго гьалъул сверуда.
НекIсиял наслаби ракIарун руго:
– РухIал кьун цIунараб ЦIор киндай бугеб?

**2.**

Надир-шагь дур цIаралъ цIорозавуна,
ЦIоралда гьесул вац щущазавуна.
Щибаб щобда гьаниб – бидул лъалкI бессун,
БахIарзазул тарих – заназда бикIун.

КIвечIо мун бахъизе хъамалчагIазда,
Нахъруссун рачIарал цIиял боязда.
АнцIгояв вагъана нусида данде,
Апгъаназул аскар гIунтIана тIаде.

ТIубан мун бухIеян букIана амру,
Ракьалда тогеян ахIдана Надир.
Амма мун тIагIинчIо, бухIун лъугIичIо,
Дур дарсаз доб ХицIиб тушман бергьинчIо.

ЧIарлъул аваразул рухIазул мегIер,
ЦIоралъул ракьалъул ссияб тахшагьар,
Гуро, бухIичIо мун, кьерхинчIо гьумер,
Халкъалъул рекIелъ дур бикIун буго цIар.

ЦIоралда цIад бана… Чурулел руго
Чармил бахIарзазул занал къатIрабаз…
Зияраталъ гIалам хьвадулеб буго,
Дур гьунар свинаро тIолго къарнабаз.

## МАГIАРУЛ МАЦI БУКIАГО…

МагIарул мацI букIаго,
МагIарул халкъ букIина.
МагIарул халкъ букIаго,
МагIарул мацI букIина.

БацIцIадаб ицц гIадинаб,
ГIедераб гIор гIадинаб
Авар рагIи, дур къисмат
Буго миллияб къисмат.

Духье бугеб нух къосун,
Мекъи ккарал ратула,
Дуде гьужумал рихьун,
Жеги цIакъ мун бокьула.

МагIарул мацI букIаго,
МагIарул халкъ букIина.
МагIарул халкъ букIаго,
МагIарул мацI букIина.

## РАСАНДИ БУГО ГIУМРУ

Васандулев вуго вас,
Сверухъ щущан буго сас,
РасанкIабазул гохIда
Вуго Юсуп тахида.

Рехула рахъ-рахъалде
Горал, таргIал, даптарал,
Рихъ-рихъун рала кагътал,
Къала дунял каранде…

Дихье бачIана пикру:
Расанди буго гIумру.
Гьелъ гуккулев куц инсан,
Свердулев куц, нух къосун.

## ДИЦА БУХЬУН БУГО РОСУЛЪЕ САПАР

**Дир шигIру бижана, гIуна магIарухъ,**
**Дир шигIру, мугIрузул гьаракьлъун букIа!**
**Кьурулъ бусен лъураб магIарул назму,**
**ГIазизаб ВатIангун цIай дуца хIухьел!**

**ХIикматал суратал паркъула цере,**
**КъвакIарал ракьцоял дандчIвала нухда.**
**Дица бухьун буго росулъе сапар,**
**Дир гIумру – тIогьазде ххарулеб сухъмахъ.**

## ХIАРИБ

**ХIариб, дур къисаби къваридал руго,**
**ХIариб, дур къеркьеялъ хIикмат гьарула.**
**Гьанибин къор гъураб Рекъасул бодуй,**
**Гьанирин гIунарал Тимурил «гьалбал».**

**ХIариб – дир ракьалъул кьварараб каву,**
**Кор боркьарал рагьал хъудана гьанир.**
**ХIариб – Кавказалъул рухIалъул хIуби,**
**БахIарзал куцараб яхIалъул мегIер.**

**ХIариб, кьили лъураб чу гIадин, буго,**
**МагIаруллъиялда борхун квачIид чIун.**

## ГЬАРАДИРИХЪ РОСДАЛ НЕКIСИЯБ МАЖГИТ

**Гьарадирихъ росдал некIсияб мажгит,**
**РакIал сах гьарулеб гьайбатаб кIалгIа.**
**РекIкIарал ганчIазул рухIияб къулгIа,**
**Къарнабаз гьабуна гьаниб гIибадат.**

**ГIумрудулгун хвалил бачIуна хиял,**
**Гьоболлъухъе щвараб бичIчIула дунял.**
**– РачIа хвасарлъизе! – ахIула какилъ. –**
**КантIе! - ян будунас къойил щуцIул нилъ.**

## САЛАМ, ГIАЗДАЛ ХIУЛАБИ…

**ГIазу хIулулеб буго,**
**ХIариб нух къалеб буго,**
**Къаси-къад лъалхъи гьечIо,**
**ХъахIав гьобол щун вуго.**

**ЩинкIун ана роол бакъ,**
**Ракъвана тIамхал, тIугьдул,**
**Игьелдерил ахазде**
**Рехана хъахIаб явлухъ.**

ХIалакун ана рии,
Боржана хасалихълъи,
Нахъ ралагьизе щвечIо,
Рагьда кIетIана хасел.

Салам, гIаздал хIулаби,
ХIеккунел куц нуж кверзукь.

Гъоркьиса таралдаса
Хиси батарабищ дилъ?

Дагьав лъикIлъун ватани,
РекIей рохел щвелаан.
Квешлъи бакIлъун кканани,
Пашманлъи гIемерлъила.

## ХАССАБ ЧИЛЪИ БУГО БЕССУН МАГIАРУХЪ

Хассаб гьогьен буго гьаниб магIарухъ,
Хассаб хинлъи буго нилъер магIарухъ,
Хассаб чилъи буго бессун магIарухъ,
Хассаб къвакIи буго даим магIарухъ.

ГIоралги лъаралги кIалъала гьанир
Нилъер болмацIалда, борхун гьаракьгун;
Кьурда хур бекьула, тIалда пихъ бала,
Панаял кьурабалъ цIумал рещтIуна.

РекIелъ цо кIудияб асар тIирщула,
ГIагарал щобазда бер кIутIарабго.
ТIадагьаб, гIисинаб хIурлъун тIагIуна,
ТIадегIанал мугIруз квер босарабго.

## КЬУРАРАЛ СУХЪМАХЪАЛ, НЕКIСИЯЛ НОХЪАЛ...

Пашманлъигун рохел жубараб асар
РещтIуна каранда, росулъе щведал.
Дир гIагарал щобал, хириял гьурмал…
Росдал хабал цIурал дунял тун арал.

Авалги ахирги бокьила гьаниб.
Аллагьас ВатIанлъун дие кьураб ракь.
Кьурарал сухъмахъал, некIсиял нохъал,
Хъала тIогьиб бугеб ТIохмугIрул рагIал…

Рецулел харинал, лъилъулел хурзал,
Гьарзаяб бачIиналъ хIалигъараб мегъ.
Багъула пикрабалъ лъимерлъидул гIуж,
ГIетIуд восун, хIалтIулъ тIерхьарал сонал.

Сабурай кIодогун вецарулаго,
Цо нухалда дирго къотIараб килищ…
ТIасияб росулъе яхъана кIодо,
Доб гIанчIлъи лъугIана дир рекIелъаги…

Руго пикрабазул чIваби гьарулел,
Гьанир харицелалъ рахъулел гIадин…
ГIураб росулъ гIумру борцунеб буго,
Бергьинадай лъикIлъи цIадирабазда?

## МАГIАРДА ТIОКIКIАРАБ ИЦЦ…

…Гьимулеб буго лъимер,
Цаби гьечIеб кIал рагьун.
Гьелдаса ракI бохараб
ЛахIзат дида лъаларо.

Гьимулеб буго лъимер,
Цаби гьечIеб кIал рагьун,
Гьелъул гьитIинлъи буго
Дунялалъул кIодолъи.

Дие гьимулеб буго
Beралги кунчIун, гьумер.
МагIарда тIокIкIараб иц
Щолеб буго ракIалде.

## БЕКЕРУЛЕБ БУГО КЬУРУЛ ГIУС ДАНДЕ…

Рихьула мугIрузул гьурмал цIидасан,
Дий кверал хьвагIула накIкIил гъутIбуца.
ВатIаналъул зобалъ гьурщула кунчIи,
Щварал гIораз гучаб бачуна бакъан.

МагIаруллъи буго дида хурхунеб,
Нух буго, урхъараб, дихъе бачIунеб,
Бекерулеб буго кьурул гIус данде,
Кьолеб буго салам дий гIураб ракьалъ.

## РАХЧИРУКЪ

Лъимерлъи рогьараб ракьалъ ахIула,
Араб гIасруялъул лъалкIаз цIехола.
Гьале берда цере ТIохмегIералъул
ТIалаби, гIураби, кьурул сухъмахъал.

…Сверанщинал сонал… Сон гурищ росулъ
Рахчирукъ хIалаго, къоял тIамурал.
ТIаде къулун бугеб ТIохмегIералъул
Гъалараб тIагъриде гъолаан дир ракI.

Рахчирухъ батана гьаб тIолго гIумру,
ГIомо гирунилан, гIужде щолареб…
Руго ралагьулел ритIухълъи, иyхI,
Руго ралагьулел гIаданлъи, лъикIлъи…

# МагIарул халкъ, дур ругьнал руго рекIелъ ссудулел

## ГIОЛОХЪАНЛЪИГИ ГЪУНАРГИ ЦОЛЪАРАВ ШАГIИР

### Гъадинал, кьурулъ кьабурал магIал гIадал, кьварарал ва ритIухъал рагIабаз магIарулазе асар гьабизе буго

Аваразул адабияталъул цIияб гIелалъул, къоло цоабилеб къарнуялъул къебелъухъ лъадаризе лъугьараб цIияб поэзиялъул гIолохъанав ва гьунар бугев вакиллъун ккола Гумбет районалъул Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ гьавурав ва гIурав ГIизудинов ХIамзат.

ХIамзатил шигIрияб нухалъухъ дун цевегоялдаса нахъе валагьун ва халккун вуго. Гьесул кучIдуз дир къойидаса къойиде ракI боххизабулеб буго:

**КечI угьулеб буго магIарул мацIалъ,**
**МугIрузда бижараб бихьинаб мацIалъ.**
**ЦIабуцIун бачIана гьеб ссияб калам,**
**СогIал кьурабазул гIинтIидул тIегьлъун.**

Гьаб ункъжугьаялда жаниб, ункъабго бокIон битIараб къагIидаялъ, шагIирас рагьун буго жиндирго шигIрияб гIумруялъул гIамал, «согIал кьурабазулъ гIинтIидул тIегьлъун» лъугьараб кочIол букIуна жиндирго гьуинаб махIги, рухIияб бахIарчилъиги, чилъиги, берцинлъиги борцунеб магIарул кьерги. Буго гьеб ХIамзатил кучIдузулъ. Гьес аваразул поэзиялда камил гьабулеб буго ГIабасил МахIамадица борхалъуде бахинабураб рифма, кIочон толеб гьечIо кочIол бакънал камиллъизе щибаб жугьаялъ жугьаялъухъе кьолеб, цIумур гIадин зваргъулеб, магIарул кочIол, цохIо гьелъие хасиятаб, жанисеб гьаракь.

Пикру гьечIеб, магIна гьечIеб кечI магIарулазе бокьуларо. ХIамзатил кучIдузулъ батула магIарухълъиги магIнаги:

**Вуго дун херавги гIолохъанавги,**
**Вуго талихIавги талихI къаравги.**
**Халикъас кьун бугеб гIумру ракьалда -**
**ГIажаибаб къудрат батана дида.**

ГIумруялъе мун вокьизе ккани, дуе гIумруги бокьизе ккола. Ракьалъул нухал, гIумруялъул свераби, соназул сухъмахъал шагIирасул рекIелъан ине ккола, гьеб бичIчIулеб буго шагIир ГIизудиновасда:

**Къалам ккураб дир квер соролеб буго –**
**ГIассилъи гIумрудул, гIинкълъи халкъалъул.**

**Къо иналде гIадан вукъулев вуго –**
**Къец, ццин унго киса гьаб гIаламалъул.**
**ГIадамасе кьураб рокьогIанаб ригь**
**Бегьиларищ тезе, гIадамас гIадин.**
**ГIакълу дунялалда данде чIвалеб мигь,**
**Бегьилищ рукIине нилъ, вацал гIадин!**

Гьаб рекIел ахIиялъулъ дида бихьула шагIирасул жакъасеб ва букIинесеб кочIол къисмат, рагIула гIасруялъул гIассилъи бигьа гьабизе кIетIолеб кочIол сагIтил гьаракь.

ГIолохъанлъи – гьеб буго хIалхьи гьечIолъи, гьалдей, даимаб эркенлъи; улкаялъул, ВатIаналъул ритIухълъи цIунизе гIоло цIадаве кIанцIизе бугеб таваккал; бухIулеб рухIалъ кьолеб талихI; тамихIги хвелги ракIалдецин щолареб щулалъи.

ГIолохъанлъи буго гIолохъанлъи. Такрарлъи гьечIеб къуват буго гьелъулъ. Гьеб къуват кочIолъ тезе ккола.

Амма гьеб кинабго рухIалда бараб буго.

**РухIияб гьечIони нилъер берцинлъи,**
**БатIияб берцинлъи – берцинлъи гуро.**
**РухIияб гьечIони нилъер бечелъи,**
**БатIияб бечелъи – бечелъи гуро.**

Гьаб буго цIакъ битIараб пикру. Пикру битIараб мехалъ, гIумруги битIула, пикру гьетIараб мехалъ, гIумруги гьетIула.

ГIизудиновасул гIемерисел кучIдул рухьарал руго гIагараб росдада, эбелалда, аваразул халкъалда, Дагъистаналда.

Жиндаго лъалеб, жиндиего хирияб, жиндиего бокьулеб ракьалъул асарги, аслиял пикраби роржине ругел рорхатал зобалги жиндиего кьураб заманагун цолъизаризе хIаракат бахъулеб буго ХIамзатица. Гьебги ккола лъикIаб рахъ:

**ГIагараб ракь бокьи буго хIакъаб парз,**
**Жакъа нилъедасан гьабула гьелъ гIарз:**
**– Зазилъ къан, чIунтизе инсухълъиги тун,**
**Аварал щай унел апарагаллъун?**

Гьадинал суалазе жавабал ралагьизе шагIир лъугьин ккола гьесие гьунар гIадада кьун гьечIолъиялъул гIаламатлъун.

Дургоялдаса ВатIаналъул пикру цебе гьабулеб бугони, гIумру гIадада унаро.

Расул ХIамзатовас абулаан эбелалъул хIакъалъулъ кечI хъвачIел шагIирзабазда жив гIажаиблъулилан ва гурхIулилан.

Дунги гьезда гIажаиблъула ва гурхIула. Амма эбелалъул хIакъалъулъ кечI бищун лъикIаб букIине ккола, цо дуца гурони хъвачIеб ва хъвалареб гIадаб:

**Къварилъуге, эбел, гьаб бакъул дунял**
**Дур магIил къатIрадул багьаяб гьечIо.**
**Гьодорал ишазул, гIиссинлъабазул,**
**ГIазизай, бицунге, кверги хьвагIун, те.**

«Эбелалъул магIил къатIраялъул багьаяб гьечIеб» дунялалда даим тIолеб биги бугони, гьодорал, хIалихьатал, нахъегIанал, гIадан гIодовегIан гьавулел, гIумру чIунтизарулел ишалги ругони, кинаб хIалхьиха шагIирасул рекIее букIинеб? ХIалхьи гьечIого хIалтIулеб пикру буго ХIамзат ГIизудиновасул поэмабазулги.

Гьаб тIехьалда лъун руго гьесул «Хоспис», «Ханзаби рагъула – халкъал гъурула», «ТIохмегIер», «АварpухI», «Тахшагьи» абурал поэмаби. Поэма цIакъ захIматаб шигIрияб жанр буго. Амма ГIизудиновасда кIун руго данде ракIаризе, рукIалиде ккезаризе жиндирго поэмаби. Гьебги гьунаралъул цоги гIаламат ккола. Жакъа кIудиял асарал цIалулареб мехалъ, гьел цIализе цIалдолев тIамизе кIвейги кIудияб иш буго. ХIамзатил шигIрияб дунял гIатIилъун буго гьел поэмабазулъ, дунялалъул унтуца унтун, батIи-батIиял халкъазул къисматалъ къан ккун вуго шагIир:

**НекIо греказул гIакъилал мифал**
**Жакъа данде ккола гьал мафияздa:**
**«Олимпалда» ругел «падишагьазда»**
**Гьоркьор ккарал къецаз лъугьуна рагъал.**

Гьадинал, кьурулъ кьабурал магIал гIадал, кьварарал ва ритIухъал рагIабаз магIарулазе асар гьабизе буго.

МагIарул бацIцIадаб иццул тIагIамги, тIабигIаталъ кьураб гьунаралъул кунчIиги, кинидахъ кочIол гIадатлъиги, гIадамал ричIчIараб гIакъиллъиги, къарнуялъул къваридал дарсазул даимаб магIнаги босарал асарал руго цо батIияб цIилъиги цIияб гIумруялъул гьаракьги бугеб шагIирасул гьаб тIехьалда.

Цин хинлъун, цин цIорон, цIалеб гьесул кочIол хIухьелалъул хIалхьи гьечIеб гьаракьалъ цIалдолезулги ракIел кIутIи хехлъизабула, халкъалъулги, къарнуялъулги, заманалъулги пикру гьабизе тIамула. Дида ракIалде ккола ХIамзат ГIизудиновас нилъер поэзиялда цIияб тIамач хъвазе ва тезе бугилан – гьелъие гьесул гIолохъанлъиги гьунарги буго.

Нух битIаги, тавпикъ кьеги!

*МухIамад АХIМАДОВ,*
*Дагъистаналъул халкъияв шагIир*

## «ХІАРИГАБУРЛЪУХЪ» ТІЕХЬАЛДА ТІАСАН ПИКРАБИ

### ХІамзат ГІизудиновасул шигІрияб сухъмахъ

ГІагараб халкъалъул адабияталъулъ, хасго поэзиялъулъ лъикІаланго кІудияб лъалкІ тарав ва хадубккунги гьеб цебетІезабиялъе ТІадегІанасдаса насиблъараб пагьму-гьунарги бажари-махщелги жиндир щибаб шигІрияб асаралъулъ загьирлъулел ругев ХІамзат ГІизудиновасул «ХІаригабурлъухъ» тІехь цІалидал, дир рекІелъ щулалъана цо дун хІикмалъизавураб пикру. Кинабилан гьикъани, гьев гьедун вугилан ккола, лъицаниги цебеккун бокъараб сухъмахъалдасан гали тІамиларилан, меседил кьили лъун, лъицаниги кьолон жиндихъе бачІараб чодаги рекІинарилан, чияр гъасда бакараб цІадухъги кІусиларилан.

ГІадатго абуни, гьесие хІажалъулеб буго чияр дарсаздаса рикІкІалъараб, чияр асаралдаса хвасарлъараб, чияр хатІалдаса батІалъараб хаслъи, тІубанго «жиндирголъи».

Гьел дир рагІаби ритІухълъуледухъ гІуцІун буго ГІизудинов ХІамзатица гьаб тІехьги. ТІехьалъул байбихьудаго чанго гьумералда кьун буго «ЦеберагІиялъул бакІалда» абун цІар лъураб ва «Автор» абун ахиралдаги хъвараб хІикматаб абун тезе ккараб текст. Дида лъалеб гьечІо, гьедин хІикматабин абун тани гурони, цогидал рагІабаздалъун гьелъул хІакъалъулъ кин бицинебали. Дица гьаб гІумруялде вахинегІан цІалараб цониги тІехьалда авторасул рахъалдасан гьединаб цеберагІи дида бихьичІо.

ХІакъикъаталдаги кІудияб ва камилаб махщалида гьениб цолъун буго прозаги поэзияги, бикьун буго жинди-жиндие дандекколеб цІар лъураб цІакъго гІисиналги ва цІикІкІаралги бутІабазде. Гьеб тексталъ дир рекІее гьабураб, гьадинабгийищ букІунебилан ккараб гІажаибаб асаралъ тІамулев вуго дун «Дур кьурабаз куцана» абураб ахирисеб бутІа тІубанго гьаниб кьезе:

<table>
<tr><td>Гьарадирихъ – дир росу,<br>Гьарадирихъ – гІураб ракь.<br>Макьилъ гІемерав щола<br>Гьанже духъе гьоболлъухъ.</td><td>Дур ганчІаз дарсал кьуна,<br>Дур мугІруз чаран лъуна,<br>Дур лъараз гІумру лъана,<br>Дур кьурабаз куцана.</td></tr>
<tr><td>Гьабуге дуца гІайиб,<br>Дир къоял къватІир ругин,<br>Дур къватІал кІочон тараб<br>Къо букІинчІо кидаго.</td><td>Керчаб дур рохьор ругел<br>НакІкІигъутІбуз малъана.<br>Борхатаб ТІохмегІералъ<br>Тарих дие рагьана.</td></tr>
</table>

ТIехь бикьун буго кIиго кIудияб бутIаялде: «КучIдул» ва «Поэмаби». Авторас тIехьалъул «КучIдул» бутIаялде росарал шигIриял асаразе къимат кьезе къалам кодобе босидал, ракIалде щвана кидаялиго цIалун букIараб, 1963 соналдаго «БагIараб байрахъ» газеталда бахъараб, доб заманалда гьеб газеталъул литературияв хIалтIухъанлъун вукIарав ГIумар-ХIажи Шахтамановасул «Редакциялде рачIарал кучIдул» абураб макъалаялдаса гьадинал рагIаби: «Инсанасул хIалтIиги, къисматги, рохелги, къварилъиги рехсон тей – гьеб кечI гуро. КочIолъ гьеб кинабго пасихIаб, гъваридаб пикруялдалъун, сипат-сураталдалъун бихьизабизе ккола».

Макъалаялъул авторас мисалалъе босун букIана Фазу ГIалиевалъул кочIолъа ункъо мухъ:

**МугIрул карандаса чваххун бачIунеб**
**Чабхил лъар босана ясалъ кодобе.**
**Халатаб, гIатIидаб мащуялъусан**
**Майилан гьекъезе кьуна гъутIбузе.**

Ясалъ лъар рахънибе тIамунин ва ах лъалъанин абун тарабани, гьеб каламалъулъ кочIое хасиятаб пасихIлъи букIунароан. Гьелъул магIна ккола поэтас сипат-суратаздалъун гьабизе кколин пикруян абураб.

Ингилисазул хъвадарухъан Элиотица абун буго: «Киналго рагIабазда куркьбал рукIуна, амма кидаго гуро нилъее бокьаралъуре гьел роржунел». Жиндие бокьаралъуре магIарул рагIаби роржинаризе гуребги, жиндир рекIел чIвабзазул хасал бакъназда гъоркь хасго шигIрабазулъ гьел кьурдизаризеги, хIатта кьуркьудизаризеги гIураб махщел ГIизудинов ХIамзатил букIин якъинлъулеб буго гьаб тIехьалде гъорлъе рачарал гIемерисел кучIдуздасан.

Мисалалъе рехсезе дандекколеб буго «ЧIвадарухъан» абураб лъабго бутIаялде бикьараб щуго куплеталъул кечI:

**I**

**Наркотик сунтIарав, сунтIлъун мехтарав,**
**ВачIана гIолилав къаси рокъове.**
**Гьесул чохьол эбел, богол какги бан,**
**Какикьжоялдаго лъалхъун йигоан.**

**Буго авар мацIалъ дугIа гьабулеб**
**Гьай херай эбелалъ: «Дир вас цIуне!» – ян.**
**Суждаялдаги чIун, буго гьарулеб,**
**Гьардарав БетIергьан, вас лъикI хьихьеян.**

Гьаниб «наркотик сунтIарав, сунтIлъун мехтарав» вас сардилъ рокъове вачIиндал, гьесул чохьол эбелалда бугеб хIалалъул бицунаго, ццидалъ цоцазулъ кьуркьудизе байбихьун буго кочIолъе росарал рагIабаз.

Гьезул кьуркьуди жеги хIалуцунеб буго, хадусеб бутIаялда чIвадарухъанасул гIасияб сипат жидеца загьир гьабизе ккедал.

**II**

**Наркотик сунтIарав, сунтIлъун мехтарав,**
**ВачIана гIолилав къаси рокъове.**
**Гьес цебе батараб щущазабуна,**
**ХIарщул цIурал хьитаз хIужра мерхьана.**

**Чохьол эбелалъул какикьжоялде**
**Инжит тударана гIоркьилав тIаде.**
**ДугIадуй ритIарал кверал къотIана,**
**Вас цIуни гьарулеб кIал бидул цIуна.**

Цо кочIолъ тIубанго батIи-батIиял пикраби кьуркьудизаризеги махщел щун буго гьаб тIехьалъул авторасе. Диниял асаразде гьоркьобе унеб «Халват» кечI босилин гьелъие мисаллъун:

**Авалаб куплет:**
**НуцIагун гордал къана,**
**Рукъ рукъалда релълъана.**
**Къирарал берцинго гьел –**
**Цо лъугьараб узданлъи.**

Хадусеб:
**Дваргъан цебе нуцIа къан,**
**КъватIиб хутIана илбис.**
**Жаниб борчIизе бокьун,**
**НуцIикь кколеб букIана.**

Лъабабилеб:
**Квер хьвагIун, къватIиб тана**
**КъватIул чорокаб дунял.**
**Дун какалде вуссана,**
**Сири черхалда бана.**

Ункъабилеб:
**Халват рукълъун къалъана**
**Къваридабго дир свери,**
**Къуръан кодой босана.**
**Квешлъи рекIелъа ана.**

Щуабилеб, ахирисеб:
**Бальголъигун, хIикматгун,**
**ХIайранго кечI бачIана.**
**Кин дун гьадин кватIарав,**
**ТIекълъи къезе гьабизе.**

Гьадиналгийищ рукIунел абун ракIалде кколел, цогидазул поэзиялъулъ гIемерго дандчIвачIел гIадинал, гьайбатал, хIикматал, камилал ва пасихIал сипатаздалъун бечедал кучIдулги дандчIвалел руго Гьарадирихъа шагIирасул гьаб тIехьалда.

Гьанибги ракIалде щвана ингилисазул цогидав машгьурав хъвадарухъан Ордос Хакслица гIолохъанал шагIирзабазе кьураб гьадинаб гIакълуги: «Улбузе жидерго лъималги ва лъималазе жидерго улбулги рокьулеблъи якъинаб жо буго. Амма гьеб баянаб, кIудияб пикру гьедун кочIолъ ахIулеб бугони, цIалдолев божуларо, гьев щакдаризе тIамула».

Гьелдаго релълъун, гIумру хехго унеб бугин, херлъулев вугин, ботIрода хъахIаб рас гIемерлъулеб бугин, хвел гIагарлъулеб бугин шагIир пашманго кочIолъ чIечIого гаргадулев вугони, гьел рагIабаздасан пашманлъиялъул махIго чIаларо кечI цIаларасда.

Гьелъул дица бицана, ХIамзат ГIизудиновасул «Цоги хасел буго щун магIарухъе…» кочIолъа лъабго куплет гьаниб мисалалъе бачине бокьун:

**Цоги хасел буго щун магIарухъе,**
**Йохъ, гьеб щун батизе рес гьечIо дихъе!**
**ХъахIаб гIазу буго хьепун чIун сверухъ,**
**Хьепун чIа. Амма дир расулъ хъваге мухъ.**

**Доле гІазу балеб. ХІурулгІиналлъун**
**ХІеренго роржунел руго хІулаби.**
**Бай абе ракьалде гІазу регьеллъун,**
**Гьелъ лъалъазе руго ихдал гІураби.**

**Гьале, анлъго гьоркьоб тун, ахирисеб куплетги:**

**МагІарухъе цоги хасел буго щун,**
**Щва абе. Гьелъ дие гьабичІо асар.**
**Амма хІакъикъияб хасалиде дун**
**Гьаб хаселалъ жеги гьавуна гІагар.**

Халгьабе гьал мухъазулъ чан батІияб хаслъи бугебали: цо-цо мухъал кІийиде рикьи, расулъ мухъ хъвагейин аби, гІазул хІулаби хІурулгІиназда релълъине гьари, херлъи – гьеб хІакъикъияб хасел букІин бичІчІизаби. «Цоги хасел буго щун магІарухъе» мухъ такрар гьабулаго, гьелда жанир ругел рагІабазул тартибгицин хисизабун буго.

«КучІдул» бутІаялде гьоркьоре тІехьалъул авторас росарал асаразул темабазул суалалде кІвар кьуни, гьеб байбихьулеб буго рахьдал мацІалъул хІакъалъулъ ругел, «МацІ билизе тани, билула миллат» абун гІаммаб цІар лъураб кучІдузул тІелалдасан. Гьеб тІелалда ругел кучІдул цІалидал, дир рекІее цІикІкІараб асар гьабурал мухъал гьанир цІалдолезеги баян гьарилин:

**1. Нус-нус сонал рихьараб,**
**ГІемер гІасраби лъараб**
**Авар калам рагІана**
**ГІундузда бищун цебе.**

**Цинги магІарул мацІалъ**
**Дунял кІалъана дида.**
**Дий нилъер рагІудалъун**
**Рогьалилъ бакъ баккана.**

**2. ГІали-хІажи, МахІмуд, ХІамзатгун Расул –**
**Авар миллаталъул шигІриял нартал…**
**Дир росулъ, дир рекІелъ, дир пикрабазулъ**
**Кидаго мун буго, магІарул калам!**

Расулиде хитІаб гьабун хъварал гьал мухъазги жавгьаралъ гІадинаб кунчІи кьолеб буго жугьабазе, жаниб кІудияб магІнаги буго:

**– Расул, цІидасанги авар мацІалда**
**ЦІукІаял лотабаз лъазабуна рагъ.**
**РухІияб хазина, цІа гъун, бухІилин,**
**ЯхІалъ рехун тарал хІапдолел руго.**

**Хирияб авар мацI, миллияб чIухIи,**
**ЧIахI бижун, чIунтизе теян ахIдола.**
**МахIмудил хIухьелги ХIамзатил жулги**
**Жакъасел гIелазе рикIкIалъун руго.**

**Бук1аниги, божи кIетIола рекIелъ:**
**КIудияб миллаталъ кIодолъи кквелин!**
**Кавказалъул каву даим цIунараб**
**ЦIар араб авар халкъ къун тIагIинарин.**

Хадусеб тIелалъе авторас кьун буго «Дица бухьун буго росулъе сапар» абураб гIаммаб бетIер. Гьенире росарал асаразул аслияб тема буго гIагараб росу, гьелъул сверухълъи, жиндирго гIагарлъи, гIазизаб магIаруллъи. Гьай-гьай, гьел кучIдузульги руго тIехьалъул авторасе хасиятаб хIикматаб пасихIлъи, гъваридаб гIакъиллъи, гIагарабщиналдехун рекIел гIащикълъи.

Мисалазул рахас халалъилаледухъ, гьаниб гъоркьехун тIубанго кьолеб буго «Зодиб бараб хъала» абураб гIажаибаб цIар лъураб кечI:

**Дун гIураб росулъе нухда унелъул,**
**ГIандисес абунин рагIана бицен,**
**Бичасде гIагарде щолел ратилин,**
**РагIал бихьуларин гьал сверабазул.**

**Щибаб росу – хъала, хасаб пачалихъ –**
**ХатI гьедин букIана некIо магIарухъ,**
**Щибаб росу – шагьар, эркенал васал,**
**Греказул гIадал мугIрул полисал.**

**Рес гьечIин зобазда гьундул разеян**
**РагIи батун буго цо-цо халкъазул.**
**МагIарулаз хъулби хъахIилаб зодихъ**
**Хъинсазда сусана, цIумазда цадахъ.**

«Рахчирукъ» тIелалде гьоркьоре унел руго лъималазе ва лъималазул хIакъалъулъ хъварал шигIриял асарал. ГьитIичазе сайигъат гьарурazульги шагIирасда батула гIадамасул гIумруялъул магIна жанибе бачараб гIакъилаб философия загьир гьабизе рес. Гьале гьелъие мисаллъун бачине бегьулеб «Рахчирукъ» кечIалдаса микьго мухъ:

**…Сверанщинал сонал... Сон гурищ росулъ,**
**Рахчирукъ хIалаго, къоял тIамурал.**
**ТIаде къулун бугеб ТIохмегIералъул**
**Гъалараб тIагъриде гъолаан дир ракI.**

**Рахчирукъ батана тIолго гьаб гIумру,**
**ГIомо гирунилан, гIужде щолареб…**
**Руго ралагьулел ритIухълъи, ияхI,**
**Руго ралагьулел гIаданлъи, лъикIлъи…**

«КучIдул» бутIаялда тIехьалъул авторас лъун ругел шигIриял асаразул магIнаялдеги, гIуцIиялдеги, хаслъиялдеги кIвар кьун цевехун унаго, иргадулаблъун лъугьана «Болдиноялде нухда». Бокьана байбихьулаб кIиго куплеталъулгун цIалдолезул лъай-хъвай гьабизе:

**Болдиноялде нухда**
**Хергун чIахI бижиларо.**
**БукIа щибаб халкъалъул**
**Хасаб кочIол Болдино!**

**БолмацI – авар Болдино,**
**МагIарул Бородино,**
**РухIияб тахшагьарги,**
**Ахир гьечIеб къеркьейги.**

Гьеб тIелалде гъорлъе шагIирас босун буго гIурусазул цIар рагIарав хъвадарухъан, дунялалдаго машгьурлъараб «Сасараб Дон» романалъул автор Михаил Шолоховасул бицараб, ункъо гIисинал бутIабаздасан гIуцIараб гIезегIанго кIудияб кечI – «Шолоховасул район». Гьале гьелъул ахирисеб микьго мухъ:

**РитIухълъигун хIакъикъат**
**Халкъалъе якъин гьабун,**
**Къимат тIокIаб ирсги тун,**
**Ана думалъ Шолохов.**

**ХутIана гьесул район –**
**Адабияталъул ах.**
**Ахир гьелъие гьечIо,**
**ЧIаго инсан вукIаго.**

Гьелдаго рекIинарун лъун руго Инхоса ГIали-хIажи, ХъахIабросулъа МахIмуд, Муи, ЦIадаса ХIамзат, ХIамзатил Расул ракIалде щвезарулел, гьединго шигIру-назмуялда хурхарал цогидал кучIдул. Амма гьаниб рехсечIого гIоларо ГIизудинов ХIамзатил шигIрияб хаслъи бецIаб накIкI гIанлъун баккулеб багIараб бакъул къалъи гIадин загьирлъулеб «ГIолохъанав шагIирасул васигат» кочIол ахир:

**Дидаги лъалаан, щивасда гIадин,**
**Дихъ балагьун хвалил кьогIаб лълъар букIин.**
**Борхана, Чиясе лъикIлъи гьарун, гьеб,**
**ГIумрудулги гьедин гьекъолаан гьеб.**

Хадусеб тIел – «КъанагIатаб тIегь». ХIакъикъаталдаги къанагIатаб тIегьлъун йижун йиго ТIадегIанас чIужугIадан. Вижун ватиларо дуниялалда чIужугIаданалъухъ «гIищкъул накъищ» (гьаб тIехьалдаса рагIаби) жиндир рекIел тIиналда тIубанго бикIичIев шагIир.

ГІисиналги чІахІиялги гІемерал кучІдул ратула нилъеда ХІамзат ГІизудиновасул тІехьалъул гъаб бутІаялдаги. Амма жеги цониги шагІирасул ботІролъ «багъичІеб» гІадаб цІар – «КъанагІатаб тІегь» гьаб тІелалъе лъезе гІакълу гІуниги, гьеб шигІрияб «давлаялъул» къимат гІодобегІанлъилилан, цониги кочІол мухъилъ такрар гьабун гьечІо «къанагІатаб тІегь». Гьелъулъги бихьула гьав шагІирасул поэзиялъул хаслъи.

ТІехьалда буго лъилниги шигІру-назмуялъулъ букІун батиларилан кколеб пикруялъ магІарул шагІирасул рекІелъ рукІел ккураб пикру жиндилъ лъураб «Сороле тІегь» абураб кечІ:

**Шагьаралъул бика – ХІикмат Бичасул,**
**Берцинлъи магІарухъ радал гІужалъул!**
**Жонсокъаб бецІлъиялъ сардилъ гІазаб кьун,**
**ГІодула тІабигІат, щубил магІу тІун.**

**ТІегь батула, нуралъ бер гІорцІулареб,**
**МагІил цІун бералгун, квачан сороле.**
**РакІ судула, ясай, цощинай гьедин,**
**Сардил гудраца ккун, ятилин мунин.**

Гьаб тІехь цІалулаго чан нухалъха дун хІикмалъизавурав шигІрияль сипатал гІуцІизе ГІизудинов ХІамзатил гьунаралъ. Гьале гьаб микьго мухъилъ ругелги: «шагьаралъул бика», «жонсокъаб бецІлъи», «сардилъ гІазаб кьун», «щобил магІу тІун», «сардил гудраца ккун», «квачан сороле тІегь».

Гьанир мисалалъе рачине бегьила «Ункъжугьабазулъа» кІигоябги. Гьезулъ лъун бугеб гІакъилаб пикруялъ дир ракІ сагьвил гьабуна:

**Дида пашманлъидулъ рохел батана,**
**Рохелалда жаниб пашманлъи лъана,**
**Гьаб дуниялалъул гьитІинлъи лъана,**
**Гьелда жаниб бугеб кІодолъи лъана.**

**Нобелил шапакъат дие щваниги,**
**Дур гьимигІан тІокІаб гьечІо шапакъат.**
**Дур гІищкъуялъулги гьимиялъулги**
**Премиязулин дун лауреат…**

Гьале цо микьжугьаги:

**ЦІатари – дун, цІа – мун. Гьаб рокьул гучалъ**
**Дуца вухІулев дун вукІина думалъ.**
**Дун – чирахъ, яс, мун – ток. Бакана канлъи**
**Къисматалъул квералъ. Цо гьелъул къалъи!**

**Гьелъ бецІлъигун квешлъи лъухьулеб буго**
**БитІараб нухдаса беццаб ракьалда.**
**Бакъги моцІги свараб согІаб гІужалда**
**ГІищкъул канлъуца нилъ рачунел руго.**

Гьаниб рифмабазул къанун цIунизе къасд гьабун буго.

«Къарнабалъ бикIила дица дур сипат» абураб хадусеб тIелалда гъорлъги руго лирикиял асарал. Гьезул халгьабулаго, тIаде ккана «КъанагIатаб тIегь» абун цIар лъураб анлъго мухъил кечIалде:

**Гьадинаб гьайбатлъи кинан букIунеб?**
**Гьадинаб бацIцIалъи кинан бижулеб.**
**Жанги ракIги дуца гIажиз гьабуна.**
**ГIумру, мун щвечIони, щайилан ккана.**

**ХIикмалъи кинигин, цо паркъана мун,**
**КъанагIатаб тIегьлъун, цо гьимана мун.**

АнцIила анлъабилеб гIасруялъул Испаниялъул машгьурав драматург, пасихIав шагIир Лопе де Вегаца рокьи ккаразе ирсалъе тун буго гьадинаб байт, ай шигIрияб кIиго мухъ:

Гьоркьоб ральадги лъугьун, кIиго ракI батIалъани,

Рокьи лъугIун унеблъи лъаларев чи вугодай?

Жиндир гIищкъуялъул къваридаб нухда гьединаб къо дандчIвайдал, къалмикье босараблъун бихьулеб буго гьаб тIехьалъул авторас гьеб тIелалъул ахиралда лъураб гьадинаб микьго мухъ:

**Пашманлъугейилан абуна дуца**
**Цо телефоналъул кIалъаялда гъорлъ.**
**Ругъун рекIелъги лъун, рикIкIад мун чIедал,**
**ПашманлъичIого дун кинан вукIинев?**

**РукIкIуна дир къоял, дур гьими камун,**
**Рогьуна дир сардал, дур калам камун.**
**БакIлъулеб буго цIакъ дунял баччун,**
**Чапулеб керенгун дуца рехун тун.**

«МагIарул халкъ, дур ругънал руго рекIелъ ссудулел» абураб тIел байбихьулеб буго гьел рагIаби жиндилъ такрарлъулеб ункъо мухъалдалъун:

**МагIарул халкъ, дур ругънал**
**Руго рекIелъ ссудулел.**
**Дур къеркьей, тарих, рагъал**
**Руго каранлъ угьдулел.**

ХIакъикъаталдаги хадусел кучIдузулъ бицунеб буго Генуса имам Шамилил, Гьонодаса наиб МухIамад-аминил (Асияласул). Амма жеги хадусезул халгьабураб мехалъ, бихьулеб буго гIемерго батIи-батIиял темабазул, хIатта жанразул кучIдуздаса гIуцIун букIин тIехьалъул авторас гьеб тIел.

ХIисаб гьабураб мехалъ, гьеб тIелалда ратулел руго ракI сагьвиллъуледухъ шигIрият сипатаздалъун гIуцIарал асарал. Гьале гьединаб ункъо мухъалъул кечI, «Къоялъул байбихьи»:

**Дагь-дагьккун загьирлъун, гьимана рогьел –**
**Гьобол вугин, бакъалъ битIараб ругьел.**
**Гьоболлъухъ щвезе дун бугин цIакъ гIагар,**
**РачIа дандчIвазеян битIараб чапар.**

Гьанир ругел рифмабазул дуруслъиялъги ракI тIаде цIала.

Жанралъул рахъ босани, ратула басняби: «ГанчIалги роржуна», «Ццулъараб бугъа».

КIиабилеб басняялъул авалабги ахирисебги куплетазулъ батулеб буго басняялъулъ лъезе ХIамзат ГIизудиновас хIадурараб магIна:

Авалаб:

**Ццулъараб бугъица, тIадги бухъардун,**
**ЦIунцIрабазул рукъ-гохI биххизабуна.**
**Хвана гьезул цоял, бугъил щанкIлакь ккун,**
**АскIосел гохIазде цоял лъутана.**

Ахирисеб:

**ГIемер лъикIаб буго гьаб бугъиеги,**
**Бухъарди, бубуй тун, ххарде буссани,**
**Хурзал рекьизеги рихьи цIазеги**
**Гучги цIунун, рохьдолъ ракълида чIани.**

Ункъо мухъилазул гIемеразулъа кIигогIаги гьаниб кьезе бокьана:

* * *

**АсирлъичIо Гъунив Генуса Шамил –**
**Гьесий асирлъана гIурус инарал.**
**Кверде инчIо Гъуниб эркенаб Кавказ –**
**Наку чIвана гьелъий киналго халкъаз.**

* * *

**Абула нахуца карщ холарилан.**
**Хварабщинаб карщха нах гIемерлъиялъ.**
**Абула гьалий бакъ къваригIунарин.**
**Бакъванщинаб гьоло бакъ щвечIолъиялъ.**

«Поэмаби» бутIаялда гьоркьоре унел руго тIубарал поэмабиги цо-цо поэмабазул кескалги. «Басрияб ригь» абураб тIоцебесеб поэмаялъулъ тIолго дуниял басрияб ригьалда релълъараблъун лъугьун бугин абураб пикру загьир гьабулеб буго авторас: «ЦIакъго дагьал ругин гьеб цIи гьабулел, / Гьелда тIаде ругин тIупанал тIолел». Ахиралдаги гьеб пикру жеги камиллъизабулеб буго шигIриял сипатаздалъун:

**Зодил тIох ккун ругел**
**НекIсиял хIубал**
**ХIупруз гIадин кунел**
**Ругин гIадамал.**

**Дунялалъул кьучIал**
**ГIуцIарал ганчIал**
**Ругин гьал гIадамаз**
**Рахъулел хIосаз.**

«Вай, тамаша-хIикмат!» – ан абичIого кин хутIилел, гьел сипатазулъ бугеб пасихIлъиялъухъги, гIакъиллъиялъухъги, камиллъиялъухъги балагьун.

Гьелдаса хадур кьун руго «Хоспис» поэмаялъул кескал.

Байбихьулеб буго философияб пикруялдасан:

**I**

**Хоспис буго дунял. Хвезелъун буго**
**Лъицаго, сунцаго гIумру гьабулеб.**
**Гьедин букIаниги, гьалдола рокьи.**
**Ракьулъ лъезе рукIин кIочонго тола.**

**КIудияб гуреб рукъ. Гьенир – унтарал,**
**Гьезий тIалабалда – сахал унтарал.**
**Ункъо тIала бугеб кьер тIураб мина,**
**БетIерав тохтурги – бищун унтарав.**

Гьенир регаразул цIаралги рехсон, баян гьабулеб буго гьезда бугеб хIал:

**Абакарил ГIали вегун вугеб рукъ**
**Бакъ жаниб речIчIулеб гордогун буго.**
**Валагьула ГIали даим къватIиве,**
**ТIаде гьункьизе гуч ччорбалъ хутIичIев.**

**Дагьав цеве вачун вачIана Андрей,**
**Досул ватIан – Урал, яги Москва,**
**Сакъатлъи гьабилан чIезабун гьечIо,**
**Ярагьунарилан мугьру чIван буго.**

**Гьаракь тIагIун, вачIун индусав Арджун,**
**ГIажизлъун бохдулгун – китаяв Чжо Ли,**
**Щибго бихьуларин – американав,**
**Калифорниялъул колодаса Кейт…**

КIиабилеб кесекалъ цIалдолев цIикIкIун хIикмалъизавила:

**II**

**Дир – анцIила анкьго сон, гьезул цо – хосписалъуб.**
**ХутIарал – азаркьерал больницабахъ, палатахъ.**
**ТалихIаб лъимерлъи дир коляскаялъуб ана,**
**ХIасратаб гIолохъанлъи – хирургасул столалда.**

Машаллагь, ахирисеб куплеталъ паналъизарула, хагазарула:

**Хъудулеб буго жакъа къуватаб гьури къватIиб,**
**ТIолго сверухъалъи буго, гьаракь биччан, гIодулеб.**
**Дирги кIаркьабазда тIад тIирахун буго магIу,**
**ТIабигIат гIодичIони, щив гIодилев, дун хведал.**

1999 соналъул гІасиял лъугьа-бахъиназул чІегІераб лъалкІлъун лъугьун буго «ТІандо, дур къадазда бакъваладай би» абураб поэма. Гьезул хІакъалъулъ гІемераб бицунги хъванги бугелъул, хІакъикъат лъаларев чи къанагІатги ватиларилан ккун, дица гьанир гьеб поэмаялъулъ тарихиял пасихІал дандекквеял, камилал эпитетал, тІадегІанаб даражаялда пайда босараб аллитерация жиделъ жавгьарал гІадин кунчІун ругел мисалал рачун толел руго. Гьезульги загьирлъулеб бугелъул ХІамзат ГІизудиновасул поэзиялъул хаслъи. БатІи-батІиял бутІабаздаса росарал ругелъул, цоцаздаса куплетаздалъун ратІа гьарулелги руго:

**Дир Дагъистаналъул сабурал мугІрул,**
**Нужеца хІехьараб лъица хІехьолеб.**
**АхІулгохІгун Гъуниб букІинчІищ гІолеб,**
**Бекьанин, би тІун, ракь ХІамилгІиналъул.**

**НекІсиял румалги карфагеналги**
**Сицилия бокьун къеркьаралщинал,**
**Жакъа дунялалъул кьалул гІечлъунги**
**Руго Каспиялъул нартил буругъал.**

**Румазул сенатор хъачІго кІалъала:**
**«Карфаген биххизе гьабизе ккола!».**
**Гьеб шагьар кинигин, щущараб ТІандо…**
**Троя, Сталинград – магІарул ТІандо.**

**ТІандо, мун гъанкъана Атлантидалъун,**
**Баренцово ральдалъ «Курск» гамалъун.**
**ВатІан бичаразул хъантІидул ральдалъ,**
**Долларазул лагъзаз ургъараб хьуцІилъ.**

**ЦІилъе абе дур рухІ, амма буго мун**
**Гьаб Дагъистаналъул Хиросималъун,**
**Гъанкъана мун мунагь гьечІезул бидулъ,**
**Доб Помпея гІадин, тІупана ракьулъ.**

ШигІрияб пасихІлъиялъул ТІохмегІерлъун лъугьун бугеб лъабго куплетги мисалалъе босун, гьелда къокълъизабун тела гьединаб цІар лъураб поэмаялъул кесекалъулгун лъай-хъвай гьаби:

**Гьаб аза-азар соназ**
**Зобгун кІалъалеб буго.**
**НакІкІул, бакъул мацІалда**
**Данде гаргадула зоб.**

**Бигъула сардилъ гьалда**
**Зобалъ цІвайилаб юргъан.**
**ЦІакъго рикІкІаде щола**
**МугІрул гъваридаб балай.**

**Бук1уна гьалъул накъит**
**КъутІбудулгун, Загьралгун.**
**Гьабгун гара-чІварула**
**ГІорхъи лъалареб космос.**

МагIарулазул цониги шагIирасул рекIелъе лъугьун батиларо «аварруxI» абураб цIияб жубараб рагIи авар мацIалда бижизабиялъул пикру. Гьаб тIехьалъул автор кантIун вуго авар мацIалъул рагIабазул хазинаялъул гIатIидал хулжазухъ гьединаб рагIиги букIине ккелилан. Гьес хъван буго «АваррухI» абун цIар лъураб кIудияб поэмаги. Гьеб хIикматаб шигIрияб асар къалмикье босиялде гьев гьесизавун вуго гьанже авар миллаталъул бугеб хIалалъ рекIел рахIат хвезабиялъ:

**Гьанже Авармиллат дида бихьула,**
**Параличалъ ккурав нартав гIадинан.**
**ГIемер лугбал махIцун, къотIизе ккола,**
**ХIинкъи буго черхго махIцинин тIубан.**

**Руго гIадамазул ракIал цIакъ унтун,**
**БоцIул къавудаялъ, дуниялго цIун…**
**ЦIоб бугеб ракIгун рухI церего хварал**
**Гьал цо жаназаби, дуниял ккурал.**

**Ракьго хабалазде сверизабурал,**
**Рукъизе хоб, зани жидее щвечIел**
**(РиччачIо ракьалъ гьел жиндир рокъоре,**
**Росилин гIасиял унтаби гъоре).**

«Мазгарул рекIарав бухари тIагърилъ» поэма нилъер тахшагьар МахIачхъалаялъул хIакъалъулъ буго. Амма автор разилъулев гьечIо халкъалъул рухI гьениб букIиналда. Ахиралдаги гьес ахIулеб буго:

**Гуро мун тахшагьар Дагъистаналъул,**
**ХицIибгун АхIулгохI, гIела, ругелъул.**

Гьалдаса хадуб тIехьалда батула «БагIараб тала» поэмаялъул кесек. ЧIегIер ралъдал рагIалда БагIараб Талаялда (Красная Поляна) – «Кавказалъул хобазда къали кьабулеб бугелъул, черкесазул заназда улка кьурдулеб бугелъул»:

**Гьонодаса Аминил**
**Иллагьиял гъазиял,**
**Ругънаца хIал бергьарал,**
**Руго тIаде рахъунел.**

Гьелъ рекIелъ лъураб ругъун гьадинаб суалалдалъун бичIчIизабулеб буго шагIирас:

**– ТIокIаб бакIищ батичIеб**
**Ихтилат-кеп гьабизе,**
**Черкесазул АхIулгохI –**
**БагIараб Тала гуреб?..**

Иргадулаб микьабилеб поэма «ХъахIилзобалъ зонохъ цIалула Къуръан…» шагIирас къалмикье босун буго, мунагьал чураяй жиндирго кIодол рухIалъе дугIа гIадин. Амма гIицIго гьесда гуро кIодо ятIалъи захIмалъун бугеб:

**ГьечIо тIокIалъ кIодо – ч1агояб маргьу,**
**Гьелъий ТIохмегIералъ гьабула къулгьу.**
**Юкъун йиго ракьулъ хIикматай инсан,**
**ХъахIилзобалъ зонохъ цIалула Къуръан.**

**Букъун буго ракьулъ гIаданлъи, намус,**
**МугIрузул ясалъул бахIарчилъи, асс,**
**Букъун буго ракьулъ гIасрудал тарих,**
**Ункъоялда ичIго меседилаб их.**

**Сардилъ цIвабзаз зикру бачуна кIодой,**
**Цебехъанлъи гьабун – тIадегIанаб моцI.**
**Къад бакъуца дугIа гьабула кIодой,**
**Гьелъул бугеб ссияб, пасихIатаб мацI.**

Гьанибги: «Машаллагь!» – илан абичIого кин хутIилев? Рифмабазул дурuслъи бихьуларищ? Балагье, ахиралъулъ лъун бугеб кIудияб магIна:

**Гьаб дуниялалда лъикIлъи батани,**
**Гьелъул гIаламат мун йикIана, кIодо.**
**Гьаб дуниялалда инсан ватани,**
**Мунги гьезул цояй йикIана, кIодо.**

«ГIедегIараб бартичу» поэмаялъул гIуцIиги гIажаибаб буго. Сапаралда цадахъ ккарав нухлулас бицунеб буго жиндирггоги жиндир гIедегIараб чодулги ккараб-таралъул. ХIикматал пикраби херхун руго шагIирас гьесул хабаралъулъ:

**– Чуги дунгоги руго гIетIул ралъдалъ лъедолел.**
**Дида хадуб буго чIух халкъалъеян толелъул.**
**Лъалхье, киб гIедегIараб, гIантаб барти, дир гьудул.**
**Гьадин гIедегIиялъин нилъ нахъа кколел ругел!**

**Ракьалда чIух течIого, телин бан, мисал, къулгIа,**
**Кьечон холел, нилъ гIадал, рагIдукь чIезе аскIоб ах.**
**Амма жеги хIалуцун щанкIлакь кьурдула чабах,**
**Квелъ биччараб чу лъалхъун, эхетуларо кIалгIа.**

Цо чанго мухъалдасан цIализе ккаралъулъги киданиги, лъиданиги ракIалде ккелареб рахьалде сверун батана пикру:

**…Дир рекIел, ботIрол, бартул буго жакъа цо съезд,**
**ГIедегIунищ лъикIилан, лъалхьарунищ щвелелан.**

Поэзиялъул нухдаса сверун, нилъецаго магIна босани, бетIер тIирун чIола хIухьбахъи гьабейилан. «ЧIанда те!» – ян ахIдола ракI. Бартуца жаваб кьола: жиб нужер лагъ бугилан. БотIродаса ракI бергьун, гьал церехун уна. Хадуб ккаралъул бицун, халат гьабиларин, «гIедегIараб бартичуялъул» бетIергьанасул гIакълуялъухъ гIенекке: «ГIедегIуге, кватIуге, кинабго гIужда гьабе».

**Поэмаялъул III бетIералда буго авторасул лъабго мухъ:**
**Таманал малъа-хъваял хъурана дий жеги гьес,**
**Гьесда гIадин, гIумрудулъ бухIа-ссуди бихьичIес,**
**Гьеб дарс дица босичIо. Биччан тараб лъикIаб рес.**

Ахирисеб, анцIабилеб – «ХIаригабурлъухъ». Авторас гьелъие ишара гьабун буго: «ГьитIинаб къиса». Хадубго баян гьабун буго, гьеб бугин «Тимурил бидулаб нух» абураб асаралъул рахасалдаса гIекIилан.

Гьаб гьитIинаб къиса дида релълъун бихьула прозаялдалъун хъвараб поэмаялда. Гьеб бикьун буго цоцазда релълъараб гIадинаб щуго бутIаялде. Гьениса росарал мисалаздасан нужее загьирлъила гIемерисел предложениязулъ шигIрияб пасихIлъи батулеб букIин.

ТIоцебесеб бутIа – «ТIоцебесеб гIанси тIей. Пуй-чIвай». Гьале гьелъул байбихьи: «ГIазул васикIоясде сверун вахъунев вукIана Чанахъан. Гьарзаго балеб гIазу пулеб гьороца хъамулеб букIана. Ссаназдаса бацIцIад гьабун лъухьун, гIурабазда, сиртазда, хъинсазда гIазул рицщатал гIансал гьарулел рукIана гьороца».

Хадубги бицунеб буго радал Хасавюрталдаса къватIиве вахъарав Чанахъан къоялъ гьенив нухда хутIанилан. Машинаялда вачIунев гьесда цадахъ рукIанила гIолохъанал лъимал – 21 сон барав Маххулавги 19 сон барай Меседоги.

Аслияб магIна буго ахирисеб предложениялъулъ: «Тарихалъул мугIалим Чанахъанасда ракIалде щвана гьаб ХIаригабурлъи мегIералда хурхарал къисаби, бицаби, маргьаби. Хех гьавун машинаялъувеги вахун, гIанси тIунгIаги бачIунгегиян палгъан ккарав Чанахъан, лъималгун ва машинагун цадахъ, анлънусидаса цIикIкIун соналъул манзилги тун, XIV гIасруялде, гьабго магIарде ккана».

КIиабилеб бутIа – «КIиабилеб гIанси тIей. Тилмач ХIохьолав». Къокъго бицани, гьал ккола, «чахъаби гIадин, ХIаригабурлъухъ гIунулел Рекъав Тимурил боязда» тIаде.

«ХIикматго ралагьана Чанахъанасухъги лъималазухъги къолдабазулъ, яргъилъ ва гIазу-цIералъулъ тIерхьарал гIадамал… Гьезда гьоркьов вугев тилмачас-магIарулас – ХIохьолас… живго Рекъав Тимурил чIел бугеб бакIалде рачана Чанахъанги лъималги».

Ахирисеб предложение авторасулалдаса хисизабичIого кьолеб буго: «Лъабалго парччахI вугеб рокъоре лъугьиндал, Маххулас XXI гIасруялде жиндирго гьудуласухъе телепоналъ смс хъвана: «Ниж Рекъав Тимурилгун гара-чIвари гьабизехъин руго», – ян.

Лъабабилеб бутIа – «Лъабабилеб гIанси тIей. Хонжролги къалмилги тарих».

Маххул Рекъав абун тIокIцIаралдалъун машгьурлъарав бащдаб дунялалъул кверщелчи Тимур ибн Тарагай Барласица жиндирго рагъулал гьунаразулги росарал бергьенлъабазулги бициндал, гьесие жавабалъе Чанахъаница бицараб аслияблъун лъугьун буго гьаб бутIаялда: «Меседил Ордаялъул хан Тохтамышидаса рецIел боси мурадалда дуца тIуна, лъималазулги, руччабазулги, харабазулги би, рухIана ва щущазаруна мугIрул халкъазул росабиги шагьаралги.

Амма дуца гъураб цIаялъ бухIун лъугIичIо нижер ракь. Дур чабхъадулаз риххизарурал росабиги хъулбиги нижеца цIидасан рана. Мунги дур гIащтIичагIиги гьаниса ана. Гьаб ракьалъул бетIергьаби – ниж хутIана. Кьурабазда ахал гьаризеги хъинсазда хурзал рекьизеги мугIрузул халкъазул гурони гьунар гIоларо!».

Ункъабилеб бутIа – «Ункъабилеб гIанси тIей. Улугбекил мугIалим Каримбей».

Цебесеб бетIералъул ахиралда Чанахъаница абурал рагIаби магIарулалдаса узбек мацIалде руссинаруралго, Тамерланил щцин гьалаглъун, гьес буюрухъ

кьезехъин букӀун буго XXI гӀасруялдаса «гъалбадерил» гарбал къотӀеян. Гъеб мехалъ цеве вачӀун, Улугбекил мугӀалим, Тимурил мирза, гӀакълучи Каримбейица абун буго, гьев тарихалъул мугӀалимасдаса пайда босизе рес бугин, чӀвачӀого тейилан.

Гьениб букӀараб цо рокъоре лъугьиндал, Каримбейица абула жинца нуж Тимурил пачалихъалъул тахшагьар Самаркандалде ахӀулел ругин, яргъил мацӀ гуребги, гӀелмудул мацӀги жидер къираллъиялда тӀибитӀун бугеб куц бихьизе.

Жавабалъе Чанахъаница абула:

– Нужеца гьаб МугӀрузул улкаялда бекьулеб бугеб зулму бичӀчӀулеб гьечӀо нижеда. Щиб лъалеб, Бухаралде ва Самаркандалде щведал, нужер маданият бичӀчӀизе рес буго. Рази вуго дун.

Гьединаб гьуинаб накъиталда гьаб бутӀа тӀараде щвезабун, тӀанкӀ лъун букӀарабани, тӀехьалъул авторасул къалмикьан арабщиналъул хаслъи щвалде щвараблъун лъугьинароан. Хал гьабе ахиралъухъ: «МугӀрул тӀогьиса тӀун бачӀараб иргадулаб гӀансиялъ кӀкӀалал тӀинде рачун ана чияр ракьалда зулму бекьарал Гьоркьохъеб Азиялъул рагъухъаби».

Щуабилеб бутӀа – «Щуабилеб гӀанситӀей. ХӀаригабурлъи кӀалъана». Гьеб бутӀаялъул байбихьиялъги хӀайранлъизарула: «ХӀаригабурлъи гаргадана, кьурабазул ганчӀилал заралги рукъун, багъаранхъдана гьеб. Тимурил рагъухъабазул рас бахъун чӀана, кьертӀуна. Кьураби рихххулеб гӀадаб гьаракьалъ ХӀаригабурлъи мегӀер кӀалъана.

Гьаниб дагьаб гьоркьоб биччан, аслияб авторасулаб пикру кьезе ракӀалде ккана: «Дунги гьаб мугӀрузул улкаги магӀарулазе, гьаб ракьалъул халкъазе рижарал руго. Гьал халкъал МугӀруз кидаго цӀунана ва цӀунизеги руго! Гьез ниж цӀунарабгӀан мехалъ! Нуж тӀубанго гъурун тӀагӀинаризе бокьун батичӀони, рачӀарабго бидулаб нухалъ нахъе ххазабе; лъималги, руччабиги, харабиги чӀварал бидулал квералги росун, нуж МугӀруз тӀад хӀехьоларо!»

Щуябгоги бутӀаялъул хӀасилллъун лъугьун буго гьаб гьитӀинаб къисаялъул, прозаялдалъун хъвараб поэмаялъул ахир: «Доб 1396 сон ракӀалде щведал, гьанжеги согӀлъула мех-мехалъ ХӀариб мегӀер. Гьеб сон гуребги, чанги рихьана гьелда захӀматал мехал… Киналго къисаби гуро ХӀаригабурлъиялъ цӀиял наслабазе рагьулел ругел… Щиб лъалеб, жеги гаргадизе бегьула ХӀаригабурлъи. Гаргадизе бегьула МугӀрузул улкаялъул щибаб мегӀер, кьуру, габурлъи, гамачӀ, си, сухъмахъ».

НекӀсиял греказул философ Аристотелица гӀемерал гӀасрабаз цебе къалмикье росарал рагӀабазда гьоркьоб буго цо гьадинаб байт:

**Нилъер каламалъул камиллъи, къадру –**
**Киназдаго магӀна бичӀчӀулеб букӀин.**

Амма дида гьелдасаги гӀакъилаллъун рихьула «гьаржалъул кӀул батизе кколилан» Инхоса ГӀали-хӀажица абурал рагӀаби. Иншаллагь, магӀарулазда батила ГӀизудинов ХӀамзатил асаразул «гьаржалъул кӀул», цӀикӀкӀараб гъира-шавкъалда цӀалила гьез гьаб тӀехь.

***МУХӀАМАДОВ МухӀамад Ибрагьимович,***
***филологиял гӀелмабазул доктор, профессор***

# Аваразул Шолохов. Муса МухIамадовас 95 сон тIубаялде

**Муса МУХIАМАДОВ**



## ГIУРЧЧИНАБ КВЕРБАЦIЦI

*(Байбихьи – цебесеб номералда)*

* * *

Жиндиеги МахIмудиеги къадеквен босун ячIарай Сиядатил беразда дагъабго пашманлъи бихьана Къасумида. Амма аскIор чагIиги рукIун щибкинали гьикъизе кIвечIо. Гьелъ жий Кьодухъе тукабазде щвезе уней йигилан абидал, дагъалъ гьей тIойитIизе цадахъ ана Къасум.

- Ясалъухъа гIурччинаб квербацIцI кьурулъ хутIун буго. Сон тIад чIван букIараб гьеб, гьороцаги босун ун, Къулараб гIусихъ цо борхалъуда гьенкьелоялда жемун чIун буго. Жакъа, хъахIлъи барабго, хадуй ун йикIана кинго бахъизе кIвечIилан ячIана, гIодилаго. Камалудинасул эбелалъ доб бачIаралдаса моцI тIубазе лъабго къо хутIун буго. Долда релълъараб квербацIцI щвечIони, щибдай гьабила? – абун ургъел бикьана гьелъ гьасдехун.

- Дидани рокъоб щиб къварилъидай кканаян ургъел чIванин, мун йихьидал, квербацIцI сабаблъунищха мун гьедин кьер-мохъ тIун йикIарай? Кьурулъан яс рехарайани хун букIана гурищ кина-щинабго.

- Вай, абуге, Къасум…

- Щай абулареб? Дуцаго бицун бихье, чанцIул дица дуда лъазабураб, бурутI гIадин кьурабалъе хархадизе йиччаге ясан? Ясазул хIалтIийищ магIданал ралагьи бугеб?

- Мунгун дагIбадизе регIун гьечIо, Къасум, дун, - ян абуна Сиядатица. – Гьарай щибдай гьабила гIурччинаб, долдаго релълъараб квербацIцI щвечIони?

- ХъахIилаб чIвайха. Рии гурищ тIаде щолеб бугеб?

- Доз кьураб гурони бегьуларелъулха, дир гъарин.

- БегьичIони, чIвачIого теха. Дун дур квербацIцIазде регIун гьечIо, сордо бихxун нухдаги хIалтIун, свакан холев вуго. Дирго рицIцIил гъотIокь кьижизе ина гьабсагIат…

РицIцIил гъотIода гъоркь тамахаб бусада гъапуллъулев вукIаго, зоб бихъулеб гIадаб кьвагьиялъ тIуркIизавуна Къасум. Гьелдаго тIад цун цойги, жеги цойги бахъана кьвагьи. «ИяхI! Гьазул хехлъи балай, бакъ тIерхьиналде кьвагьи лъуна ЩайтIан кьуруялъул каранда», - абун хъата-масан чакмабазда жанир къазаруна Къасумица хIатIал. Доба кьурда тIасан чIегIераб кIкIуй бахъун унеб бугоан зодихъе.

- ГьадигIан хекко квагьулеб жоян ракIалдего ккечIо, - ян абуна хъалияби рух1улел кьвагьдохъабаздехун Къасумица.

- Гьазул халатаб иш букIунаро; токалъ хIалтIулел хIосал рихьичIищ дуда? – ян жаваб кьуна гьезие гIоло МахIмудица.

- Гьаз нухде бараб гьегъ нахъе базени гIезегIан заман ина, - ян хIунчана Къасумица.

- Бульдозераз гьеб кIиго-лъабго къоялде гIурулъе хъвазе буго, Къасум-даци, дуда ургъел ккоге. ЦIад балеб гьаркьихъе гьанже дуца макьу тезе ккеларо. Дур белалъе хIалтIи дагьлъизе буго.

«Дир белги дунги бадисан раккун руго дуда. Ниж гIодор течIого дудаги макьу щвезехъин гьечIин ккола, - ян жанибго жаваб кьуна Къасумица гIолохъанав техникасе. Цинги гьав довехун вуссана. - Гьал бульдозерални, баркаманал, къуватал жал руго. Балагье дудаго, анцIго жан бугев гIолохъанчияс гъоркь хIосал раниги кьуризабизе кIолареб гамачI гиризабун унеб куц бихьизе! Гьанже гIадамаз жидеего кумекалъе ургъулареб жого гьечIо; цебе гIадаб газа-рахханалда божараб заман букIарабани, лъагIалицаги лъугIилароан дихъан гьаб нухда ккараб гохI битIизабун…ТIадеги кьвагьизе бугебщинаб бакI» - абун гьас надалда кверзул шурунги гьабун, кьурулъе бер щвезабуна. МахIмудица биццанихъе, щуго метралъул манзилалъ кьотIун нахъе босизе ккола гьеб борхатаб ва къвакIараб кьуру. Гьелъул къвакIиялъул бицунел рагIула кьвагьдохъабиги.

- Жакъаяли нилъеда къвакIиго дандчIвачIо. Метер бихьила нужеда кьуруялъул кьвари, - ян гьезул цояс кьурдаса тIураб ганчIида тIад квартIа кIутIана. – Чаран гьецIо буго ЩайтIан кьурул каранлъ. Кього сантиметр гурони сагIаталда жаниб нилъер хIосазда борлъизе кIвеларилан ккола.

- Къаси-къаси хIалтIунги чIезе рес гьечIо; кIиго анкьида жаниб кьуру кьвагьун лъугIизе ккола, - ян абуна МахIмудица.

- Гьо-гьо, - ян абуна цояс. – Гьас кутак гьабуна.

- Гьеб нужер гIаданлъиялда барабги букIинаха, - ян велъана бакъуца боркьун лахI гIадин чIегIерлъараб гьумералъул, виццатав ригь арав кьвагьдохъан. – Курсак боркьизабуни, кьуру нижекьа хIинкъун хIеккун уна¸ амма ракъун ругони, къватIибе кIанцIолеб букIуна хIорс, жиб ккураб рукьалда хIал гьечIеблъи бичIчIун.

- Ракъунги къечонги нижеца нуж теларо. Гурищха, Къасум-даци? – абун

гьасдехун вуссана МахIмуд. Цинги гьас жаваб кьезегIаги чIечIого, тIадеги жубана: - Гьазул хабар хинкIаздасан бихьулин, дун ролъул хъапалда хадув райцентралде вахъун лъикI. Мун вачIинарищ рокъове? – абун гьанжеги Къасумидехун вуссана гьев.

- Дун дагьав хадув вачIина, - ян абуна Къасумица. «Дуца ролъул хъапал росичIониги, гьалбадерие квен гьабизе ханжу тIагIун гьечIо дун. Дагьаб цебе дуца бачIараб хъапги квер хъвачIого буго жеги», - ян абизе гьесулев вукIана гьав. Амма кватIана.

Цинги, рокъове щведал, Сиядатица чIвазе вахъана Къасум:

- ДуцагIаги щай МахIмудида рагIи абулареб; районалде анщинахъе рачIунел консервабиги, ролъул хъапалги гIечIого, тIадежоялъе жакъа гIарацги буго дихъе кьолеб, кьуру кьвагьулел чагIазе дагьаб чIагIа гьабизе чакар босеян. Гьесулги эбелги абурайги йигелъул, гьедин гIадада гIарац хвезабизе бегьулеб жойищ бугеб?

- Босугеха гьесул гIарац, гьедин барахщун ятани, абуралъе сайгъатал росизе те, - ян жаваб кьуна Къасумица. – Кьуру кьвагьун бахъарабго жиндирго райцентралде вахъаян абе, дие гьесул гьаниб щибго хIажат гьечIо.

- Вигь! Гьебгия щиб рагIичIо, Къасум, гьадин нилъгун рекъа-решон, вас гIадин вугев инсанасда нахъе аян абуни, рекъон букIинадай? Дуеги эбел-инсухъан ирсалъе щвараб мина гурелъулха гьаб?

- Дие ирсалъе щвечIониги щиб, дица гьалщинал соназ гIетI тIедал гьаб къачIазеги, гьалда сверун ах гьабизеги. Гьедин дуцаги абизе ккани, дун гьаниса нахъе вахъаянищха киналго ругел, цIалун вахъиналде гьав васасе гьаб минаги тун?

-Гьанисан мун лъицаниги нахъе гъеларев ватила, Къасум, къварилъахъдичIого чIани щибан. Мун аниги, дун унаро гьаниса.

- ИнчIого телищ мун? Яги, Динараги тезаюн, мунго ячеян абеха досда.

- Къасум?!

- Къасум вукIана дун лъабкъоялда щуго сон базегIан. Гьанже гьале къваригIел гьечIев «истарина» лъугьун вуго. Мунгицин йиго дида данде чIун, дица гьаниеги ячун, гIадан лъугьинаюрай гIечIого.

- АллагьасхIа, дир гъарин, Къасум, нусго баркала буго дуе дир гIадан гьаюралъухъ. ГIадада хвелаан дун мун дандчIвачIевани, гьедигIан гIамал мекъав, ракI къваридав!

- РакI бухIун батани, хазабе дурго росулъе, чIорого ратилин инсул рукIарал гьундул.

- Вуя, дир инсуеяли гьундул киса гурин, даим мегIер-гIалахалда гIумру арав вехьасе? Дур инсул хутIарал гьундухъе инарищ дун, ясги цадахъ ячун.

- НагIана батагиха дуда кIалъараб дир кIалалъе, - ян къерщезаруна гьес цаби. – Дир инсул рукъзал дун сабаблъун рухIана ва чияр минаялъусан восана гьев хабалалъе. ГьабсагIатги бадибчIвала росуцояз дида гьеб. Дуцаги чIвана гьеле. ЧIванилан киве дун кIанцIилев, гьаб почихъ гурони гъоркье бетIер бегьизе бакI гьечIев чи.

- Гьалдаса лъикIаб бакI цойги киб букIунеб, Къасум. Дицаги дуда…

- ГIела! – ян чIезаюна гьес лъади. – Дида бичIчIула кинабго. Киназулго

гъира буго дун гьаниса рехизе. Амма рохиларо нуж дунги нахъе ун, - дваргъан нуцIаги къан къватIиве ана Къасум.

Цинги рицIцIигъотIода гъоркь вегарав Къасумида цебеса унеб букIинчIо бихъун нухда ккараб ЩайтIан кьуруялъул сурат. Гьанже гьеб гьедигIанго хIинкъи кьолеблъун ва къуватаблъун бихьулеб букIинчIо гьасда. Циндаго кьурул сурат тIагIун ана. ТIамхазул шуршуриги, доба рокъосан гьорол карачелаз босун бачIунеб лъадулги ясалъулги гIисинаб дагIбаги кIутIана гьасул гIундузда.

- Дуца ургъунго танадай доб бортизеян щакдарулей йиго дун, ШугIайнат. Эбелалда битIун бице, гьедин батани.

- Гьеб гьенибе бортизе течIони, рокъоб гIодобе рехунги тезе кIолаан, эбел, дида. Дица киданиги дуе гьереси бицинчIо.

- БитIарабха, дир яс, хьолбохъ я яц, я эбел йикIинчIо. Гьездехун бикьулебги ургъел дуде бикьана. Дие яцлъунги йикIана мун. Цосинав МахIмуд вачIаралдаса хиса-басанадай мунан хIинкъунха дир ракI…

- ХIинкъуге, эбел, МахIмуд лъикIав вас вуго. Досулги дирги пикрабиги гIемерисел данде ккола. Дидехун бицуна дос жиндирго Динарал хасиятазулцин. Гьание ячIарайго дуца куцайдила, ШугIайнат, аваданлъиялъе. ЦIакъ гIамал мекъай, барщухъан йигилан вуго дов.

- Гьей куцалев вукIинчIого, куцарайго анищанцин ккеладай досда?

- Эбел, - ян абуна ШугIайнатица. – КигIан дов лъикIав вукIаниги, кIвеларо дида досие ине.

- Гьев лъикIавги вукIунев кинав, гьесие инеги кIолареб кин?

- ЛъикIал чагIи чан дуда дандчIварал, дуе абуни дир эмен вокьана, гьагъадигIан ццидалав…

- Гьа, гIелин, юцIцIа, гIураб гьунар гьабунин дуца квербацIцIги кьурулъ тун. Кие щваниги щолеб гьечIо дихъе додинаб квербацIцI.

- Гьебги чIвачIого инаха. Нахъедай дун гьез гьелей?

- Вай, ШугIайнат, щибго бичIчIулеб гьечIо дуда: доба росулъ теялъул гьабилебщинаб магIна! МацIихъабаз цин добе цIан, цин гъобе цIан, сакъис гIадин, чIамила нилъер чIемегIлъи. Хасго ригьнада гьоркьобе рехула гьез ракьа…

«Абухъего, мацIихъаби хъаравуллъи ккун ратула хъизаналдаги, ригьнадаги, гьудул-гьалмагъзабаздаги гьоркьоб мацI гьабизе, - ян пикру гьабуна, гьеб накъит рагIизе гIоло гIинда нахъа кверги лъун, цIодорго рукъалъул гордухъе гIенеккун вукIарав Къасумица. – КвербацIцIги биланин, амма гьеб гьечIониги, дун нужер васасеги ячIунилан ясалъ абураб гIоларогойищ гьаниб бугеб? Узухъда, гIола. Гьеб кверг Iанасеб кверлъеналда бараб жо щибниги гьечIо. ГьечIониги щиб, гьей ячIиналъухъ хъаравуллъи ккун букIунелъул мадугьаллъиги васасул гIагарлъиги. Кверлъен чIван бихьичIеб мехалъ, ургъунго хIалица эбел-инсуца йитIун ятилин, нухда ясалъ кверлъенги квешезе гIодобе рехун батилилан цояз абила, ургъунго гьебги рокъоб тун, васасул гIагарал жойиде гьаричIого гьабулеб жо бугилан цойгидал гаргадила. Гьениб чанги халатаб мацI букIина лълъехьезе хIадурлъун. Кибедайха, унго, гIабдалалъ доб рехана? ДунгIагидай

метер Къулараб гIусихъе гьелда хадув вахъина?.. ГIолохъанаб мехалъги батIаго кьурулъ цIакъав вукIинчIин, хасго гьанже гIусилъе вахун дир жо ккеларо. Метер МахIачхъалаялдехун унев шоферасда тIадкъазе ккела гъобаса босе гьединаб квербацIцI абун… ЧIа, ЩайтIан кьуру кьвагьулеб бугелъул, МахIачхъалаялде гьанже нижер нухдасан машина хьвадуларо гурищ? Халатккун балагьун чIезеги рес гьечIо. Нижер рокъобе квербацIцI бачIаралдаса къоло микьго къо буго. МоцI тIубан нахъисеб къоялъ чIван гьебгун ШугIайнат Камалудинасул дое ине ккола.

ИнчIони, абила, инжит гьарунин жал, кьечIин дица ясан. Батулеб сабаб щибха? Дудаго кIиго рокьо бугеб ххамил кесек сабаблъун тIаде ккараб ургъел бихьуларищ? ТIуба-гъубан букIинаан ясалъул къисмат, лъикIаб къавулъе ккезехъин йигоанин дой…» - абун Къасумги къан бетIерги ккун ургъизе лъугьана. Нахъисеб къоялъ долго тIамхазда даларал щубил гаралги гьекъолаго, рачIун бакъул чIорал тIад чIвазегIан ворчIичIо Къасум. ВорчIидал вихха-хочун гьав сверухъе валагьана. Чурараб ретIел бакъалда тIамулей ШугIайнатги йигоан, горбода газаги бан ахикьехун тIерхьун уней Сиядатги йихьула. Азбаралде кибего бер щвезабуна Къасумица. Гьениб МахIмудил мотоциклет батичIолъи бокьичIо гьасие.

- Гьаб щиб заман, яс? – абун ахIана гьес.

- СагIат анцIго тIубан бугоха, дада.

- Батиларо, гьарин! Огь, бухIугеяб дунял, сурана дун жакъа. СагIат анцIго тIубазегIан кьижизе ккани, доба кьвагьулеб кьуруги тун! ДуцагIаги щай дун ворчIизавичIев?

- Дица гьавизехъин вукIана, МахIмудица виччачIо, цебесеб къоялъ анцIго къоялъе гIураб хIалтIи гьабунила гьес, хIухьбахъизе тедила абун.

- ЦIакъ тIаде босун буго цIияв техникас дир хIухьбахъиялъул иш, - абун ретIел ретIизе жувана гьав. – Хехлъи гьабун дадае чIама-къамизе жо босе, дун нухде гIедегIун вугин…

«АнцIго тIубазегIан кьижизе кканиха ле, - ян гъоркье белги биччан, бахаралъубе рехун ана Къасумица нухда бараб гIакдал рак. – ТIокIав вачIаха цо гьанисан», - абун вехьасдеги семулаго. ЩайтIан кьурулъехун валагьун унев вукIана гьав.

* * *

«БахIаралъ рукъ гIадин, бацIцIун, цIвакизабун букIине бокьула Къасумие нух, - ан рецц гьабулаан цебе Гьудайнатица гьасие. Абухъего, нухлул дагьабниги жагъаллъараб бакI бихьани, гьеб къачIачIого рокъове ун макьу щолароан мастIерасде. Гьелъин гьасул участкаялда байбихьулаб бакIалдасан нух батIа бахъизе лъалеб букIарабги.

«РоцIцIараб, бацIцIадаб рекIее батIияб рахIат, батIияб чIаголъи букIуна. ЛъикIал, ритIарал нухаздасан ине шоферасулги анищ букIуна. Инсанасул бащдаб гIумру нухазда, сапаразда уна, биччанте гьесул ракI авадан гьабизе, сапаралъул ургъел бигьа гьабизе нухлул лъикIлъиялъ», - абун кколаан Къасумида, бакъукьги гIазукьги шагьра къотIун вачIунаго. Гьеб рахъалъ МахIмудида ракI рекъолаан гьасул. ГIолохъанав техникас

жиндица ретIунеб ратIлилги, рекIунеб мотоциклеталъулги ва жиндица хъулухъ гьабулеб гьаб нухлулги адаб гьабулаан. КъасумидагIанги хIехьезе кIолароан гьесдаги нухлул гIунгутIаби: гьеб ччукIун бихьаниги, - кIутIун гьеб къачIазе вортулаан, гьенир цо-цо бакIазда Къасумица чIарал, гьанже чIахIалъун рачIарал бигьародул гъутIбузда цо кинав вукIаниги кIвар гьечIев шоферас машина тункизабун, гIуж лъун батаниги, ццин бахъун лъугьунаан МахIмуд. Церекъад рагIичIищ, гьал нилъер нухазда киса-кибего кIиябго рахъалда пихъил гъутIбузул кьер гьабизе кколила. «Анищазул хур бекьизе лъугьанин гьанже техникан» гьесда тIад велъана, гьеб рагIидал Къасум. Амма, хIакъикъаталда абуни, херав мастIерасда жиндагоги ракIалде кколеб букIана чанги нухалъ гьеб пикру. Абухъего, гьадин чIорого руго нухлул рагIаллъаби.

Къалъулеб мехалъ гурони ЩайтIан кьуруялде аскIове щвечIо гьав. Щолеб мехальги хьурхьуриялда нахъе гирун бачIунеб бульдозер бихьидал, чIун хутIана. «Кьвагьизехъин бугеб куцха!» - ян хIисаб гьабуна, хъахIал байрахъалги хьвагIезарулаго, «нахъе аян» машинабазул шофераздеги цойгидал хIалтIухъабаздеги ахIи балев ИмахIо – дов виццатав кьвагьдохъан – вихьидал. Къасум, кьуруялде хьолбохъе балагьараб борхараб ганчIида гъоркьеги лъугьун, гьенисан валагьун чIана. Гьира букIана гьесул гьеб ЩайтIан кьуру кIобокIулеб ва гьелдаса батIалъунги бачIун цойги бутIа гIурулъ речIчIулеб куц бихьизе. Доле рахъ-рахъалде тIурун гIадамалги тIагIана, самосвалалги бульдозералги доре  нахъе, кIкIалахъе тIерхьана. Кьурда цевеса ИмахIоги вилана. ТIеренаб кIкIуй загьирлъулеб букIана кьурул лъукъ-лъукъараб карандасан. «Мащу бухIулеб буго. Лъабго, ункъо бакIалдасан бугилан ккола кIкIуй», - абун, къулизеги гьавун, валагьун чIун вукIана Къасум. Гьанже гурони гьанже бахъина кьуру бихъулеб гьаракь…

Циндаго гьасул бер кIутIана тIасан гъоркье кьурда тIаде вачIунев чиясда. «Щивдай дов? Рукъ бухIана досул!» - абун ганчIикьанги вахъун Къасум досде ахIдезе лъугьана. Гьес, тIасаги бахъун, тIагъур хьвагIана ва «Воре ле, кьуру кьвагьулеб!» - абун тIатIалаго ахIана. Доле досда рагIанин ккола гьеб. БитIун кьвагьулеб кьуруда тIаде щолаго, дов, гьанже ссандехун векерун вачIине лъугьана.

«МахIмуд?! Киве гьав Къулараб гIусилъеги вукIарав? Гьесда лъалаан гурищ долда гъоркьехун бугеб ЩайтIан кьуру кьвагьулеб букIин? Вай, дур рукъ бухIугеяв ахIмакъ, хвана дур хIалтIи, - ян ахIана Къасумица. ГьебсагIат гьабугьин кьурдасан батIалъун цо залимаб кесек кодобе бахъун бачIана ва зодихъ гIисинал кескazде бихxунги ун, балеб гIасияб горо гIадин, гIодобе гъун ана. Гьеб бутIа кьурдаса тIечIого кьвагьиялъул гьаракьги бахъичIо. Гьеб зодисан балеб тIала-къоноялъ гъоркье вачун МахIмудги ана.

БукIаралъубго тIагъурги тун Къасум, тIинтIидул хьуялъ хъарс-хъарсун тIажуги балаго, бугеб рухIалъ, ссан къотIун гIебеде векерулев вукIана. Гьасда хьолбохъ, цебе ва нахъа тIвапго- тIвапан цо-цо цIакъго зодихъе эхеде кьвагьун ун гIодоре рортизе кватIарал кьурул кескалги щолел рукIана.

Амма гьанже гьас гьезул сан гьабулеб букIинчIо. Соназул галанги бахун, херлъиги кIочон, бахIарав чи гIадин ххарулев вукIана гъоркьан эхеде. Гьека-

пуншиялда, хIалуцун хIухьелги цIалаго, ракьул гIадин кьерги тIун, дарран сородилаго гьав сонги бацIцIад букIараб ссанул аххада лъугьараб чабхил гъонода цевесан дове-гьаниве векерахъдана. Циндаго гьасда МахIмудил тIагъур бихьана. Гьеб чIинхаца борлъ-борлъун бугоан. Доле ботинкаги. Къасумица хапан квер бегьана гьелде. Ва ботинкаялдаго цадахъ гьас гамчIазулъан баккараб МахIмудил хIетIе ккуна. ЦIунцIрахун ана мастIерасул черх. Чанги ками бихьана херасда, жакъа жиндир берда цебе ккараб гьаб балагьалъ гIадин, чара хвезабичIин ккана. Гьав квераз чабах добе-гьанибе хъвазе лъугьана. Гьасие хIалае вортун бульдозеристги вачIана.

- Унго, чIванищ вугев? – абун гьикъана гьес. Гьеб мехалъни хутIа-гIутIарабги рухI ана Къасумил чорхолъа.

- Хехлъи гьабе, гьав къватIиве вахъизе! – ян ахIана гьес бульдозеристасде, циндаго жиндирго тату хун унеб куцги бихьун. Гьале гьасул кверал чIвана цо хинаб жоялда. МахIмудил гьумер буго гьеб. Бидул цIун буго. Ракьги тIад бохьун гьелъул сурат хун буго.

Гьас гьев тIаде ворхизавуна ва гьавугьин довегIан восана.

- Жеги хинго вуго, - ян абуна бульдозеристас. Къасум абуни, квералъ гьесул бераздаса, кIутIбуздаса ракь бацIцIине лъугьана. Гьеб мехалъ гурони бихьичIо гьесда гIолохъанав техникас каранде къан ккураб гIурччинаб квербацIцI. «Гьалда хадувдай ун вукIарав?.. Дир яс сабаблъун хвана гьав», - абун мастIерас кодобе босана бидул цIураб квербацIцI. Гьелде тIаде къуларав Къасумил каранда ракI гIисинккун гIодулеб рагIулаан.

ХIухьел-махIги тIагIун, хварав чи гIадин, чIаголъи гьечIого вукIарав МахIмуд, цо заманалдасан вагъа-вачарана ва угьдизе лъугьана.

- Рецц Аллагьасе! – ян хIухьел угьун биччана Къасумица.

- Васищ? ЦIакъ дуда релълъарав вуго? - ян гьикъана бульдозеристас. Цинги Къасум вуцIцIун чIедал, кепкаги ботIрода къазабулаго, абуна: - Дун машина бачине ина!

- А, - ян абуна Къасумица, МахIмудида тIаде къуларав эхеде ворхичIого.

* * *

Нахъисеб къоялъго самолеталда рекIун райцентралде щвана МахIмудил эбелги абурай Динараги. «Абурайни щиб, чидае ина, - ян хIисаб гьабулеб букIана Къасумица ботIрода тIад сукIун лъураб гьалалъул гьваридал цIахIилал беразул, йорхатай, узданай Динарахъги валагьун. МахIмудихьеги щун, гIодулаго, больницаялдаса къватIие ячIуней гьей ШугIайнатица къвалги ккун ячун ана… - Гьале гьай эбелалъул рекIеда кида гьев кIоченев? МагIарухъе васасухъе гьоболллъухъ ячIине къачIалаго, гьев холев вугин абураб хабаралъ йоржинаюн ячIанин пулан? – абун кIичIараб мегIералъул, гIодун багIарлъарал гIисинал беразул, гIазугIан хъахIаб, гъваридаб пашманлъиялъ цо кинабалиго кIодолъи жиндилъ лъугьинабураб гьумералъул гIаданалдехун вуссана гьав гурхIелгун. – Гьалъие ракI-макI гьабизе кколеб бакIалда, гьай йихьарабго, чваххун магIил тIолей йиго Сиядатги. Елъа-йохизего гIадин гIодизеги гIорхъи лъалеб букIун гьечIо

лъадуда. Долде гIайибал чIвалев вукIин гурони, гьале дидаги МахIмудил эбелалъул къварилъи тIаса бикьизе рагIабазул бакIалда магIу бачIунеб буго. Дунго кканиги кIваричIоан вукIарав доб кьвагьулеб кьурда гъоркье додигIан гIолохъанав довги ккечIого. Гьанже хвани, кида дида кIочон толев дов каранде къараб гьадаб квербацIцIгун… Кидаго кьурулъ хутIаниги кIваричIоан баракат гьечIеб ххамил кесек букIараб», - абун борхатаб бигьародул гъотIол гIаркьелазда гьоркьосан баккараб МахIмуд вегараб рукъалъул гордухъе хаган хутIун вукIана Къасум. Доеги ялагьун риччалъ йигей гIадин МахIмудил эбел Гъисдаманги кIусана гьасда хьолбохъ.

- Къисматалъ кьогIаб дарс кьуна, Къасум, дие, - ян абуна гьелъ, гьасдехун рекIел тIиналда бахчун букIараб балъголъи бикьизе къасдги гьабун. – Ахирги дида кодоса уневлъи лъалаан дида дов… Мун гьедин валагьуге дихъ, дун риччалъ гуро гаргалей. Хварай эбелалъул хIатIааххада дов ватараб сордоялдаса нахъего, дицаго гьабураб мунагьалдаса хIинкъун соролеб букIана дир ракI! Кида-къадги къунеб талихI букIун буго…

«Унго-унголъунги риччалъ йигин ккола гьай. ЦохIо гьасул бадий ялагьарай гIадин, гьасде бачIараб балагьалъ гIадал гьаюн йиго», - ян ккана Къасумида.

- ИншаАллагь, сахлъила, Гъисдаман, дов. ТIасан черх чухIизабун букIин гурони, ургьисан лъикI вугилан рагIичIищ тохтур? – абун кIалъана гьав гьелдехун.

- АнцIго сон бан букIана дунги Булачги данделъун. ГIатIиракьалде гочаралдаса нахъе рукIа-рахъинги лъикIлъун, лъималазухъ урхъун рукIана ниж. Амма урхъараб жо кидаго гуроха чиясе щолеб, дие лъимер гьабулеб букIинчIо. ГIемер лъугьана Булачил эбел-эмен, йиччан дунги тун, лъимер гьабулей цойги гIадан ячеян. Амма бокьичIо Булачие дун йиччан тезе, рокьиялъ лъаларо, ракI гурхIун лъаларо. Нижеда рагIана лъимер гьабуларел руччабазе дараби гьарулей местIер йигила магIарул абун. Босун сайигъат-саламгун, дунги Булачги нухда рахъана. Доб мехалъ, гьанже гIадин, магIарухъе самолетги боржунароан, автобусалги хьвадулароан. Юк баччулеб машинаялдаги рекIун, нухда сордоги бан, щвана местIер йигеб росулъе. Къулараб гьодалъул ригь арай гIадан ятана гьей. Гьелъ цо киналалиго хурдузул бахъараб кьогIаб дару кьуна дие гьекъезе. Хадубккун гьабизе кколеб-толебги жоги, кваназе кколел пихъалги, гьуинлъабиги малъун, нижехъ букIараб сайгъатги нахъе босун, тIоритIана. ТIадеялде вас гьавизе вугила нужее абун хьулги лъезабуна. БитIун шагьранухде щвараб мехалъ, талихIалъ, машинаги щун, тIаде рахъана. Гьеб букIана маркIачIул гIуж. НакIкI лъураб сордо букIиналъ, хеккого рукIкIел рехун букIана. Киса-кибего нижеда цебеги букIана цоги машина, гьелъул хIурги тIад бетун, Булачги вукIана къварилъахъдулев. Дун абуни, дирго къисматалъул пикрабазда йикIана. Дун божичIо местIералъул дарабазда. Гьанжеги лъимер гьабичIони, теларо гIагарлъиялъ Булачие рахIат. КIвеладай гьеcда халатккун гьезда дандечIезе? КIвечIони, гьедигIан вокьулев гьесдаса ятIалъун кин дица гIумру тIамулеб?..

Циндаго Булачил «Ана! Ана!» - ян гIасиял гьаркьал рахъана. Къирщ-

къирщ, хъур-хъуриги бахъун чIана нижер машинаги. Дида ккана гьебин гъоркье рехун унеб бугебан. Эдинги бихьулищ, нижеда цебе букIараб машина аскIоб бугеб кIкIалахъе рехун ун буго, свериги босизе кIвечIого. Дун хIинкъун соролаго машинаялда тIадго хутIана. Булачги шоферги гъоркье кIанцIун араб мехалъги. «Шофер жеги хун гьечIо», - ян абулеб рагIана дида. «Хекко, гьаб гьоко борхизабе, гьале цояв гьелда гъоркье ккун вуго», - ян ахIдолев вугоан Булач. Дун, машинаялдасаги рещтIун, риччалъ гIадин хьвагIолаго, гьезда аскIое йилълъана. Кидаго хварав чи вихьидал хIинкъулаан дун. Хасго гьадин тохлъукье ккараб балагьалъ, гIанкI гIадин, каранзул букIнида кьеризабун кьвагьи букIана рекIел. Булачица «Квер чIвай, щай мун ялагьун чIун йигей?» абун ахIараб мехалъ лъавуде ячIана дун гьесие хIалае йортизе. Нижеца лъукъаралги хваралги гIадамал ниж рекIун рукIараб машинаялде рахинаруна. Гьелги рачун нижер машина нахъбуссун районалде больницаялде ана. Дунги Булачги нухда чIун хутIана.

- Лъелго рилълъа, - ян абуна дица гьесда. ТIокIаб машинаялда рекIине кIолеб хIал букIинчIо дир.

- Дир тIагъур кибдай бортана? – ян кIалагъоркье ккун бугеб машинаялда аскIове кIкIалахъе гьеб балагьизе лъугьана Булач. Циндаго «Гъисдаман! Гъисдаман!» - абун ахIдана гьев гъова кIкIалахъан.

Гьесул гьаракьалдаго цадахъ дида лъимадул гIодиги рагIана…

Гьений гIинтIидул хьуялда гьоркьой ккун йигоан цо бахIарай гIадан. Гьелъ гьабсагIат гьабураб хинаб лъимер Булачица дихъе бегьун бачIана:

- Ма, гьаб лъимер баче. Гьалъул эбел хун йиго! Дица нухде ячина гьай, - абун.

- Гьай пулан! – абун борчIана дихъан. КигIан ракI гурхIун букIаниги, хIинкъиялъ магIу бачIунеб букIинчIо. Шалилъги жемун каранде къан букIана дица «уг1а-угIа» ан гIодулеб загIипаб лъимер.

- Доб машина инелдегIаги ятарайани гьай гIадан нилъеда! Щибдай гьанже гьалдаги лъимералдаги гьабила? – ян гьаюгьин нухда лъуна Булачица гьей. Дир цIорораб керен хинлъизабуна лъимаца. «ГIодуге, дарман, гIодуге» - ян мацI бицине лъугьана дун, расги рахь гьечIеб керенги гьелъул кIалдибе ккезабулаго. Ва гьабсагIат пикру бачIана: «Гьаб лъимер дица нахъе кьеларо. Къисматалъ ячана дун гьалда тIаде».

- Булач, гьаниса нахъе рилълъа, гьаб лъимерги бачун.

- Гьалда щибха гьабилеб?

- Гьей нухда лъун те, тIаде добго машина бачIина кватIичIого ва гьелда хадур гIагаралги рачIина…

ЛъикI мехалъ хIухькъотIун чIана Булач.

- ГIодулев вуго, - ян лъимада тIад квер лъуна гьес. – Гьавураб къоялъго бесдаллъана пулан.

- Бесдал теларо нилъеца гьав. Рилълъа, Булач. Аллагьасе гIоло гIедегIил гьабе, - ян хехдарана дир ракI.

- Васищ, ясищ?

- Вас вуго, - ян абуна дица. – РилълъачIоха. Доле машинаги бачIунеб бугин кколин.

- Бихье, - ян дир шал рехана Булачица хварай чIужугIаданалде тIаде, лъимада абуни, тIасаги бахъун жиндирго фуфайка жемана. Цинги, каранде лъимерги къан, цеве-цеве ана.

ГIадан данде ккеялда хIинкъун, ниж шагьранухги тун, киса-кирего сухъмахъалъ ана.

Радал щвана ниж ГьерекIдерил къварилъухъе. ШишиликI магIарде рахунеб бакIалда батараб колода рещтIана. Гьений ятарай херай дояркаялда рахьги кьезабун, хахизавуна вас. Нухда гьавунилан гьев, рахь гьечIого бугила лъадудаян абуна нижее гьоболлъи гьабурай чIужуялдаги Булачица.

- Вигь, нужеца гьав каранде къан, цояб рахъалъ вагIаризавун вуго, цояб рахъалъ гьорозе тун вуго. Лъимал гьарураб гIолебищ, хьихьизеги лъазе кколаребищ? Лъимер гьабизе йигей гIаданги ячун сапаралда вахъунев мунгиха, - ян абун Булачиде семизе жуяна гьей…

ДоегIанги ячун, дида Булач вуго абулев, рачIадила гьаний чIезе мун. Жиндица дараби гьарулей танилан абилила гьикъаразда. Цинги вехьлъун живги вачIинила гьаб колхозалде. Гурого гIагаразда тIатани, я лъимаде, я нилъее рохел букIине гьечIила…

- Гьев гIезавулаго дида бихьараб къо… - ян угьун биччана Гъисдаманица. ТIокIаб щибго абизе регIичIо гьей, хартIан тIаде вахъун ана Къасум.

- «Ди-дир вас. Дир лъимер!» – абун ахIулеб букIана гьас, гIадаллъарав чияс гIадин, бетIерги хьвагIезабулаго. Гъисдаманица кIкIалахъ лъимадул гIоди рагIанин абураб параялъго бичIчIана гьасда ккараб жо. Ургьибе рехун араб рохалилги ва гьеб рохелгогIанасеб пашманлъиялъулги цIадул хIенхIаз хIалакинавун вукIана гьав. «Дир вас! Дир лъимер! Дир МахIмуд! Холеб къоялъищха мун тIагIине кколев вукIарав? – абун угьдулеб букIана ракI. – Досда тIоцебе берчIвараб лахIзаталъгояли цо гIажаибаб асар лъугьараб дие. Цинги?.. Цинги дун досулгун тушманлъи гьабизе лъугьана. Гьеб тушманлъиялда гьоркьобги рокьиги букIараб, битIун бицани… Цо гIажаибаб гIагарлъи букIараб рекIел досде. Дида релълъаравги вугилан рукIунаан гIадамал. Гьаб хIатIил росиги, гьадал Билкъисил beралги!.. Огь-гьай, гьанже бичIчIана сунца дов дие гIагарав вукIаравали…», - абун азарго пикру букIана гьанже Къасумил ботIролъ бацIизе хIалакараб най гIадин. Гьев, МахIмуд вегараб рукъалъул гордухъги валагьун, лъалхъана, цинги векерун ун больницаялъул нуцIа бухизе лъугьана. Гьасие щибдай лъугьана, щайдай херав нухалъул устар гьадин хIалакин бачIун вугевали бичIчIичIел сестрабиги врачги тамашалъи гьабун хутIана.

- Хвезе рес гьечIо дир вас, - къого соналдасан батараб дир талихI! Ди-дир лъи-лъимер! – Дун досухъе виччай! Досда берчIвазе…

## МухIамад ПатахIов ракIалде щвеялъе

КъурбангIали
ПАТАХIОВ

### ВАС ХВАРАВ ИНСУЦА УГЬАРАБ КАЛАМ
### КИРИДАЕ ХЕРХЕ, ХИРИЯВ АЛЛАГЬ

**Гъудуллъи журналалда мухбирзабаз херхарал**
**Жугьабаз дир рекIее лъикIаб асар гьабуна.**
**Гьезул хIалимлъиялъул, хIеренал рагIабазул**
**МагIна гьабун хадуса, херхана гьаб назмуги.**

**МухIамадил хIалтIиги хIалтIуй кьураб къиматги**
**Къойил эвгун рукIараз матIулъун цебе лъуна.**
**Кинабго жо «рагьулев» ПатахIовасул гьунар**
**Гьаб нилъер гIаламалъе гIатIидго тIибитIана.**

**Адабият гьурщизе, гьеб мухIканго «рагьизе»**
**Гьунар Аллагьас кьурав эв вукIанин кIалъана,**
**Цо рагIул анцIго магIна гIаламалъе гьурщулев**
**ШагIир эв вукIаравлъи лъазе гьабун рехсана.**

**Кинабгоги бакIалда «кIалтIу» рагьизе кIолев,**
**КIудияв БахIарчилъун рехсон вуго ПатахIов.**
**Къуръаналда рехсараб, хирияб цIар «Аль-ФатахI»,**
**Элъул хIурматги цIунун, цIилъаби рагьарав эв.**

**Гьесул бажари бихьун, жавабчилъи тIадкъарав,**
**ТIубачIого теларин, тириго эб бачарав,**
**«Аль фатахIалъул» магIна магIарулазда лъазе,**
**ЛъикIал хасиятазул хважаинлъун вахъарав.**

**ХвезегІанги чиясул къиматги гьабуларо,**
**Къойилго рекІекълъуна дида гьанже МухІамад.**
**Эсул хІеренлъиялъул, хІалимаб гІамалалъул**
**ГІадамаз бицунелъул, цо гугьар букІун буго.**

**ГьитІинал-кІудиязе кІвараб кумек гьабурав,**
**Киназулго асарал, тІад квер бахъун, рахъарав,**
**МагІарул мацІгин гІадат гІадамазда малъарав,**
**ЛъикІаб гуреб калима кидаго къватІиб инчІев.**

**Аллагьас киридае кинабго хьван батаяв,**
**Таги ахираталда алжан бакьулъ бокьухъе.**
**Ахир къияматалда,  КъурбангІалил василан,**
**Къиматалда нилъеда дандчІвазе хьван ватаги.**

**Амин, Аллагь!  Я, Аллагь! Амин, Аллагь! Я, Аллагь!**
**Амин, Аллагь! Я, Аллагь! Къабул гьабе, БетІергьан!**

## ГЪАГЪАЛЪА ШАГІИР



*Болъихъ районалъул Гъагъалъ росулъа Рамазан ГІалиевас 71 сон тІубаялде «Гъудуллъи» журналалъул гьаб номералда рахъулел руго гьесул кІижугьаби. «Гъудуллъи» журналалъул редколлегиялъ баркула Рамазан ГІалиевасда, гьарула гьесие сахлъи ва сахабщинаб!*

*ГІалиев Рамазан ГІалихъиличович гьавуна 1950 соналъул 14 февралалда Болъихъ районалъул Гъагъалъ росулъ. Росдал гьоркьохъеб школа лъугІизабун хадуб Германиялда Советияб Армиялда хъулухъ гьабуна. 1978 соналда ДГУялъул филологияб факультетги лъугІизабун, щвана гІурус ва магІарул мацІалгун адабият малъизе махщел. Гьединго ДГУялда журналистикаялъул курсалги лъугІизаруна. 1978-2013 соназда хІалтІана Гъагъалъ росдал гьоркьохъеб школалда. 2016 соналда гьесие кьуна Россиялъул халкъазул маданияталъулъ лъураб бутІаялъе гІоло ва пачалихъ щула гьабуралъухъ М. Ю. Лермонтовасул цІар кьураб меседил медаль. 2017 соналда кьуна Дагъистаналъул ХІурматалъул грамота. 1999 соналда хъачагъал рачахъиялъулъ гьабураб гІахьаллъиялъухъ Россиялъул ХІукуматалъул нухмалъулев Владимир Путиница Рамазан ГІалиевасе кьуна «Бихьинчилъиялъе гІоло» абун цІар лъураб рукьалда балеб сагІат.*

### ЩИНКІУН АНИН БАГІАРБАКЪ ГУЧАЛ МУГІРУЗДА НАХЪЕ, ЧАНАСУЛДАЙ ХУТІАРАБ ХЬАРАБ ХІАЛУХЪИН НАХЪЕ

* * *

**ЗахІматалъ хІайранлъи щоларебани,**
**Кьвари магІарулалълъ букІинароан.**
**Гьоболлъиялъ баркат лъоларебани,**
**Иманги ракІазулъ рекІинароан.**

* * *

**Гьереси бицин кколин гІасилъи рагьулеб кІул,**
**Цогидасда бугьтан лъей – вахІшилъиялъул рукІел.**

* * *

**Гьересиялъулъ… цо чІор – рикъзиялъул харилъ…чІар,**
**Хилиплъиялъул загьру – капурлъун унеб агьлу.**

* * *

**ХІадисал дарсаллъулел, дулъ бугони дуруслъи,**
**Къасдалги гІазаблъулел, дулъ баккани учузлъи.**

* * *

**Лъимерлъи гогьлъулеб загьруяб заман,**
**Дурго зарукь кквезе кIолебищ, инсан.**

* * *

**Гьереси бицин кколин гIассилъиялдесеб кIул,**
**Цогидасе… хилиплъи – яхIалъул гамачI гьанкъи.**

* * *

**ХIакъал магIарулазе бахIарчилъи - лаченин,**
**ТIекъал тухьулабазе бихьинчилъи - тIухьийин.**

* * *

**ТIадагьлъигин пахрулъи гъорлъ жубараб махсаро -**
**Ахир дур илбисаб напс бухьизесеб рахасин.**

* * *

**Гьерсазде машгъуллъулев гъибат чорхолъ бугев чи -**
**Гьереси-рецц сабаблъун намусгин яхI бичарав.**

* * *

**Кидаго гуро инсан цо хIалалда хутIулев,**
**ХъващтIан цо заманаялъ хвелалъ дур ратIа кколеб.**

* * *

**Жив– живасе щолебин… жиндирго жаваб**
**Дуралго ишазул мунгойин сардар.**

* * *

**Чорокал гъурщазда магьариги лъун,**
**МахIрумлъиларищ нилъ иманалдаса?**

* * *

**Сунде машгъуллъилел… бицина Бичас,**
**РекIедасан щолеб иманалъул дарс.**

* * *

**ХъахIил зодиб бакъ – моцIлъун хъвадарухъанасул напс,**
**ЦIвабилъун раккун, тIерхьун – хьулал, къасдал, пикраби.**

* * *

**ЧIвадназде сверизесеб цин-цин дунял цебе чIун,**
**ГурхIел цIакъасде бугеб божи рекIелъ кенчIола.**

* * *

**МугIрул годекIабахъ гьуинаб накъит…**
**Гьанже магIаруллъи янгъизго, къварид.**

* * *

**ГIарац хирияблъун бижизабичIин –**
**Гьелъул кириялъулъ… вахIшияб чIорин.**

* * *

**ВахIшилъиялъул тIатIи – квешав чиясул къотIи,**
**РахIму-цIобалъул цIалкIу – цIакъав чиясул ракIин.**

* * *

**БацIцIадаб найил гьоцIо – иманлъи рекIелъ роцIцIин,**
**ЦIилъи бецIцIулеб шигIру – шавкъалъ… угьулеб пикру.**

* * *

**Дир яхIалъе буюрухъ – халкъалъе щвараб хъулухъ…**
**Дир иманалъул амру – рекIел цIунейин мугьру.**

* * *

**ЦIакъго хачадуге, ГIадамил лъимер,**
**Киса-кибего щун бихьулин дур бер.**

* * *

**Хьулал хIорлъаралилан гьединанго божилищ,**
**РагIдукьги вега-вахъун… бакъул кеп босулебин?**

* * *

**Чороклъиги хъублъиги – кIиго хъарчигъа кьалул,**
**ГIаданлъиги лъикIлъиги – кIиго миккидул кваркьи.**

* * *

**ГIумруялъул сверелал тIокIал нахъ руссунарин,**
**РачIа… сапаралъ гали ургъун цебе босилин.**

* * *

**ХIарамалде машгъуллъи – гьеб загьрухIалаб гъуйин,**
**Наслабазего ругъун – цIцIулеб чияраб гьийин.**

* * *

**Иманлъи цIазе кьураб цIадиро бугин дур напс,**
**Муъминлъи чIезабулеб рекIел иман кколин фарз.**

* * *

**Аллагьасукьа хIинкъи тIогьолъ ахалъе бакъин,**
**ХIалалаб нилъер рикъзи ургъулеб нахъарукъин.**

* * *

**Нилъер ккараб мунагь – квеш бацIцIунеб лахI,**
**Нилъей щвараб кири – тIогьолъ лъикIаб махI.**

* * *

**Рахьдалъе бортулеб рас – бахчарулеб чараб напс,**
**Мунго вихьулеб матIу – муъминчиясул хIалтIи.**

* * *

**ЯхI цIунулел ракIал мигьлъулел рукIун, –**
**Гьаб дуниялалда щибизе рукIел?**

* * *
**Хиянаталъул гьобо – ахIмакълъиялъул рогьо.**

* * *
**БахIарчилъиялъул чол чангит щулаго кквезин,**
**БахIарчилъиялъул гьвел макру парсахъ рехизин.**

* * *
**Гьерсазул саяхъаб рачI – гьелда речIчIулин… гамачI,**
**ХIакълъидал – хIайранаб бакъ – гьелъ**
**къалъулин тIолго халкъ.**

* * *
**ГIамал-тIабигIаталъул тIугьдул рекIелъ цIунизин,**
**БацIцIалъиги цIилъиги гьел гIезаризе кьезин.**

* * *
**Щивасул хвалиеги хассаб букIуна болжал,**
**Муъминасул къасдазул – Аллагьасдехун божел.**

* * *
**Намусалда чIегIер тIанкI… – тIагIун ине захIматаб,**
**РатIлида тIад ккараб ланг… – бацIцIун ине бигьаяб.**

* * *
**Заманаги зарлъулеб, зараб напс данде ккани,**
**Мехги тIехьлъун лъугьунеб, тIабигIат дур гвангъани.**

* * *
**Эбелалъул каранзул карамат хIалаб рахьин**
**Бичасул хIикмалъаби жиндихъ бессараб бахъи.**

* * *
**Рогьунеб бугин сордо жакъаги дунялалда,**
**Нилъ рохизе гьарулеб… иш рагIизе бугебдай?**

* * *
**ЩинкIун анин багIарбакъ гучал мугIрузда нахъе,**
**Чанасулдай хутIараб хьараб хIалухъин нахъе.**

* * *
**Нилъер рухIдаллъиялъул къасдазул хIалбихьилин,**
**Ункъо батIияб заман ХIалкIолес бижун бугин.**

* * *
**Мунапикъасул хIалтIи – берзухъ бижараб тIатIи,**
**Муъминчиясул захIмат – рахIматалъул цIакъаб къартI.**

* * *
**РагIизе данде кколищ пашманлъиялъул бакънал,**
**Бакъулаб дунялалъул лъазе бокьилищ рагIал?**

* * *
**Муъминчиясул рахIмат – Аллагьасе гIибадат,**
**Гьесул лъикIаб нахърател – иманалъулаб тел.**



ГІарип РАСУЛОВ

# ХІАБУРГЪИН

*(хабар)*

**Кь в а тІ е л**

Хаслихълъиялъул кватІараб сардил согІал квачалъул бакъназ мех-мехалъ Каримил рахІат хвезабулеб букІана. Гьас гІанчІго бетІер борхулаан ва кІвар кьун пуй-чІваялъухъ гІенеккулаан. Гьеб цин гьитІинаб лъимер кинигин гІодизе лъугьунаан, цин ццидалго минабазда багъулаан. Каримил рекІелъ бугеб хІал букІана гьелъ къватІибе загьир гьабулеб.

Хъваралда тІад мухъалги цІан, гьас цІияб тІамач цебе хъурщана. Цо къваригІараб жо балагьулев чи кинигин, Каримица рукъалъул бокІназда жиндирго гІедерал берал речІчІизаруна, цинги кІваркьун кагътидеги вуссун, гъваридго ргІаби тІамчиде гьурщана. БетІералда чІахІахатІалъ «Васият» хъвана. БетІер хъван хадуб, ракІалъе рокьарал ргІаби ратуларого ццидахун вачІунаан гьав. «Щакдари жеги нугІлъи гуро. Гьеб хІакъикъаталда бащад гьабизеги бегьуларо. Амма бихьинчиясул ракІ кинха сабруялде бачинеб сверухъ киназго бицунеб бугони гьей узданай, гьайбатай, берцинлъиялъ тІубан кодое йосарай гІолохъанай лъади цойгиясухъ ялагьулей йигилан… Ахир-къадги дун бихьинчийищ кколев яги нуцІил кІалтІе рехараб хьитал рацІцІунеб турутищ кколев… ХІукму букІине ккола ритІухъаб, мустахІикъаб…»

РекІелъ рагъулел пикрабиги жиндиего гьурщун, гьав цо лахІзаталъ ургъана. АхІмадилгун лъадиялъул кинаб бухьен бугебали хъирщадана. Мех-мехалъ Карим, гІадалъ квартІа кьабурав чи гІадин, лъалхъунаан ва жиндирго пикрабазда ургъулаан. Берцинай лъади аскІойги йикІун, гьей къватІул хъубал харбаздаса яцІцІадго цІунизе цІакъ захІматаб жо буго.

Гьеб кинабго каранлъ багъарун гьалдон бачІиндал гьасул хасиятго хисун унаан, хІакъикъаталда рукІунарел ишалцин цере тІамулаан.

Гъурмада, корохъ т1егьараб чIер кинигин, бан бачIараб гIетIалъ гьав тIаде вахъинавуна. Чвантиниса бахъун квербацIцIалъ гьебги бацIцIун, хъалияналда цIа лъуна. «Гьале сордо бащалъулеб буго гьасул мугIрузул гIанса – … кий йигей гьейилан толей? Гьеб кколарищ росги, гьесул гьудулзабиги, гIагарлъиги инжит гьаби. Долда жеги лъалеб батиларо щив долъ инжит гьавулев вугевали. Бидулаб магIу тIелаан долъ…»

Чамго нухалъ гьав рокъов свердана, сундулниги батIияб жоялъул пикру гьабичIого, нахъеги васияталде тIаделъана.

Метер къаси гьасулги АхIмадилги гьудуллъиялъе ахир лъолеб сордо. Нижер цоял ракьулъе ине ккола. Биччанте бицен-кициялъе нижер гьудуллъи мисаллъун букIине. Нагагь дун чIвани, дир бугеб хазина, васияталда рекъон, инсул кверщаликье буссине ккола. Дов чIвани – гьелъул жаваб дица кьоларо.

Метер къаси - цеве вукIарав гьудулгун дун яргъид вахъунеб сордо. Цинги Каримица гьалдолел магIиххарал берал мокърокье ралагьизаруна. ГIемерал лъугьа-бахъинал паркъана гьасул жеги гIумруялъул хIалбихьи щвечIел берazда цересан.

ГьитIинабго сипат кьун телин гьасул гIолилаб гIумруялъе. Карим цIалана политехникияб университеталда. ЦIалиги кввеш нухда бачинчIо. Шагьаралдаго аскIоб районалдаса цадахъ цIалулей, узданай, берцинай, гьайбатай ясги ячун, гьав нахъвуссана районалде. Амма Гюзелида бакIлъун бихьана гьаб кIохIалаб, хIинцаб чвахиялда унеб гIумруги, ракIгъеялъе гьечIел шартIалги. Къоял анагIан гьелъул угьдиялъул сасал Каримидагицин якъинго лъазе байбихьана. Амма ратIалъиялъул рахъалде раккунцин рукIинчIо. Къоял анагIан Карим щакдаризе лъугьана гьелда. АхIмад вукIана школалъул мугIалим. Гьесда лъикI лъалаан мугIрузул улкаялъул, Россиялъул ва къватIисел пачалихъазул адабиятал. Ва щибаб дандчIваялде мугIалимас хIадурун рачIунаан ихтилат-кепал масъалаби. Гьездаса йохиялъ Гюзелида кинабго кIочон толаан. Гьедин дагь-дагьккун Каримилъ бижун бачIун ва щулалъулеб букIана макру кIудияб илбис, жинда цIарги щакдариян абулеб.

Карим, чIухIадго, рокъов сверухъ валагьана ва жиндиего гьимана.

КигIан жиндирго рекIее бигьалъизабизейин лъугьаниги, гьасда кIолеб букIинчIо заман анагIан гьасул каранде гьужум гьарулел ургъелал чIезаризе, гьезда цебе хIетIе кквезе…

Къаси тамахаб бакIида гIодов чIарав Карим, бусадехун чIван, кьижун ккун ватана. Гьас хIаракаталда берал зурана, цинги лъадиги живгоги регулеб бусаде валагьана. Къасиялдаса щибниги хис-бас ккун гьечIоан. Гьасул кунчIиялде дандего нуцIихъан цIурмил гьаракь бахъана. Карим, божилъи гьечIого, щакдарилаго, нуцIихъе вачIана.

– Дун вуго, – абураб жаваб букIана гьасие. Каримил ракI циндаго гIодобе бортун анин ккана. Гьав божун вукIана Гюзелил гьаракьалъ кьелин жавабилан. НуцIаги рагьун, гьасул тIалабги гьабичIого, рукъалъул бетIергьан, къаси хъвадарилев вукIараб столалда аскIове вачIана.

– ВорчIами, Карим. Жакъа макьу гIечIого вахъараб къагIида бихьула дур, – ан тIадеги жубана гьес.

– Буго цо гьединаб дандеккунгутIи, – ян жиндиего гIадинги абулаго, гьес столалда тIаса кагътал нахъе ракIарана. Цинги столалъул хъурщинире гьелги рехун, гьасдехун вуссана.

– Ле, Гьимат, дие бокьун букIана дуда цо жо гьикъизе.

– Дун гІенеккун вуго духъ.

– Гъадав школалъул мугІалим АхІмад гъаб росулъайищ кколев яги апарагищ дов?

– Дида лъалеб рахъалдасан, дур бетІерчІахъаяв Карим, гъаниб аби бугоха гъесул умумулго гъанире гочун рачІун рукІун ругилан. Лъаларо такъсиралъищ яги рескъотІиялъищ гъел сапар гъабизе тІамуралали.

Карим цо лахІзаталъ лъалхъана, Гъиматил рагІабазул хІисаб гъабулев чи кинигин, цинги тавакалго печалда аскІове ана. Бихьулеб букІана Карим вакъун вукІин.

– Гъимат, гъаб нилъеда аскІоб бугеб кванилрукъ ричІун бугищ?

– Буго.

– Дир цо гъари буго дуде, лъиданиги вихьуларедухъ мун дове а ва официанткаялда абе кІигоязе гІурал шашликІал гъанире росун ячІаян…

Гъимат суалазул цІурал бералгун гъасухъ валагъун хутІана.

– БитІараб буго, – ян гьим-гьидилаго Каримица тасдикъ гъабуна жиндирго пикру. – Жакъа нилъеда цебе чІун буго, Гъимат, кІудияб гІумруялдаги хвалдаги гъоркьосеб суал, – илан, гІодове виччан, жиндирго гъудуласда бичІчІизабизе лъугъана Карим. Гъимат гъалгъан, нахъеги Каримихъ валагъун хутІана. Гъиматида кколеб букІана жинда щибниги жо эхебе лъугъунеб гъечІин ва Каримил каламалъулъ кьвагьи-гІанхъиялъул сас рагІулеб бугин.

– Ле, нартил паччахІ, гъадигІан хехго Гюзель кие тІагІарай?

– Гъеб киналъулго баян дица дуе тІубан рагьилин хадуб. Гъанже мун хехаб пирилъун, чІая, кинан ахІулеб дур гъудулзабаз дутІе «Гулла кколев Гъиматин» гурищ? Гъури гІадин дол дир вацгІалзабахъе Чупанихъе ва Идрисихъе ругъел босун ине ккола. Биччанте кинабго ишги тун гъел дихъе рачІине. БичІчІанищ?

– БичІчІана, дур бетІерчІахъаяв Карим. ГъабсагІат тІубала нилъеца гъеб тІадкъай.

Гъиматица нуцІихъехун галаби росана.

– ИншаАллагь кинабго битІун ккелеб батила. МугІалимасул хабада ракьул гохІ кІодолъанагІан кІодолъизе буго дир къиматги. Чамгияс абила бихьинав хІара вукІун вугин Каримилан.

Цо жо ракІалде щварав чи кинигин, Гъиматил суалалъе жаваб балагъулев гІадин, Карим гІедегІана иргадал жиндирго рукъзабахъ чІухь базе ва Гюзель ялагъизе. Амма лъади рокъой йикІинчІо. Гъав татун хун бакІида кІусана ва нахъаги гъалдолел пикрабазулъ лъедезе лъугъана. Цо лахІзаталдасан гъасда цеве эхетун вугев Гъиматихъ хІикматго валагъун хутІана. Цинги, свакварал беразул къанщиги гъабун, гъесда бичІчІизе рехана:

– Мун жеги гъанивищ вугев? Мун а хІаракаталда, дир къваригІел тІубай.

– Гъедин батани дун ана.

– А. Дир тІадкъай тІубазе БетІергъанас кумек гъабеги… СанагІат кканани, дов школалъул мугІалим АхІмадги кив щиб гъабулев вугевали халщал гъабе.

Гъимат ун заман ун букІинчІо, жиндирго абадияб гьимигун, цере шашликІалги ккун жание ячІана ресторааналъул официантка Муслимат.

– Гъобол къабул гъайилларищ, нартихъабазул къирал, – абун хьагиниб гъалдолеб лъадал гІадаб, бачІинчІеб релъанхъиги гъабун. – Гъаб киб лъелеб? – илан рукъалъул бетІергъанасда аскІое ячІана.

Карим цин лъикІ балагъун хутІана, цинги разиго гьей аскІое ахІана.

– Дир лъади йикІинчІейани, долъул бакІ кквезе тІоцебесеб кьералда

йикIинан мун. Гъединлъидал, дуе ихтияр буго изну гъаричIого бокьараб гIужалъ тIаде ячIине.

– Гюзель ятарайищ? – ан гьелъул звангъараб гьаркьица кьураб суалалъ гьасул бетIералда рас бахъун чIана, цадахъ черхго зухзан, цIунцIрабаз цIунин ккана. «ВахI, дир лъади тIагIинги къватIибе лъан бугеб куцха. Муслиматида лъараб жо – росдае ахIараб гIакIа буго», – ян ракIалде ккана гьасда.

– Кванaзе рачIаразул харбидаса дида бичIчIана дой цо чIухIараб машинаялдеги яхун ин…, – гьеб харбие Карим хIадурун гьечIеблъи лъарай Муслиматица хъантIан нуцIа къана. Эхеде йитIунги ячIун: «Кванида тIагIам лъеги» – йилан гьасдехунги рехун, гьей гIедегIун къватIиехун ана.

КIиябго кверaлъ бетIерги ккун, кIудияб балагь тIаде бачIарав чи кинигин, бакIал ургъелазулъ хъирщадизе лъугьана гьав. КватIичIого Гьимат нахъвуссана.

– Дур буюрухъ кIийиде бикьун хутIана, – ян кIалтIасанго ахIана гьес.

– Гьелъул магIна щиб? – абун бакIго гьикъана гьас.

– Гьелъул магIна ккола дур цояв вацгIал ватанин, цояв къасиго нартил буругъалде ахIун анин цо гьитIинаб сакъат тIагIинабизе.

Гьасдаго хадув гIадин рокъове лъугьун вачIана цояв вацгIал Чупан. Гьесул чIурканлъи ва радалго бугеб рази-ракилъи бихьидал, Карим гьесда данде вахъун вачIана ва къосана.

– Мун вуго нилъер тухумалъул хIуби, гуро, цили, – абун къокъабго рецц-бакъалдаса хадуб шашликIазда аскIове цIана гьев.

– Кинаб хIуби кколев дун… Дун вуго лъикIав чиясул мурад тIубазе бокьарав гIадан.

– Гьеб гурищ инсанасул бищун лъикIаб хасият, бищун гьесул къимат гьабулеб гIадамаз, – ин велъанхъана Карим. – Гьимат, дуцаги дуего бакIие санагIат гьабе.

– Гьесул рокъове щвана, хъизаназда гьикъана. Гьез абуна сон бакъанида нартил буругъалде ахIун анин. ТIокIав нижеда гьев вихьичIин.

Каримица бежараб гьанал кесек кодобе босана ва гьебги кIалдибе балагьизабун, гьумер букIкIинабуна.

– Щиб, цIакъго бухIарабищ батараб? – абун гьасухъ валагьана Чупан.

– Гуро. Идрисил гIамалги ракIалде щун, тIубараб кIалго кьогIлъана.

– ГIурабжоги жаниб биччан, кив вукIаниги магъилъ гIебеде ккун ватила.

– Чам нухалъ воркьаниги, щиб гьабилеб яхI гьечIеб чехьалда.

– Чехьги бетIералъе мутIигIаб букIине ккола. Гьедин гьабичIони, дир борхалъуде чи вахунаро… Гьанже нилъеца данде ракIаризе ккола жигарал дир тухумалъул гIолохъаби. Дица нужехъе гьезул цIарал хъван кьела.

Чупан гъоркьанго, балъго гьасухъ валагьана «Щибдай гьанжеги гьас ургъараб?» – абурал пикраби гьасул гIадалъ кьурдана.

* * *

Дуэль… ГIундузда рагIизе бигьаяб, хIасил пасатаб рагIи бачIун буго дунялалде франгаздасан. Чам пагьму-гьунар тIокIаб бетIер гьеб ахIмакълъиялъ ракьалде шапизабураб, чам берцинаб анищалъулав гьелъ хабалъе цIарав. ТалихIалъ гьеб нилъер ишлъун батичIо. Амма гьеб цIи гьабизеги къеркьолел камуларо. «Бищун лъикIаб букIинин жиндие ритIухълъиги щолеб, багьадурлъиги тIад рекIунеб ва къадру-къиматалъ

кодовеги восулев дир тушман дуэлалъ ахIи. Гьадин, гIатIидго рагьун бералгун, цоцазде данде рахъин багьадураб ишлъун рикIкIуна дица», – илан пикраби гIакълуялъе мутIигI гьарулев вукIана Карим. Гьеб параялъго телефоналъул цIурмил гьаракьалъ гьав тIаде вахъинавуна.

– Нартил къирал гIенеккун вуго (гьасие цIакъ бокьулаан жиндирго тIокIцIар гIемеразда гьоркьоб тIибитIизабизе), – абун, махсара-хочIалда кIалъана Карим.

– Дие Карим хIажат вуго, – илан гьасда лъалареб, гьванараб гьадил гIадаб гьаркьица жаваб гьабуна телефоналъ.

– Цин мун щивали бице дида?

– Дун вуго дежурный милициялъул капитан ГIалиев МухIамад.

– Гьа, МухIамад, дун гIенеккун вуго духъ.

– Карим, сон рестораналда ккараб рагьулъ лъукъун вуго дур вацгIал Идрис. Гьев районалъул больницаялда вуго. ЗахIматаб хIал гьечIинги абизе бегьула.

Карим, абизе рагIиги батуларого, цо лахIзаталъ эхетун хутIана, цинги гIедегIун жаваб кьуна:

– Ле, МухIамад, дун гьабсагIат дуда аскIове щвела, – гьес телефоналъул трубка гIодоб лъуна. – Гьудулзаби, жакъа нилъее тIагIамалда шашликIал кваназе щвезехъин гьечIо. ТIагIамалда, парахатго квине щолеб къоги бачIине батилин… Чупан, мун дида цадахъ вилълъине хIадуре. Гьимат, мун гьанив рокъов чIа. Дица телефоналъ хурхен гьабила дудехун.

## ГЬИР ГIЕЧIЕЛЪУБЕ КЪВАЧIАГИ

ГIедегIун тIаде щварав Каримги лъукъарасул вацгIалги вачун капитан ГIалиев унтаразул рокъове щвана. Идрисиде тIаде къулана. Цояб хьатица гучаб гIаркъил махIги аскIосан партIулаго, абуна:

– Идрис, мун жеги чIаго вугищ? – ан.

– Гьаб дунял хваниги, дун гьанив чIаго ватизе вуго, – илан къун чIечIо гьевги.

– Гьале дур кIиявго вацгIал вачун вачIун вуго дун. ГIакълу роцIц1ун батани хьвай-хьвагIайги гьабила.

– РоцIц1ине щибго къваригIинаро, цо бащдаб стакан гIаракъи букIарабани, протокол гуреб, поэма хьвалаан.

– Поэмабазде жеги ирга щун гьечIо, цин дуца бице сундасан нужер нусазде рахъин ккарабали?

Гьесул санагIат гьечIеб суалалъ Идрис вагъа-вашаризавуна, бачIинчIеб угьди гьабизе тIамуна.

– Къаси дун нартил буругъалъе сакъат ккун бугилан ахIун ун вукIана, – ян байбихьана Идрисица иргадулаб пашманаб харбиде. – КIудияб зиянги ккун батичIого, гьебги рукIалиде ккезабун, дица росулъе гали босана. Кинав бихьинчиха къалъун раккарал рестораналъул чирахъаз жаниве ахIичIого телев. Гьайгьай, гьеб занкIун цIун букIана. Кисандай гIодов чIезе бакI щвезабилаян сверулев вукIарав дида бихьана цо эркенаб бакI. ХантIан бакIги бехъерхъун, цебе ккараб столалда нахъа, гьелда тIад гIодов чIана. Заманалдасан дир мугъалда къали бухизе байбихьана. Нахъе валагьана. БагIарлъун куц-мухъгун, дир бакI нахъе босизе хIалбихьулев вугоан цо мехтарав.

– Гьаб бакI дир бакI буго, – ян, цIогьор тIадго ккурав кинигин, бабадилеб мацIалъ, ахIдана гьев.

– Ворея, гьаб сверухълъи тея дуца, – янги абун, чIахIиял рагIабаз гьевги гьоркьов къотIизавун, тIадеги вахъун, гьев тункун рехана.

– Гьединищха?! – иланги абун, гьекъарав цевеса тIагIана. Гьев цевеса ун хадубги Идрисил хьандеялъул къуват чучлъулеб букIинчIо.

– Гьадинал шешкIелаби кIудиязе балагьалъе ратула кирго, – йиланги абун Идрис рахIаталда гIодов чIана.

Живго тIаделъун, Идрисица гIаракъидул шиша гIодобе ккезабуна. Гьанже гьасул каранлъги кунчIана дов мехтарасдехун ццин. ТIаде вахъинейилан лъугьана, амма хIатIазда рухI гьечIоан. Шишаялде квер хапана, амма гьеб столалда бегун, гебегун, кваналезда цебесан гIаракъидул мухъги тун ана. Цоял ццим бахъун, цоял рази гьечIолъи загьир гьабулаго, тIаде рахъана. Гьеб параялъго кIиявгоги вачун вачIарав дов мехтарав Идрисида цеве эхетана. Цоялда хадуб цояб бегIераб рагIи цоцаде рехизе журана гьел. Цинги иш рагъде сверана. ТIаде вачIарас кIицIулго нус Идрисиде хьвагIана. Гьесул гучаб черхалда питначи гIебеде ккезавизе кIвана. КIиявго тIаде вачIарас гьев вахъинеги гьавун, нахъе цIана. Къокъго абуни, гьедин кканаха…

Капитан валагьун хутIун, гIенеккун чIун вукIана. Хадуб, циндаго гьес кьварун абуна:

– Гьурмаде рукIкIалабиги рехун ругин, гIелародай, Идрис, гьал къватIазда гьарулел концертал?

– Гьаниб дида щибниги гIайиб гьечIебха.

– Дида кинабго бичIчIана. Баркала, капитан, гьаб кинабго нижее рагьаралъухъ, – ян абуна Каримица.

– Дуда гIайиб рекIинабизе гьабураб хIилла-хIарам батизе бегьула гьеб, – ан капитанас ракIалда ругел пикраби гьурщана гьасие.

– Гьелдаса дозие бугеб пайда щиб? – абун, Идрисица бачIинахъего нахъе чIвана гьеб пикру.

– Щиб лъалеб цо гIарац хIажатас, мун Каримил гIагарав вукIин лъалес, гьесухъа гIураб жо бахъизе щвелин абураб къасдалъ гьев мехтарав тIамун ватизе бегьула дутIе, – анги абун, капитанас букарулеб мегIер кIвекIана.

Каримил пикраби жиндаго жанире руссана. Капитанасул рагIабаз гьав унго-унгоги гьедин батизе бегьулин абураб пикруялде кантIизавуна. Ццидахун гьев Идрисихъ валагьана ва кьварун абуна:

– Кин мун дие гьедун вукIарав араб гьатIан къоялъ, гьекъолеб жо бугеб рахъалдехун валагьиларилан гурищ?

Къокъабго лазхIзаталъ сихIкъотIи ккана.

Капитан гьим-гьидана.

– Гьединаб рагIи кьураб мехалъ, гьудул Карим, гьаз гьелъухъ балагьичIого гьекъола, бералги къанщун.

– Рилълъа, Чупан, гьанже кинабго бичIчIана, – янги абун, Карим нуцIихъехун валагьун ана.

Чупан хадув гIунтIидал, лъалхъун, Каримица, балъголъи рагьулев чияс кинигин, жиндирго пикру вацгIаласдехун бикьана:

– Гьанже лъазабизе къваригIун буго гьев мехтарав яги мехтаравлъун хIалевищ вукIаравали, школалъул мугIалим АхIмадил тухумалъул чи вугищали.

– Гьеб цIакъго хехго лъазабизе кIолеб жо буго.

– Цойги, цIакъ хехго дие къваригIун буго гьев АхIмадил минаялда жаний Гюзель йигищали лъазабизе.

– ЛъикI буго, вацгIал. Гьелъул хIасил дица къалъудаса хадуб духъе щвезабила.

– Зурбаяб лага-черхги бугин, чорхолъ гІураб къуватги бугин гьесдаса ракІгІорцІун дунги вукІунаан, амма божилъи гьабизе бегьиялдаса ун вукІун вуго Идрис, – гьес ццидалго хІацІу гІодобе тун, Карим цевехун виччана. Хадувго вачІана Чупанги. ГІисинаб каламалда, гІедегІинчІого къватІги нахъа толаго, гьал Каримил азбаралда цере щвана. ГІодобе биччараб каламги къотІизе тун, гьав Чупанихъ кІудияб божилъигун валагьана, «Гьас дие киданиги лайикълъи гьабизе гьечІо» – ян ракІалдеги ккун.

– Чупан, гьанже мун, кигІан захІмалъаниги, дир тІадкъай тІубазабизе а, – янги абулаго, гьав каранда кисинив квалквадана. КъватІибе бахъун бачІана гІарцул танг. КІикилщица, махшалида, тангалдаса ункъо-щуго щуазарго гъурщил кагътал кьуна гьесухъе. – Ма, босе, къваригІаралъуб хІалтІизабе.

Цин Чупаница инкар гьабулеб букІана, амма вацгІалас гьесул чвантинир къазаруна гьел.

– Кинабниги мехалъ, дида лъала, духъ гІарац букІунареблъи. РакІалдаго гьечІого гьелде къваригІел ккезеги бегьула, – илан гІодоцараб, рекІелъе бортулеб гьаркьидалъун калам гьабуна Каримица ва инкаралде нуцІа къана.

Гьанив кІиявго ватІалъана.

## ЯРГЪИД РАХЪИН

Заман анагІан живго жинцаго жанисел пикрабаз валъаргъун, мех-мехалъ гІакълуялдаса инехъин гІадин вугин ракІалде кколеб букІана Каримида. Гьанже гьасда цере гІемер рачІунаан Гюзелица АхІмадида лъалеб адабияталъул къуваталъул, гьелъие ракІгъеялъе гьес рицунел рукІарал харбал, маргьаби, биценал. Хасго гьев, унтун, Каримихъе ваккизе щвечІел къояз гьасда ккана жиндир лъадиги хъамун, вахчун чІун вугин гьеван.

Къойидаса къойиде гьасул АхІмадидехун бугеб рокьукълъи бегІерлъун, каранда хІенсолеб букІана. Шавкъалъ къасдал кодоре росана, хьулаз рахІму тун валъаргъана, пикрабазда цІа лъун, живго цІоролев вукІаниги жанисан гьалдезе лъугьана. «Дун щай гьадин хехдарулев? Гьудулзабаз кинабго лъазабила, гьеб мехалъ мухІканлъи дидаги лъала», – абун живго гІодовуссинавулаан. Гьеб кІочон тезе гьединаб мехалъ Карим батІияб ишалде валаан. Гьав жаниве лъугьаравго, гьасда вихьана кІочон тун вукІарав жиндирго хъаравул. Гьав цин лъикІ гьесухъ валагьун хутІана, цинги гІедегІун жиндаго ккараб гІайиб-гъвел бацІцІине хІаракаталда, тамахго кІалъана:

– Гьимат, цІакъго чІалгІинегІан хутІаравищ?

– Гьанже дида доб чІалгІунеб заман кІочон тана, нартил къирал.

– Гьебни лъикІ… Щиб, Гюзелил хабарго лъачІищ?

– СихІкъотІи бугоха, – ян нечадго, мегІерги кІвекІулаго, жаваб кьуна Гьиматица.

Карим, гІодонакІкІалъ бацараб керенгун, пашманал пикрабазда горда цеве вачІана. Гьесул цабзазул къерщей Гьиматидацин рагІулеб батилин кколаан. Хъаравул гьесухъ валагьун хутІана.

– Карим, дун дудаса соназ дагьав цІикІкІаравги вуго, цо дихъ гІенекке мун… – гьеб параялъго рукъалъул бетІергьан кьурун вуссун вачІана.

– Дица киданиги дур малъа-хъваял гІадахъ росичІого течІогури, Гьимат.

– Дуца гьеб гьабичІилан дуда бадибчІвай гьабулев гьечІо дун, Карим, дир дуда ракІ гурхІун буго, дуде бачІараб балагь бичІчІун. Дуца гІодовиччазавизе хІаракат бахъе, батІияб хІалтІуде вай…

– Кидаго дой цее чIун йигеб мехалъ кин дун батIияб хIалтIуде валев. Кинабго кодоса бортулеб буго, гIумруялъул тIагIам билулеб буго. Гьей хIалица ячун ун ятани, мугIалимасеги гIумру букIинароха.

– Нахъеги хехдарилев вугоха мун…

– Дур рагIабазул магIна дида бичIчIана. Дица гьел тIубанго къабулги гьарула. Регьел цIикIкIани, магIарда бугеб кьуруги жибго тIун бачIуна. Гьелда релълъуна дир хасият. Гьимат, жакъа дица дуе хIохьбахъи гьабизе изну кьолеб буго, мун ине бегьила, – иланги абун, гьев нахъойги ахир гьечIел жиндирго пикрабазулъе тIерхьана.

* * *

Къаде какидаса хадув вортулаго-хьетулаго Каримихъе вачIана Чупан. Гьесул хехдари бихьидал вацгIал, гьалгъан, гьесухъ валагьун хутIана.

– Дур тIадкъай тIубанаха дица, – ян хIухьел ккун абуна гьес.

Карим цодагьалъ тамахлъана, рекIелъе божилъиялъул разилъи тIинкIана.

– Дун духъ гIенеккун вуго, Чупан.

– Дур тIадкъай тIубазабизе доб параялъго дун ана…, – илан гъваридго хIухьел цIана гьес, цинги гьев столалда нахъа букIараб тахбакIалда гIодов чIана.

– Дуца дида бице Гюзель АхIмадил доя йигищ яги гьечIищали? – абун Каримица гьесул калам гьоркьоб къотIизабуна.

Чупан гъоркьаго гIагарав чиясухъ валагьана, цинги гьимана.

– ХIакъабжо, Гюзель АхIмадил рокъой йигин ккола…

– Дица мун гьеб ракIчIун лъазабизе витIун гурищ вукIарав, Чупан? Мунин абуни щакдариялъул суалгун вачIун вуго нахъвуссун дихъе.

– Йохъ, йохъ, Карим, дур лъадиялъул гурдеги ретIарай, долъул гIадаб лага-черхги бугей, бадиса бакъ баккулеб берцинлъиялъул гIадан йихьана дида доя.

– Мун валагьичIищ гьелъул гьурмаде? Гьениб бугищ чIегIераб тIанкI?

Чупан чIваркьан гьесухъ валагьун хутIана ва тату хварав чи кинигин, нодо кIвекIизе лъугьана.

– Гьеб бихьулеб къагIидаялъ гIагардегIан ине дир рес букIинчIо.

Карим цо лахIзаталъ ургъана, цинги таваккалго, кьварун абуна:

– Къасиго гьеб киналъего жаваб батизе ккола дида. Дун росищ кколев яги цеве ккарасул хIатIал рацIцIунеб тIенкищ кколев! - Ана щакдари, рещтIана чорхолъ хIалуцин. – Хасго рекIелъ къараб жо буго бищун лъикIав гьудулин тарав АхIмадица гьединаб къадараб жо гьаби. Къасиялде гьесухъе чапар хIадуре: боголил какида цебе лал тIамулеб гьоцIиве вачIаян абе гьесда, дица таманчаги хIадурила, гьабилин гьесул иш дица рагIалде бахъине... Къокъго абуни, дица гьев дуэлалде ахIулев вуго.

Гьесул гьалдейги, хIалуцинги, хехдариги бихьарав Чупан бакIидаса вахъун вачIана, щибниги бичIчIуларого Каримихъ валагьана.

– Жеги нилъее кинабго дандбазе рекъон ккезабизе, – Карим гIедегIун сагIтихъ валагьана. – Жеги микьго-ичIго сагIат буго…

* * *

АхIмад ГIабдурахIманов – росдал школалъул мугIалим, лъайкьеялъул чамго шапакъат щварав, школалда рахьдал мацI ва адабият цIалдохъабазда малъулев педагог. Каримил рекIелъ ккараб чIегIераб кьватIелалъ цоцаздехун цIорона, гьал гьудуллъи биххиялде ккана. Гьудуласул каранлъ цинтIаго

бурун бачIараб ццидахиналъ  балагь рещтIинабизе гурин, АхIмадил гьасухъе хьвади дагьлъана. Амма АхIмадида лъалеб букIинчIо гьадигIан хехго сундаса бигьун бачIараб гьеб гIасияб ццидаллъи. Гьасда кколаан кватIичIого гьелъие гIилла рагьилин ва кинабго жиндирго бакIалде ккелин.

Гьиматица санагIат канщинахъе Карим жиндихъего вуссинавизе хIаракат бахъулаан. Гьесда тIад рекъолаан Чупанги.

– Гьаб сверухълъиялдаго мун вуго къадру-къимат бугев, гIадамаз рикIкIунев, гIемераб буголъиялъул бетIергьан. Дуца яргъид вахъине дов АхIмад ахIиялъе гIоло, дов велъанхъизе вуго ва гьединаб дандчIваялде вачIине гьечIо, – йилан, гIодовиччан, ботIролъан гьев къварилъуларел рекIелъ къаларел, гьев гьалаг гьавуларел рагIабиги хьиргщулаго, гIакълу кьолев вукIана Чупан.

Рукъалъул бетIергьанас хъалиян кIалдиб къазабуна, цояб квералъ кIиго нухалъ газалъул тIагIелги чвархъезабун гьелда цIа лъуна. Шавкъалда кIкIуйги къватIибе буризабун, гьав ургъизе лъугьана. «Гьединаб ахIвал-хIалалдеги ккезе бегьула. Гьеб мехалъ инжитлъиялъул милъирги дида тункизе бегьула», – ян кIетIана гьасул рекIелъ.

 – ЛъикI буго. Гьедин батани, нилъеца батIайиса гьабила… Гьимат, дов дир чапар гьабсагIат кодове щоларищ нилъехье?

– ХIажат ватани, дов нилъеца гьабсагIат валагьила.

Эхетун вукIарав Гьимат вакIа-вахарун, цIавуцIун вачIана ва рагъулаз кинигин галабиги росулаго, къватIивехун тIерхьун ана. Жеги гIемераб мехалъ Чупанги Каримги ургъелал дандралел рукIана.

* * *

КIиго къо ун хадуб жиндирго гIагарав чигун, боголил какда цеве лал тIамулеб гьоцIиве вачIана АхIмад. Гьесул гьурмаде рохалил гугьар рехун бугин кколаан. Чапарас гьесда бичIчIизабун буго жив Каримица витIанин кьватIелалде гьалайги тIун, цебе букIараб гьудуллъи цIи гьабизе гьаниве вачIине кколилан. Гьелдаса разилъи, живго вохи, гIурдада кьагIи кинигин, кьурдулел ругин гьесул карандайин кколаан. Саламги кьун гьес киназулго кверал росана, цIехолдана. Гьанире данделъун рукIана хIурматиял гIадамазул анлъго-анкьго чи. Гьесул щаклъи ккечIого букIине батилаха, Кармица тутиялъул столалдаса лълъарги босун, гьеб коньякалъул цIезабуна ва АхIмадихъе бегьана.

– ГIолохъаби, нужецаги нужерго лълъарал цIезаре.

Гьекъон хадуб тIаса кверpermalink кIутIбиги рацIцIун, щивас кодобе босана шашликIалъул цо-цо кесек.

«Гьел лълъарал рекуларедухъ жидерго бакIалда лъея. Бихьизабизе бокьи. ГьанжелъизегIан рекIелъ цIунараб чIегIерлъиялъе, дир къасдалда ахирлъун, къаси букъизе ккола», – абун зирхизабун гьаракьгун, ахIун биччана Каримица. Гьеб букIана жинцаго ургъараб сихIруялдаса живго гIорцIи, живго чIухIи, цойгияздаса жиндирго бугеб кIодолъи. Гьеб параялъго гьоцIул рагIалда бахъана цоялда хадуб цояб кIиго кьвагьи, гIедегIун гьанирехун рачIунел гIадамазул рагIадал ва ахIи-хIур гIагарлъулеб букIана. Гвангъараб моцIалда цебе бачIараб накIкIул тIел паркъун арабго, гьазда рихьана гIедегIун гIагарлъулел росдал гIадамал. МоцIрол канлъиялъ киналго цо кьералъ релъун рукIана. Карим, инсулалда релълъараб гьаракьги рагIун,

рухI босун лъугьана. «КигIан нахъе цIунизейин лъугьаниги, гьаб балъголъи гIадамаздаса бахчизе кIвечIо дида», – ян бечIараб, жанибе бортараб гьаракь женжедана гьасул гIундузда. Гьека-пуншиялда тIаде щвана свакаялъ тату хварав Каримил эмен. БецIлъукьан гьасда рихьана ццидалаб кунчIиялъул кьвагьизе къачIарал инсул берал. Кваранаб квер態ъухъ бугоан чанахъанасул туманкIги. КвегIаб кверги мугъзада чIван, херав, эхедеги витIун, сверухъе валагьана. Кьерукъабго канлъукье данделъаразда гьоркьов гьасда ватIа вахъизе лъана Карим. ТIасакверaлъ гIетIудаса нодоги бацIцIун, угьун биччана.

– Щиб, чIахIиял гьунарал гьаризе ругьунлъулевищ вугев? Хъизаназдаса балъго гьудулзаби дуэлалъе ахIизе мун щив: къиралищ, пачайищ, тIадегIанав сардарищ? Мун кидаго лагълъун вукIана гьадаб кисаялиго бачун бачIараб нодоцIвакил!

Васасе гьабулеб вагIза бегIерлъарабгIан сверухъ ругел гьаругьинан нахъегIан къалел рукIана.

– ГIадамазда релълъун лъугьинин абун дица рагIи абичIого тун вукIана мун. Гьал гIадамазда цебе дир жанисеб ахIвал-хIал бихъун ана… ЛъикI ккана цо бетIергьечIев гIабдалас гьей хъамун ин. Долъие квешезе цо сордо дуца рогьине бегьуларо лъади гьечIого… АхIмад, дида аскIове вачIая. Мун вуго дидаги Каримидаги къадру-къимат, гъеж бащадав инсан, – абун кIудияс цойги нухалъ данделъаразда бер бахъана. МоцIрол канлъукье кIваркьун гьасухъ гIенеккун рукIин бихьана. – Гьанир данделъун руго сахалщинал нилъер гIолохъаби. Нужеде дир цо кIудияб гьари буго, – гьес АхIмадил гъеж ккуна, кIиго лълъар цебегIан къазабуна ва пуншизеги пуншун, гьезда жанибе столалда тIад батараб коньяк тIуна, цояб лълъар АхIмадихъе кьуна, цогияб жинцаго босана. – ТIоцебесеб иргаялда дица цойги нухалъ, ракI-ракIалъулаб зигара балеб буго дур яц Кусумил абурав, машинаялъ авариялги гьабун, хвеялда бан. Цо рахъалъ, сахав инсан нилъер жамагIаталдаса ватIалъи – гьеб ккола кIудияб ками. КIиабилеб: гIемерал сонал ана дица гьаб мунапикъ гьекъечIелдаса нахъе, амма жакъа гьаб гьекъела, дуца дир гьари тIубаниги тIубачIониги, – илан херес кIалдибе бегизабун ана лълъар. Гьасдаса нахъе ккун чIечIо АхIмадги.

– Гьанже гIолохъабаз кеп гьабизе бегьула Каримги АхIмадги цоцаздаса тIоларел гьудуллъиялде рачIиналдаса. ГIолохъабазе шашликIал гьаризе хъвезе жо дица бачун буго. Дуэль букIарабани, садакъаялъе хъвезе ккелаан. Гьанже рохалиде свериdал, релъанхъилаго кванала… Дица нужее гьанже рагьила дир къасдазул балъголъи. АхIмадил яц Кусум росасе инелдего къорол хутIана. Дица АхIмадида абилаан, гIадаталда рекъон, дица чапарзаби ритIизегIан лъиениги гьелъул рагIи кьогеян. Гьелдаса мустахIикъай гIадан Каримил рокъой дида йихьуларо.

Гьасул борхараб гьаракь гьоркьоб къотIизабуна киназулго цоккураб хъатчIваялъ. Гьоркьо-гьоркьоб рагIулаан данделъаразул разияб ахIи-хIур.

ТIоцебе Каримида щибго бичIчIичIо. Инсудаса нечон, дализе бетIерги биччан, эхетун вугев гьев инсуца жиндихъего цIана.

– Ма, гьудуллъи щулалъиялъе кIиясго лълъаралги данд тунке, цоцазул квералги раче.



Наби ГIИСАЕВ

## ГЬУДУЛАСУХЪЕ КАГЪАТ

*ГIали Къурбановасе*

### ТIоцебесеб кагъат

**Хаду-хадусаги хIежалде ине**
**Аллагь БетIергьанас кьеги дуй сахлъи,**
**Сахал гIолохъаби гIемераб Шагьикь**
**ГIемерлъаги иман бугел наслаби.**

**Нилъее умумуз аманат гьабун**
**Динул ислам тана, инсан куцалеб,**
**Метер холес гIадин динги гьабеян,**
**Дунялги гьабейин холарес гIадин.**

**Гьелъул бацIцIалъиги тIадегIанлъиги**
**ТIадегIанас нилъей баян гьабуна,**
**Дин букIинчIебани, нилъ рукIинаан**
**БецIаб рохьор гIалхул хIайванал гIадин.**

**ГIолеб гIел кантIизе кигIан гIемерал**
**ГIакъилал харабаз дарсал цIаларал:**
**«Дуниял - дагьаб жо, бихьизе кьураб,**
**Ахират  - ахирго гьечIеб, даимаб».**

**Муршидаз ккун бугин ккола дуниял,**
**Биххун унеб ганчIил чучаб къед гIадин,**

ГIадамал кантIизе, Къуръанги хобги
ГIезе ккола бетIер бугев чиясе.

Диналъ цIунун вуго ракьалда инсан
Рокьукълъиялдаса, квешлъабаздаса,
Киналго чIвай-хъвеял, тунка-гIусиял
ГIадамазулъ илбис бергьиналъ руго.

БитIараб нухилан, харбалги цIалкIун,
Халкъ хьуцIилъе кколеб бихьараб мехалъ,
«ГурхIа, РахIманилан», квералги рорхун,
КигIан чияс дугIа гьабун батилеб?

Чан нухалъ къадруял казиятаца
Какараб тIадчIун, дин - загьру бугилан,
Заман хисараб куц, ихдал къо гIадин,
Къадирасул хIукму букIун батила.

Гьанже балагье мун: киса–кибего
Киналго росабалъ ва шагьаразда
Конкурсалги гIуцIун, Бичасул калам
Лъималаца лъазе гьабулеб буго.

КъурамухIамадов, макьилъги дие
КьечIеб талихI дуе маян кьун буго,
Кьеги дуе сахлъи, сабру-яхIалда
РахIман лъалел тIанчIи тIадчIун куцазе.

Нилъ, панадуниял гьабулел рукIун,
Гьороца тIамахлъун ина цо къоялъ,
Цинги щиб нилъее батизе бугеб,
Бичасе гьабураб тIагIат гурони?

ТIолабго гIумруялъ гIадан хиралъун
Чиясе гьабураб лъикIлъи гурони?
Лъица квербакъилеб, лъица цIунилел
ЦIоб-рахIму кIудияв ТIагьаяс гурел?

Дица шавкъат бергьун хъвана шигIраби,
Щукру гьабулаго ТIадегIанасе.
ТIахьал цIаланагIан бичIчIана, лъана
БачIун букIин тIаде батIияб заман.

## КIиабилеб кагъат

КигIан кватIаниги, кантIарав чияс,
Какал руго гьанже дица рецIулел,
Ва устарзабазул баракаталъул
БутIа щвеялдаги божулев вуго.

Божини букIана жеги гьитIинго
Гьал жугьаби духъе хъвалесул рекIелъ.
Разиго рукIана эбелгун эмен
Дица какал ралел рихьараб мехалъ.

Какил жал эбелалъ малъана, тIадчIун,
Гьезулъ бахчун тамихI бугеб киниги,
Дицаги, калам тун, гьелъул тIадкъаял
РукIана тIаделъун тIуризарулел.

Ва цIализе ине хIадурлъулев дир
ХIеренго, хIайранго бадий ялагьун,
Эбелалъ, васигат гьабулеб гIадин,
Гьарана: «Дир васав, какал тоге!» – ян.

Амма заманаялъ босана тIалъи,
ТIекъабщиналъ рекIелъ гьабуна ханлъи,
Гьекъана гьукъараб чагьир, гIаракъи,
Гьез чан нухалъ хадув вачарав мекъи.

Шиша цебе лъечIеб гьоболлъигицин
Малъулареб гIадин, гаргадулаан,
Инсанас квешезе ургъарал гIадал
ГIадатал раккана, рацIцIун тIагIаял.

БитIараб бицани, дин какулареб
Контора доб мехалъ дида батичIо,
Аллагь гIадамаца ургъарав вугин
Уяб батилин ккун, ккана хьуцIилъе.

Кин гьанже гьениса къватIив вахъинев? –
ГIатIидал ратана Бичасул нухал.
ЦIадудаса инсан тархъан гьавулеб
Тавбу гьабиялде тIаделъана напс.

Хадурго дугIаби, сураби, какал, -
КигIан гьел тIахьазда дица цIаларал,
Жиндехун вуссарав лагъасул мунагь
Чуризе гIащикъго ватана Аллагь.

Дида кватIун лъана ракIги бералги
Беццас гIадин, дица мех тIамураблъи,
Ва Бичасе тIагIат гьабизе кьураб
Замана гIадада биччан тараблъи.

Дун, гIасияб кьурул рагIалде щварав,
Дуца нахъе цIана, къахIан рукьги ккун,
«Киве мун вахъарав? Цеве балагье,
Балагьаб кIкIалахъе вортизе гурин».

Дуца цебе босун бачIана Къуръан,
«БитIараб нух гьале гьалда хьван бугин,
БетIер къулун лагълъи Бичасе гьабе,
Гьелъулъ гуреб, гьудул, гьечIо хвасарлъи».

Бищун хIажаталъуй хIалай ватарав
Дица квер босана, баркала кьун, дур,
Рохел дида лъачIо, гьелда бащадаб,
Гьудулги дандчIвачIо, мунгIан ритIухъав.

### Лъабабилеб кагъат

КъурамухIамадов, мун чIухIуларищ,
ЧIвачIо дица наку лъидаго цебе,
ЦохIо Аллагьасе гьабуна лагълъи,
Гьев тун батIиясе къуличIо бетIер.

ЗахIматал нухал тун, цIадулъан гIадин,
ГIедегIана дирги гIумрудул гьоко,
ГIолохъанго гIадин эбелги хвана,
Инсуцаги хекко дун рехун тана.

Гулла щвараб гIадин, черх зигардана
Зобалазде индал хъизаналъул рухI,
РахIму гьечIолъи щиб къисматалъулин
Къана, къуват данде бакIарун, цаби.

Къварилъабаз, цIоб тун, къакъалеб мехалъ,
Бажаризе ккола сабру гьабизе,
Зодоре, гIодоре нилъ кIанцIаниги,
КIоларо хисизе гьабизе хъвайги.

БачIана замана – босана къалам,
Къисматалъул бицун хъвазе шигIраби.

**Щаяли лъаларо, цо–цо чагIазул**
**Гьелъ лъалаго рахIат хвезе гьабуна.**

**Дие БетIергьанас кьураб бажари**
**Гьезул бадиб къалеб заздлъун батана,**
**ЧIегIерал мацIазул лагъзаллъун ккараз**
**Квешлъи, гьудул, дие чанги гьабуна.**

**Кинан букIаниги, рекIел ургъелал**
**ГIагарал мугIрузде чучана дица,**
**Гьезул гIодорриччай ва гьезул къвакIи**
**ГIамал куцаялъе мисаллъун чIана.**

**Балъго гьерсихъабаз цIа боркьаниги,**
**ЩIия–цIиял хъвана дица шигIраби,**
**Щибаб кочIода тIад хIасратги бергьун,**
**ХIалтIана ГIисаев къасиги къадги.**

**Гьадинги даимаб щукру Бичасе**
**ШигIруги гIищкъуги дие кьуралъухъ,**
**Кьури, хиси гьечIел хутIана дие**
**Хирияб ватIанги гьудулзабиги.**

**ХутIана божарал аскIоса чагIи,**
**Чорхолъ ияхI бугел багьадурзаби.**
**Багьа гIумруялъул гIодой ккелаан,**
**Квер чIвазе гьайбатал гьел гьечIелани.**

**Гьезул цIаралдасан, дир цIаралдасан**
**Дица къисматалъе баркала кьола,**
**Бакараб кан гIадаб гIелмуялде дир**
**Пикру бачIинахъе ккезабурав дуй.**

**Гьудулзаби дие – сардил маякал,**
**СвинчIо гьинал рекIелъ гьезул хинлъи, цIа,**
**ЩIаялъ вухIулевги, гIоралъ уневги**
**ГIадамазлъидал дун хвасар гьавурав.**

**Гьелъин батIаго цIакъ гьаб дунялалда**
**Дие вокьулев чи, дунго кIочон тун,**
**Гьесул бахIарчилъи, лебаллъи, тIокIлъи**
**ТIубан рехсезе дир гьечIо бажари.**

**Гьедин буго, гьудул, гьаб дунялалда**
**Мугъ цузе мун вукIин - кIудияб талихI,**

Нагагь гIодов ккани, дуца квер къуни,
Къурулъа тIадеги вахинавила.

Ва кидаго гIадин, аскIов гIодов чIун,
Абила: «АхIе кечI, гьудул, ракI–ракIалъ
РекIкIалъе хIадурал гьерсихъабазул
Ва мацIихъабазул мугъал рекизе.

Дирги гьез макьаби тIуризаруна,
ТIатунги балъгоги лъукъ–лъукъана ракI,
Амма сабруялда квешлъигун ургъел,
УнтичIеб ххвел гьабун, жаниб хIехьана.

Нилъер къвакIи, къуват бихьанагIан гьез
Жалго гьабзаз гIадин, рачIчIал хьвагIана.
Гьедин лъикI батани, кIвар гьабичIого,
Гьабзазда цевеса мунги хьвадила».

### Ункъабилеб кагъат

Яманазе буго дунялалъул битI,
Дун гIадиназ ццидалъ бухула керен,
Кида мискинасда бихьилеб, ГIали,
ГIадамал урхъараб талихIалъул цIва?

Чи вихьун, чин бихьун къула–рорхулел
КIалбазарал гьанже гIемерлъун руго,
БитIараб бицине хIинкъун лъаларо,
ХIал бугезги гьерсал хъурулел руго.

ХIапу–чапуралъул олимпиада –
Ахир заман гурищ гIагарлъун бугеб,
Балагьаб векалъул пакъирал лъимал,
Лъица ниж цIунилел квешлъабаздаса?

Цоял цояздаса бергьине бокьун
Буго дагIба–рагIи, буго питна–кьал,
Пашманал къурбанал рикIкIунеб мехалъ,
РекIелъ хIалуцуна тушбабазде ццин.

Цо нухалда гуреб борхараб ханжар,
ХиянатчагIаца эркенлъиялде
Цо нухалда гуро, цIунцIраби гIадин,
ЦIорол мугIруздаса тIаде рачIарал.

**КигӀан гъураниги талавурчагӀаз**
**Толеб гьечӀо хӀалхьи мугӀрул цӀумазе,**
**ЩӀадулъе инеги нахъе къаларел**
**БахӀарзаздаса ракӀ букӀуна чӀухӀун.**

**Гъурмазда гъалбацӀил маскӀаби ххурал,**
**Кутул руго кирго цере кӀанцӀулел,**
**КӀиго гьумер бугез питна бекьулеб**
**Бакъан буго щибаб къойил рагӀулеб.**

**Амма данде чӀварал къуватаз гьезул**
**КъахӀан щекъер кколеб бачӀана заман,**
**Зобалаз нагӀана кьолезда нилъер**
**Гъудуллъи бихьулеб букӀина заман.**

**Гьедин куцан гӀурал миллион васаз**
**Цоцазул щулаго кверал ккун руго…**
**Кверде нилъ росизе гӀезегӀан щвана**
**ГӀаздал бакьуниса нус–нус тушбаби.**

**ТӀадегӀанав Бичас кумекги гьабун,**
**Гьезул гӀезегӀан чи цӀоб тун гъурана,**
**Лъутун унеб мехалъ тӀурулел щаян**
**ТӀох–тӀохазде рахун ясал ахӀдана.**

**Гьанжеги кьвагьиял къотӀулел гьечӀо,**
**Къо щвечӀищ ракълида гӀумру гьабизе,**
**ХӀанчӀазул кинигин, гӀадамазул би**
**ГӀодой тӀолеб буго, балагье мунго…**

**ГӀали, кида нилъер гӀисинал лъимал,**
**ГӀодореги риччан, кьижизе ругел?**
**Кьал къотӀараб заман Дагъистаналда**
**БетӀергьан Аллагьас гьукъунищ бугеб?**

**«Дун дир милициялъ цӀунулев вугин»**
**Вохун хъвана поэт Маяковскияс,**
**Замана хисана…гьанже гӀадамал**
**Полициялдаса хӀинкъулел руго.**

**ГӀухьбигун рекъарал, гӀорцӀи лъаларел**
**ГӀангурбацӀал кида тӀагӀине ругел?**
**ТӀадчагӀазе буго бихъун дуниял,**
**Баччула, бичула, бикъула, кьола.**

Долго цIогьал руго трибуназда,
Бикъулеб бугилан гIагараб улка.
Долго питначагIи парламентазда,
Пашманаб куц гьабун, речал цIалулел.

Мискинлъиялъ буго гъванша хьарсулеб:
Гьаз хъурулеб бугеб чIанда щибилан,
ЧIалгIанин жидеда реформа, багьа,
Бадиса бакканин «цIигьабун гIуцIи».

### Щуабилеб кагъат

Дун, гIагараб ракь тун, рикIкIаде щвана,
Шагьаралъул гьундухъ сардал рогьана,
Рогьалил бакъуде якъут кинигин,
КенчIолел ралъадал дида рихьана.

ТIогьал цодой цурал гъутIбузда гьоркьов
Дун, дир ахикь гIадин, вахъун свердана,
Гвангъараб бакъулгун жахIда бергьунеб
Жавгьарулаб иццул лъеда хIохь бана.

Чан нухалъ рагIараб магIарул гурел
Мусудуз ахIулеб аваданаб кечI,
Амма кини кIикIун, эбелалъ дие
АхIараб кечIалде данде кквеларо.

Киве щвананиги, берзукь кенчIола
Ралъдада бакъ гIадаб мугIрузул тIалъи,
ТIогьода босараб Шаури байдан,
Бихьун чIалгIунареб ЧIекух расалъи.

КIкIалабахъан гIодой кар бан чваххулел
Чалухал лъаразул босана лазат,
КигIан рагIаниги, ракI гIорцIуларел
ГIанди гIурул бакъназ гьавуна асир.

Кьер–кьерал тIугьдузул тIансаби руго,
Зодор цIваби гIадин, гIодор тIиритIун,
ТIоцебесеб нухалъ гуро дун щолев
Шагьикье, Шалихъе, ХIамаикIохъе.

ХIенохъе, Хьетохъе, Хъуйикье, ЧIакье,
ХъахIил зобалазда цураб Цокохъе,
КигIан гIемер чваххун цIадал раниги,
РиличIого хIатIил лъалкIал хутIараб.

**Бокьараб нуцIида кIутIананиги,**
**«Лъугьа жаниве!» – ян гьаракь рагIула,**
**Гьоболасе гьаниб, нуцIаго гIадин,**
**ГIатIидго рагьараб ракIги батула.**

**Буго кици: «Гьобол вокьуларесул**
**Рукьбал рекаги!» – ян халкъалъ бицараб,**
**Умумуца нахъе тараб васигат**
**Васазда цIодорго цIунизе тIадаб.**

**КигIанго кьварараб букIананиги,**
**Бокьула магIарул тIабигIат дие.**
**ТIоцебесеб нухалъ бихьулеб гIадин,**
**Гьелъул берцинлъиялъ хIайран гьавула.**

**Аза–азар соназ тушбабаздаса**
**ВатIан цIунулаго цIар босун хварал**
**Хвел гьечIел бахIарзал – сардил маякал,**
**Нижее, васазе, мисаллъун руго.**

**РагIула гъварараб Шамилил гьаракь:**
**«МагIарулал, цолъе, цолъе!» – ян абун,**
**Гьев соназ вагъана, Адамил лъимал**
**Аллагьасде цIикIкIун гIагар гьаризе.**

**Гьесул амруялъе, гьесул гьаялъе,**
**Гьесул рокьиялъе, божилъиялъе**
**Байрахъалда цеве рагъухъан гIадин,**
**РитIухъал рукIине гьедизин, ГIали!**

**Дун пикрабалъ вуго: нилъер лъималаз**
**Бищиладай тIаса илбисалъул нух?**
**Азарил соназул тавархалда**
**Теладай цIадаца чурулареб лъалкI?**

**Цояз гьанибе цIан, цояз добе цIан,**
**ЩIаха гIадин буго бакъул дуниял,**
**Гьелда тIад ругеца рагъ лъазабуни,**
**Ругъун щвечIеб лага хутIизе гьечIо.**

**Хвел гуро нилъее къваригIун бугеб,**
**Къеркьеялъул магIна – даимаб рекъел,**
**Дунялалде щварав щивав чиясда**
**Чиясулъ гьудул ва вац даим вихьи.**

Квешлъиялъ ракьалда ханлъи гьабуни,
Халкъалъ къосараб нух тIаса бищани,
ТIадегIанасул ццин бахъизе буго,
Бичас цIунаги нилъ гьелдаса даим!

Щиб тIехьалда тIаде балагьаниги,
Бихьизе гьабула ахир замана,
Гьереси гIемераб, гIумру мискинаб
ГIадамал хIакъираб, хIинкъи цIикIкIараб.

ЦIикIкIаразул адаб гьитIинас тараб,
ГьитIиназул тIалаб кIудияз тараб,
ТалихIкъараб наслу нилъерцин гурищ?
Гурилан абизе дир хIужа гьечIо.

ЖахIда–хIусудалъул, хIилла–рекIкIалъул,
ЧIваялъул, хъвеялъул харбал цIикIкIана.
ЦIогьабазе чIвала, тIаде рахъун, хъат -
БахIарзазе гIадин – кинаб инжитлъи!

Берда бихьаниги аза–азар хвел,
БихьичIеб ххвел гьабун, рорта–хъетула,
Амма абадияб ахираталде,
Ахиралда гурел, хIадурлъуларо.

ХIинкъулев гьечIо чи Аллагьасукьа,
Ахираталде нух къокълъананиги,
Огь, кIудияв гIезе заманищ щвечIеб,
Зодой балагьулел щайдай къанагIат?

Къоял унел руго, лъаларо, ГIали,
ГIемер мехищ бугеб цебехун хутIун?
ХвезегIан гIедегIе лъикIлъи гьабизе, –
Гьабураб гурони, батизе гьечIо.



# АНКЬРАКЬАЛЪУЛ ХАЛИЧА



ГӀали-хӀажи МУХӀАМАДОВ

## Абадияб къеркьей

Хъудула, кьабгӀола
Кьурул гӀусалда
ГӀасиял гьаркьалгун
Гьалагаб ралъад

Цинги аза-азар
КъатӀраби лъугьун,
ЩуЩала, чучула,
Чвахула нахъе.

РагӀал бихьулареб
ГӀатӀидаб ралъад
Гучаб къуваталда
Къеркьолеб буго.

Чармил кьурабазул
Залимал сиртаз
Гьеб, дандечӀей гьабун,
Квегъулеб буго

Гьаб нус-нус соназул
Сунареб къеркьей,
Ракьалда бекьараб
Кьварараб низам,

Бергьенлъи лъалареб
ТӀабигӀияб рагъ,
РагӀал-ахир гьечӀеб
ГӀумрудул къанун.

## Анкьракьалъул халича

АнцӀ-анцӀ расенал ругеб
Анкьракьалъул халича,
Анкьумумуз бессараб,
Наслабазе хутӀараб.

Мун къеда бигъараб рукъ
Толаан гьоболасе.
Мун тӀамураб чӀарбида
ЧӀолаан хӀетӀ бахӀаралъ.

Дулъ рессарал накъищалъ
МугӀрузул тарих буго,
БахӀарчилъи, къохӀехьей,
ХӀасратаб рокьи буго.

ЦӀоралъул чабхъеназда,
МагӀарул бахӀарзазул
Чуязу кьолокь чанги,
Паркъарал дур расенал.

**Анкьракьалъул халича,**
**Накаби дуда чIварал**
**ЧIахIиял гIалимзаби**
**Лъала дир тIалъиялда.**

**...Мун бессулел махщалил**
**Кверал цIакъ дагьлъун руго.**

**Къеда мун барал рукъзал**
**КъанагIалъулел руго.**

**Гьанже цIияб гIелалъул**
**ГIеладайин вуго дун**
**Мун бессулеб гьунарги**
**МацI цIунулеб бичIчIиги.**

## Рилълъа магIарухъе

**Гьудул ХирамухIамад,**
**Инарищ магIарухъе?**
**МагIу гIадин, рацIцIадал**
**Иццазул лъим гьекъезе?**

**Къелебги Богьнодаги**
**Беричал рохьал, мучIдул,**
**Ихдалил рухIги речIчIун,**
**ЦIилъулел куц рихьизе.**

**РикIкIадал улкабазда**
**Хасел тIамурал хIанчIаз,**
**АнцI-анцI батIиял бакьнал**
**Рачунеб куц рагIизе.**

**Росдал къватIахъ хутIараб**
**ТалихIаб лъимерлъуде,**
**Лъабго къоялъ тIолабго**
**Дунял кIочон руссине.**

**КIудияб шагьаралъул**
**Хъуялъ нилъехъа бахъун,**
**ТIадмагIарухъ биларараб**
**Балугълъи балагьизе.**

**Инсан хадув гьолареб**
**Унти-гIузру баккараб**
**ГIатIиракь тун, мугIрузде**
**Руссунеб мех щун бугин.**

**Мех-мехалда макьилъги**
**РакIалдещвеязульги,**
**ХутIараб цебезаман --**
**Урхъун ругин нилъ долъухъ.**

**Гьудул ХирамухIамад,**
**Рилълъинарищ эхеде,**
**Ахазда бараб тIогьол**
**МахIаз ахIулел ругин.**

**КIвахIалал оцаз цIалеб**
**Пурцил гIоркь ккун векьари**
**КIочон тун бугищали**
**ХIалбихьизе кIиясго.**

**Хурзабахъ тIим бухъулел,**
**ГIурда бачал хьихьулел,**
**Лъималазухъ гIащикъго,**
**Балагьизе тIохдасан.**

**МугIрул гьаргьазарулеб**
**АваргIурул хъуялъулъ**
**Хъутан-шагьар ккун чIарал**
**Нилъей бадичIвай буго**

**Ральдалъе бакъ тIерхьунеб**
**ЛъарагIлъиялъул хIалцен**
**МугIрузул гьогьомиялъ**
**Рилълъа, гьудул, лъалъазе.**

**Аллагьас хьван батани,**
**Бокьун буго, хьул буго**
**Богьнодаги Къелебги**
**Къоял-сардал тIамизе.**

## **ГIужилав гIарадачи**

*(ВатIанияб рагъда къанцаралдаса 75 соналдасан къисмат лъазе кIварав магIарулав Рамазан ГIусманов ракIалде щвеялъе)*

**ВагIалейкум васалам,
ГIалиязул Рамазан,
ГIолохъанго къанщарав,
ГIужилав гIарадачи.**

**ВатIаналъе рухI кьурал
Кьварарал бахIарзазулъ,
Кьурул гIусда цIум гIадин,
ГIолохъанго рещтIарав.**

**Гургинаб щуго соналъ
Фашистазда цIа лъурав,
ВатIаналъ багьадурин
Килас-медалал рарав.**

**Рагъ лъугIулел къоязда
Къадар Аллагьас кьурав,
Рокъобе нух ункъого
Соналъ халат бахъарав**

**АнцI-анцI сонал сверигун,
Щвана нижехъе хабар
Хоб Европалда бугин,
Мун бахIарчи вукIанин.**

**Дур хабар къотIарабго
Къварилъарав инсуда
ЦIоралъул мугIрул щобда
ГIазулъ батана гIажал.**

**ГIалиязул Рамазан,
Чандай ругел, мун гIадал,
Гьунарал тIатинчIого,
ТIупарал магIарулал**

**Рокъоре хъварал кагътал,
Керен бухIулеб чIалгIен,
ЧIухIун рехсолел цIарал
Рагъул цIаялъ рухIарал.**

**ВатIаналъе рухI кьурал,
Ругъналгун тIадруссарал,
БахIарзазе хвел гьечIо,
Халкъалда кIоченаро!!!!**

**ГIали-хIажи МУХIАМАДОВ**

# ЧIЕГIЕРАБ НУХЪА

…Шагьаралъул рагIалда, цоялдаса цоял чIухIаралги рорхаталги рукъзал ругеб къотIноб кIитIалаяб багIараб кирпичалъул гьабураб минаялъур рахчарал яргъид гIуцIарал хъачагъал кверде росиялъулаб хасаб операция унеб букIана. ТIубараб къватIго сверун ккун букIана милициялъул хIалтIухъабаз. Сверухъ рукъзабахъаги хехгьабун гIадамал гочизарун рукIана хIинкъи гьечIелъуре. Гьаракь борхизабулеб алаталъусан, гIададисеб дандечIчIей гьабичIого, кверде рачIаян чанцIул ахIаниги кинго хIасил кколеб букIинчIо. Жал исламалъе гIоло хвезе хIадуралги ругила, жидеца гьабулеб жоги жигьад бугила, нуж киналгоги капурзаби кколин, алжаналда бакI щвеялда жидер ракIчIчIейги бугилан тIирун чIчIана дол гIолохъаби.

– Кьвагьа-гIанхъи ккечIого иш роцIцIине бокьун букIана, бихьулищ гьадал гIабдалзабазул тIирунчIчIей, – ин абуна командирас нижер къокъаялда асклове щолаго.—ЦIодорго рукIа, гIолохъаби, къватIире рорчIизе доз нужер рахъалдаса хIалбихьизе бегьула.

– Гьаниб кинабго роцIцIун буго, амма лъол кIиабилеб тIалаялъул гордазда хадуб халкквезе квегIенаб бакIалда цо чанго гIужихъан лъуни лъикI, – ан абуна нижер къокъоялъул кIудияс командирасда.

– Гьеб цебего гьабун буго. Дозул цоясул эбел ячун ячIиней йиго васасда кIалъазайизе, гIададисеб дандечIчIей гьабичIого кверде рачIаян бичIчIизабизе... Кьвагьа-гIанхъиги къварилъиги ккечIого кверде рачIинародай дол гIабдалзаби, – ян абуна командирас, рахIатхварал бераз сверун ккураб рукъалъул гордазухъги валагьун.

– Гьебни дун щаклъулеб жо буго, командир. ТIоцебесеб нухалъищха нилъеца гьеб гьабулеб бугеб? РачIунаро дол кверде. Дозул гIадалнах цебего жидее кколелъубе кьуризабун буго гьаб такъсираб нухде гьел цIцIараз,— ин абуна къеда мугъги цун кIусарав нижер гьалмагъас.

Мех балелде къватI бахун добехун гIемертIалаязул рукъалъул хьибилалде ракIарун, кколебщиналъул халгьабун ругел гIадамазул гурулълъаги ратIалъун чIегIераб ретIел ретIарай жеги гIолохъанайин абизе бегьулей чIужугIаданги кIиго милициялъул хIалтIухъанги хехгьабун нижер рахъалде рачIунел рихьана. Дагьаб заман гьоркьоб ингун гьаракь борхизабулеб алаталъул авал-къоного цIураб хьир-хьири бахъана.

– МахIач, гьале дуда кIалъазе эбел ячIун йиго! ГIадалал жал гьаричIого гьалъухъ гIенекке мун! Хадуб кватIун ккезе бегьула!— ян рагIана бихьинчияс ахIулеб.

– МахIач! Ва МахIач! Дуца гьабулеб жо щиб, дир вас? Мун вукIинчIищ рикIкIада шагьаралда ралел бакIазда хIалтIулев вугин кIалъалев церекъадги?

Мун киса гьениве ккарав?—ин рагIана гIодиги хIинкъиги жубараб

чӀужугӀаданалъул гьаркь.—ГӀададисеб балагь бачунге дур бетӀералде, дир вас! Дуе цониги къварилъи ккани дир унтараб ракӀалъ гьеб хӀехьоларо… ГурхӀа дида! – ян гӀодиялде сверана долъул гьаракь.

– Эбел, нахъе а гьениса! Мун гьел гавуразда божуге! Дун исламалъул нухда гъазаваталда вуго! Мун хӀинкъизе гурей, йоххизе ккола! — ян рагӀана кӀиабилеб тӀалаялъул гордухъа ахӀулеб.

– Командир, дица гьезул цояв гӀужие восана. Кинаб букӀинеб амру? – ян рагӀана рациялдасан гӀужихъанасул сасараб гьаракь.

– Амру гьечӀого речӀчӀуге! – ян лъазабуна командирас.

– МахӀач! РагӀулищ дуда? Мун жеги гӀолохъанго вуго… КъватӀиве вачӀа, эбелалъул… Гьаз абулеб буго дуца жеги кӀудияб такъсир гьабичӀин… ТамихӀ биягьаяб букӀинин…ТӀамуге, дир вас, гӀассияб гали… Жеги кватӀун гьечӀо.—ян рагӀана дойго чӀужугӀаданалъул гьаракь.

– Эбел, дуца бицунеб щиб? Дурго васасе алжан бокьичӀогойищ мун? Гьел капурзабазул квердаса шагьидлъани дие алжаналъул каваби рагьулеблъи лъаларищ дуда?... ХӀалихьатал цӀукӀаби! Нужеца щай чӀужугӀаданалъе гӀакъуба кьолеб? Бихьинал гӀадин рагъизеги хвезеги хӀинкъунищ? Яче гьей нахъе!—ян рагӀана гордухъа гӀолохъанчиясул ццидалаб гьаракь.

-- МахӀач, нужее ургъизе бащдаб сагӀат кьолеб буго. Кверде рачӀа! Хадуб кватӀизе гурин,—ан рагӀана досие жавабалъе бихьинчиясул гьаракь.

Гьесул хабар ахиралде щун бахъиналде минаялъул кӀиабилеб тӀалаялъул гордухъан халатбахъараб кьвагьи лъуна хъачагъаз. Авал-къоного тӀа-тӀала базабураб кьвагьиялъул хъуй шагьаралъул щибаб бокӀнилъе рагӀун батила.

Нижеда сверухъ речӀчӀулел гуллбуз тӀу-тӀун балеб асфальталъул кесказ дир кӀаркьада лъикӀаланго хӀунсизабуна. Кьвагьи сасарабго къадада мугъги чӀван гӀодовги кӀусун, квер бахъун гьурмал халгьабуна дица, лъукъа-къотӀараб бакӀ бугищали. Цинги къадал хьибилалдаса бигьагьабун валагьарав дида дунго гӀадин къеда мугъги цун кӀусарав нижер къокъаялъул цояв вихьана. Амма гьес каранде сукӀарал махӀабазда лъун бугоан бетӀер, ярагъги ботӀрода букӀараб каскаги ругоан аскӀор гӀодоре рехун. Дида бичӀчӀана гьесие къварилъи ккун букӀин.

– Командир, Арсен лъукъун вугин ккола!—ян ахӀана дица. Дунги жеги кӀиго гьалмагъги цо кӀанцӀаралъ щвана гьесда аскӀоре. Нижеца Арсен бигьагьавун хӀинкъи гьечӀелъуве ваччана. Ракьалда вегизавигун гьесул загӀипабго зигарди рагӀулеб букӀана. КӀиго хьолбохъги цо карандаги горде тӀу-тӀурал ругъна лъун ругоан гуллбуз, гьениса бачӀараб биялъ ретӀелги биччизабун бугоан Арсенил.

– Хехго тохтурал гьанире..! – ян ахӀана чарабухӀарав командирас. Арсеница берал рагьана… Гьесул кӀутӀби рагьарахъдана…

– Пайда щиб… Дица байрам хвезабуна, – ян щурана гьес хӀалицаго. Дун гьес абулелъул магӀна бичӀчӀичӀого, риччалъ вукӀун кӀалъалев ватинин вукӀана.

– Арсен! Арсен, дагьалъ яхӀ гьабе, гьудул! ГьабсагӀат больницалде щвезавила!—ян абуна дица гьесул карандаса маргъалалги ричӀулаго. Дир кверал гьесул биялъ багӀар релъана. Арсеница нахъойги берал рагьана…

– Дир гьитӀинай Патя гьаюраб къо буго жакъа… Къаси байрам гьабизе къотӀи букӀана… Бихьулищ, дица кинабго хвезабуна… Дол дун рачӀиналъухъ ралагьун ратила... Кинабго лъугӀана… – ян щурана гьес загӀипаб гьаракьалъ.

Гьел рукӀана Арсенил ахирисел рагӀаби…

Молодаги лъун медициналъул автомашинаялъуве восун унаго гьесул гьурмада хвалил кьерчӀван букӀана. Хадуб нижеда бицана гьев больницалде щвелалдего хванилан…

КӀиго батӀияб хвел, кӀиго батӀияб къисмат… ТӀоцебесеб хвел бачӀана хӀалхьезегӀан гӀумруги гьабурай, хвалде хӀадурлъиги гьабун, гьеб бачӀиналъухъ халккурай, расги гьелдасаги хӀинкъичӀей, гӀадамаз хвезе заман щварабин абулеб ригьалъул гӀаданалъухъе. КӀиабилебин абуни битӀун гӀумруялъул завалалда вугев, анишалги мурадалги кигӀанги рукӀарав, хвел ракӀалдаго гьечӀев гӀолохъанчиясухъе.

Ракьалда щивав инсанасул гӀумруги, гӀамалги, ахиралда хвелги лъилалдаго релъльинчӀеб, жиндиего хасаб, нилъеца кинабдай букӀинебан кигӀан пикраби гьаруниги, гьездаса батӀияб букӀунила… Аллагьас инсанасе кьурал талихӀазул бищун кӀудиязул цояб рагӀула гьесда жив кив, кида ва кинан хвезе вугевали лъангутӀи.

«Нилъее кьураб гӀумруялъухъги, гьенир лъарал, рихьарал, хӀехьарал талихӀалги къваридалги къоязухъги Аллагьасе аза-азарабго щукру гьабизе тӀадаб буго» – ян вукӀунаан мунагьал чураяв эмен…

Дун гьел пикрабалълъ вукӀаго, чӀегӀераб гьеду гьотӀол гӀаркьалидаса биараб киниги тӀагӀун ун батана. «ЧӀегӀераб нухъа, чӀегӀераб хвел, унтаразул цӀураб кӀудияб больницаялъул авал-къоноялда боржанхъилеб бихьулищ?» – ан пикру гьабуна дица. – Гьабнухалда лъихъедай гьеб гӀедегӀараб?»

## ТУШМАН ВОХИЗЕ ТЕЧӀЕБ ЧӀАХЪАГИ ЦӀОРАЛЪУЛ ХАЛКЪ!

**Сеймур ХАНАЕВ**

*ШагӀбанил вас Сеймур Ханаев гьавуна Белокан районалъул Шарип росулъ. 2003-абилеб соналда гьенибго гьоркьохъеб школаги лъугӀизабун, кӀиго соналъ армиялда хъулухъги гьабуна гьес.*



*2007 соналда гьев цӀализе лъугьана Дагъистаналъул филологияб факультеталъул гӀурусгин дагъистанияб отделениялде. 2012 соналда гьебги лъугӀизабун, рахьдал мацӀалъул мугӀалимасул диплом щвана Сеймурие. ТӀубана гьесул анищ – гӀагараб миллаталъул мацӀ лъай гуребги, гьеб мацӀ щвалде щун жиндирго росулъ гӀолеб гӀелалда малъизе магӀарул мацӀалъул мугӀалимасул дипломги щвана гьесие. Гьеб гуребги, Сеймурилъ батана рахьдал мацӀалда хъвадариялъе махщелги.*

*Журналист ва шагӀир хӀисабалда, гьес бухьен ккуна Дагъистаналъул газетазулгун ва журналазулгун. Школалда цӀалулаго тӀоцересел кучӀдул хъварав Сеймурил саринал жакъа цӀалула ва ахӀула Дагъистаналдаги. ТӀоцересел кучӀдул школалъул «Тумуржуг» къадал газеталда ЦӀоралда рахъун рукӀаниги, жакъа гьесул шигӀраби рахъула хирияб рахьдал мацӀалда Дагъистаналъул газет-журналазда. КучӀдул гурелги, цо-цо гьесул поэмабигицин щвана цӀалдолезухъе сайталдасан цӀализе. Гьелъул хӀасилалда Сеймур мустахӀикълъана чанго шапакъаталъе. Сеймур Ханаев ккола Россиялъул журналистазул Союзалъул членги.*

*«Гъудуллъи» журналалде тӀоцеве ваккана ЦӀоралъул гӀолохъанав шагӀир, нилъедаса рикӀкӀад ругониги, ракӀ умумузул ракьалдаса тӀоларел ЦӀоралъул магӀарулазул наслуялъул чи – Сеймур Ханаев.*

*Къабул гьаве, гьудулзаби, гьевги миллатцояздеги гӀагараб рахьдал мацӀалдеги жиндирго бугеб рокьи загьир гьабурал гьесул цо-цо кучӀдулги.*

## АВАРАЗУЛ КАЛАМ

Аваразул калам – къимат тӀокӀаб ирс,
КъвакӀиги бухӀиги жиндилъ бессараб,
Бечедаб, камилаб, рагӀи берцинаб,
Миллияб хазина – нилъер рахьдал мацӀ!

ВатӀан цӀунулаго, цӀадулъан унел
ЦӀумазул мацӀ бугин аваразул мацӀ.
Миллаталъе гӀоло чорхол рухӀ кьолел
Кьварарал авараз бицуна гьаб мацӀ!

«Би – цо, бо – цо», – абун авар мацӀалда
МагӀарул бояца Кавказ квегъараб,
Албаназ бицараб, Сарир кӀалъараб,
Аллагьасул динги жинца малъараб!

Дий хӀалал букӀинищ эбелалъул рахь,
РекӀкӀ дица гьабуни рахьдал мацӀалъе?
Умумузул рухӀал тӀаса лъугьинищ,
Миллат, мацӀ ричани, хиянат гьабун?!

Нилъ – хӀинкъи лъалареб халкъалъул лъимал,
Лъийниги къуличӀел, лагълъи гьабичӀел!
Бицина авар мацӀ, бетӀерги борхун,
Бицина рахьдал мацӀ, рохун ва чӀухӀун.

Аза-азар соназ магӀарул халкъалъ,
Хазина кинигин, нилъехъе кьураб,
Кьела нилъецаги наслабазухъе,
Бицина авар мацӀ, кир ругониги!

Бекулеб букӀа мугъ мацӀихъабазул,
МагӀарул халкъалде мугъ рехаразул!
МугӀрул рихаразул ццидай букӀине,
Бицина гӀагараб аваразул мацӀ!

## ГЪАРАБАГЪАЛДА ШАГЬИДЛЪАРАЛ ЦӀОРАЛЪУЛ ГӀОЛОХЪАБАЗДЕ

Аваразул васал, лебалал васал,
РекӀелъ хӀинкъи гьечӀел бацӀазул васал,
ВатӀаналде ккараб къо борхулелъул,
Лъийго жал къуличӀел цӀумазул васал.

... Шагьидлъунищ щварав эбел-инсухъе,
Лебалаб халкъалъул багьадурав вас?!
Босанищ борхалъи, хвалийги гьимун,
Хунги къуркьулареб миллаталъул вас!?

ГӀодуге мун, эбел, мун къварилъуге, –
Холаро шагьидал, чӀаго рукӀуна.
Дунял хисаниги, дур чохьол васас,
Чилъиги ВатӀанги цӀунун, рухӀ кьуна.

РакӀ бекуге, эмен, вас анин абун, –
Босана дур васас шагьидасул цӀар,
Меседилал хӀарпаз нилъер ЦӀоралъул
Тарихалда хъвана дур васасул цӀар!

ВатӀан цӀунулаго, шагьидлъи щварал,
Ракьулъ жал лъуниги, нилъгун рукӀуна.
Нух алжаналде ккун, дунял таниги,
Халкъалъул ракӀазулъ гьанир хутӀула.

## ЦӀОР

Жибго гьитӀинаб букӀун,
Бечедаб тарих хъвараб,
Тушман вохизе течӀеб
ЧӀахъаги ЦӀоралъул халкъ!

Чармил кьураби гӀадал,
Кьурабалъ цӀумал гӀадал,
Кьварарал, сахаватал
ЦӀоралъул магӀарулал!

Эркенал, бахӀарчиял,
Борхатго вацлъи ккурал,
Адаб-хӀурмат цӀикӀкӀарал
ЦӀоралъул магӀарулал.

ТӀабигӀатги берцинаб,
ГӀадамалги камилаб,
Мун – нижер каранлъ чӀухӀи,
ЧӀухӀараб ЧӀар, Белокан!

Халкъазул цолъи,вацлъи –
Дур кӀудияб бечелъи!
Баракат тӀаде чвахун,
ТӀегьай, эбелаб ВатӀан!

МугӀрул, щобал, авлахъал,
Аваданал гӀадамал,
ГӀалам жиндихъ урхъараб
Гьайбатаб ЦӀоралъул ракь!

Лебалал васалги – дур,
Намусал ясалги – дур,
Дир чӀухӀи, дир хазина,
ЧӀахъаги мун, дир ВатӀан!

Эркенал, бахӀарчиял,
Борхатго вацлъи ккурал,
Адаб-хӀурмат цӀикӀкӀарал
ЦӀоралъул магӀарулал.

## МИЛЛИЯБ БЕЧЕЛЪИЯЛДА БЕР ЛЪУРАЗЕ

**Гьанже чаргъудуца кодоб босараб**
**Бесдалаб къо буго дир ВатIаналъул!**
**Гьереси гIемерал мацIихъабаца**
**Миллаталъул къадру малакь лъун буго!**

**Мун дир миллаталъул бечелъиялда**
**Бер лъун бугев цIогьор, гьерсилав чорок,**
**Дуда аваразул рагъ-кьалал лъалищ,**
**Ракьал цIунулаго, цIараб яхI лъалищ?**

**Жеги гIасрабаца, мугIрул росаби**
**Бида лъалъаниги, рагъал лъугIичIо.**
**РакIазулъ унтиги берзулъ магIуги**
**МагIарул рукъзабахъ жеги камичIо!**

**Дир пакъираб миллат, дир язихъаб халкъ,**
**КъамартIал дур васал кигIандай арал?**
**Лъадул цIарги тIамун, мусру жемарал**
**Рагъул майданалда чаналдай тарал?**

**Цин монгъолал, персал, хадур гIурусал, –**
**ГIемерал рачIана авар ракьалде!**
**Жиб гьитIинаб букIун, амма къуличIеб**
**Къваридал дур къоял жеги лъугIичIел!**

**Гьаб ракь умумуца, рухI кьун, цIунараб,**
**ЦIадулъ бухIаниги, тIаде бахъараб!**
**Гьаниб щибаб бокIон, мугIрул, авлахъал,**
**МагIарул васазул бица релъарал.**

**Гъолода¸ АхIулгохI – нилъер ракIазулъ,**
**Нилъер миллаталъул бидурихьазулъ,**
**Нилъеца цIунана мугIрулги ЦIорги,**
**Ихтиярги нилъер гIумру гIуцIизе.**

**МагIарул тIармида бер лъурав цIогьор,**
**ГьещтIероги бикъун, пуй щибаб къойил!**
**Дур «багьадурлъидал», тIил чулъун гьабе,**
**ТIад ярагълъун базе «лъимчIиртIги» босе!**

## МАХАРА

ТIагIамги гьуинаб, гьумер бакъулаб
Буго дур хасаб бакI сурпаялда тIад.
ТIад цин мохмох бахун, сажалде тIинкIун,
Бежулеб махара лъий бокьулареб?

ГIадамал хириял чагIи рихьизе,
РачIа гьоболлъухъе Белоканире.
Каранлъ рокьи бугел гIадамал лъазе,
Сордо рогье дуца Къабахчолиниб.

Къабахчоли росулъ, риидал къоялъ,
РухIулел килщалгун кванай махара.
Гургинаб сажалде аскIовегIан цIай,
ЦIедасаги босун, кванай махара.

Дагъистан хIасратаб доб Закатала,
Белокан, Элису, ЦIоралъул ракьал!
ЦIореги дур керен, гIурусав пача,
ГIурхъи лъун, авар халкъ бикьизабурав!

## БЕЛОКАН

Ассалам гIалайкум, ватIан Белокан,
Гьава-бакъ гьарзаяб мугIрузул тIалъи,
ТIабигIат рекъараб, ракьал бечедаб,
РакIал аваданал гIадамазул ракь!

БахIарчиял васаз, намусал ясаз,
Сахаватал чагIаз бечедаб миллат!
Мадугьал хириял, гьобол вокьулел,
Гьайбатал чагIазул баракатаб ракь!

ЧIухIараб, эркенаб, эбелаб ВатIан,
Бакъулаб Белокан, камилаб шагьар,
Каранзулъ рокьи – мун, ракIазулъ цIа – мун,
ЦIвалъун жиб гвангъараб тахшагьарги – мун.

# Проза



**МухIамадкамил**
**ГЬИМАТОВ**

## ХIУРУЛ БАЛАГЬАЛДАСА ЦIУНАГИ

Къисматалъ дун вачана лъарагIазул Къамушкент росулъе. Эмен хъутаналда вукIана, эбел дида цадахъ йикIана. Гьениве гочун лъабго-ункъониги сон бан букIана. ЛъикIго лъарагI мацIги лъана дида гьеб заманалда, амма жеги дун Анжиялде щун вукIинчIо. Доб къоялъги инароан дун шагьаралде, инсул яцалъул хехаб ругьел тIаде щвечIебани. Щиб-кинали баян гьечIеб гьеб хехаб ругьелалъин дун бакъанил гIужалда Анжиялде къокъине хулжал гъажилде рехизе тIамурав.

Дир инсул яц Асват-ханум херлъиялде бегараб ригьалъул гIадан йикIана. ГIолохъанаб мехалдасаго каранзул унтиялъ кIвекIарай, кIиго-лъабго гали бахъарабго, ракI хехлъун, лъалхъизе кколей ункъгIал унтул босной захIматго ятилин хIинкъун, къасиго сапар бухьине хIукму ккана. Эбелги цадахъ ячейилан абун бачIиналъ дир рекIелъ ургъел жеги цIикIкIинабуна.

Ахирисеб нухалъ дида ункъгIал йихьун йикIана цо анкьалъ цее, нижер цеесей гIагарай чIужуялъул якьад хун йигин рагIун, ниж лъоре росолъе зигараялъ ун рукIараб мехалъ. БатIаго тIаде унтарай гIадинги йикIинчIо гьей.

Гьале нахъойги бицине кколеб бугин, гьей ункъгIалалъул ругьел бачIун буго метер жинде тIаде щвайилан, эбелги цадахъ ячейилан.

Эбел цадахъ кин ячиней, доб мехалъго магIарухъе магIирокъое арай гьей жеги нахъюссун ячIун гьечIелъул. Нижер рукъалъул магIишаталъухъ балагьейилан мадугьалалдаги тIадкъан, къасиго къватIиве вахъайилан амру гьабуна дие Асват-ададехун букIараб адабалъги, гьелъ дун жиндирго васлъун рикIкIунев вукIиналъги. РекIедаса рекIеде рокьул кьо букIунилан абула, гьединаб кьо щулалъун букIана нижер ракIазда гьоркьоб.

Анжиялде аниса анцІила щуго-къого версталъул манзил бугин бицунеб рагІана. Бищун цІикІкІун бани, нухда бала лъабго сагІат. Дие – гІолохъанчиясе гьеб бугин бищунго хераб катиегицин цо тІохтІаса цоги тІохтІегІанасеб, масала, нижер тІохтІаса мадугьал Бариятил тІохтІегІанасеб нухилан пикру гьабуна. Гьедин сапаралде къокъине къачан, къотІнобе гали тІамизехьин вукІаго, Барият ракІалде щведал, цо загІипабго бухІи багъа-бачарана каранлъ.

Кинго бегьуларо гьелда вихьулелъусан ине. КъулгІадухъанги ине бегьуларо. Цощинаб лъадае уней яги тІадюссун ячІуней гьей дандчІвани, щиб гьабилеб? Кавудухъа къватІивеги лъугьинаро, къулгІадухъанги инаро. КъотІуе хилиплъарасе хвезегІан гІазаб камуларин гурищ абулеб. Къаси гьезул гвавулъе вачІине къотІи гьабун букІиндалха дица Бариятие.

Рукъалда нахъасан, азбаралъул чалиялда тІасанги кІанцІун, тІасияб къотІнове лъугьана. ТІаждада бахараб хІурги кІутІун, кІиго-лъабго гали бахъилелде гьенисан иналдаса ракІги бухІана.

Гьеб букІана росдал рагІалдесеб къватІ. ЧІедерабго гьеб къотІносан хьвадулаан жамагІаталъул боцІул рехьед: гІемерал ганщал, дагьал гІачи. ГІачи дие рокьулаан, нижер къавулъги букІана кІигониги бечІчІулеб гІака. Амма ганщал! Вай, жидеда баркат лъеял, рахьги нахги кигІан тІагІамабги беэнабги букІани щиб, жидедаса сурукъал хІайваналал ракьалда рижун ратиларо: къали гІадаб кІудияб бетІер, сурукъго нахъехун гьетІарал лълъурдул, бицатаб габур, гьединалго къокъал бохдул. ГІачийин абуни, гьезде дандеккун, гьайбатал жал гьечІищха! Цоги жоялъул бицинчІониги, гьезул лълъурдузул берцинлъиялъухъ щай балагьуларел? БитІахъе, балагьун гІорцІуларо. Кьурдизе яхъарай гІолохъанай ясалъул квералин ккола. У ле, нижер Чарукил гІакдал лълъурдузда релълъун рукІуна кьурдулеб мехалъ Бариятил кверал.

Нахъойги Бариятил цІар рекІелъ хъинтІидал, добго бухІи багъа-башарана дир каранда. Амма Бариятилги Барият таралъулги пикруялда халат хутІизе регІараб хІал букІинчІо доб мехалъ дир. Цебесан унеб бугеб рохьдол нус-нус щинкІилалъ босахинабураб, гІатІиракьалда гьарзаяб «хІурул карачелаз чвердезавулев вукІана». Бичас биччани, шагьаралде ине чІухІараб ретІелги ретІун, хирияб бухариги бетІералде бахинабун, чакмаялги цІвакизарун, къватІиве вахъун вукІана. Гьале кинабго хвана. ЛъугІунго бахъунаро гьаб рехьедги. Гьаб Къамушкент кІудияб росу бугелъулха. КІудияб росдал жамагІат кІудияб, кІудияб жамагІаталъул боцІул рехьед кІудияб. Хасго гІатІиракьалда.

ЦІикІкІарал чагІи рукІуна гьардолел гьорол балагьалдаса цІунагийилан, цІорол балагьалдаса цІунагийилан, цІадул балагьалдаса цІунагийилан. Лъицаниги абулеб рагІичІо хІурул балагьалдаса цІунагийилан. ХІакъикъаталдайин абуни, хІурул балагьалдасаги цІунагийилан гьаризе ккола цІодорав чияс.

ХІакъаб жо, хІурул балагь рещтІун букІана доб къоялъ дитІе. КъватІул ракьанда, чалиялда мугъги цун, гІачиязулги ганщазулги лълъурдуздаса вахчун, къецун хутІарав дун вихьаравани, зобалазде квералги рорхун,

гьарделаан нуж, гьаб рохьдол «гьужумалъе» ахирги лъугьинабун, гьав дурго лагъ хIурул балагьалдаса хехго хвасар гьаве, БетIергьанилан. Амма рехьед жеги бащдабги ун бахъун букIинчIо.

ГIорцIарал, цIвакарал, цIурал гъварабазул, понцIорал чахьазул ганщалги гIачиги гIалахалдаса руссун росулъе лъугьунеб мехалъ букIунеб гIажаибаб махIалъги дие махIниги асар гьабулеб букIинчIо, хIурул цIурал дир магIарзукъалаз гьеб «къабул гьабулеб» букIинчIелъулха.

Чалиялда хъегъон хутIарав кинигин, вагъаричIого, кинабго боцIи цебесан къокъун бахъинегIан, къваридго вахъун чIарав дир махIабазул ччорбалги рукIана гьоркьо-гьоркьор цо сунцаялиго рухI-рухIизарулел. Амма щиб-кинали халгьабизе гIодове къулизе гIамалго гьабулеб букIинчIо. ГIагардасан унеб гIакдаца яги ганщица тохлъукьего лълъаратIе восани, инсул рукъ бухIараб хIал букIинилан хIинкъиларищ дун, хIайваназул гьеб гIамал гIемер бихьун бугелъул дида.

Ахирги къватI цIун гьунулеб букIараб рехьед лъедерлъараб мехалъ, яхIго гьабизе кIвечIого, халгьабуна къамушалъул чалиялда гьоркьосан баккараб гIучI-мичIчIилцин гурищ махIабазда хIенчелеб, хIенселеб бугебан. Амма гьениб кващараб кверални щибго тункичIо, щибго хIунчичIо, щибго хIунсичIо. ХIикматаб жо бугилан гьелъул пикруги гьабун, тIаде ворхун, къотIновехун вуссиндал, битIахъе гIебу къазабураб гIадин лъугьана квегIаб махIу. ТIуркIун цевехун гьункьидал, гьебсагIат цебесан унеб букIараб, цояб лълъарги бекараб чIегIераб ганщил гьодитIа кверал чIвазе ккана.

Гьебни бигьаяб жо букIинаан кIар-кIарун елъанхъулей гIолохъанай ясалъул гьаракь нахъасан рагIичIебани. Кьурун вуссун халгьабидал, къамушалъул чIорал ричIа-риххизарун лъугьараб «гордохъан» баккун буго Бариятил бер.

ЦохIо бер гурони гьеб гьитIинаб «гордохъан» баккунги букIинчIеб мехалъ, гьеб Бариятил букIин кин дуда лъарабилан гьикъила нужеца. Цо бугони, гьанже рекIеда ватана мадугьалалда вихьиларедухъ вахчахьван къватIиве вахъарав дун битIун гьезул азбаралъул чалиялда цеве эхетун хутIун вукIиналде. КIиабизе бугони, Бариятил гурони, тIокIал лъилниги рукIинчIо гьединал гIурччиналин абизе гIурччиналги гурел, хъахIилалин абизе хъахIилалги гурел, гIурччинлъиги, хъахIиллъиги, хIатта цIахIиллъиги жубараб хIикматаб кьералъул берал.

Лъабабизе бугони, Бариятица гурони, цоги лъица гьабилеб дие гьединаб махсаро. Дида ракIалде кколеб букIиндалха, гьаб росулъ гьей гурони, гьединай гогьай, гочIай, гIанчIай, гьабулеб жоялде ячIунарей яс цоги йикIине рес гьечIилан.

Добго кIарараб релъиги гьабун, гьанже гьей гьале чалиялда тIасан ялагьун йиго дихъ. ХъахIил-гIурччинаб кIиябго бералъ «кIкIунев» вугилан ккола дун. КIиябго гIоноялде багIарлъиги рехун буго, борхатаб цIвакараб надалда лъалеб-лъалареб рукIкIелги лъугьун буго. Берцинал, понцIорал кIутIбиги сородулел ругин ккола. Щибдай гьез щурилаян валагьун чIарав дида рагIана:

– Ле, аявлу тавлу (лъарагI мацIалда гьалъул магIна – «дие вокьулев магIарулав»), дун гьаниса гъоркье ячине кIвани, кIиго сордоялъ гвавулъ мун кьурдизе вахъинавиларилан гьедила дун дуе, – ян абулеб.

Ячинадай Барият-бика чалиялдаса гъоркье кодой ккун яги ячинчIогодай телаян хIукму цойиде ккезегIан, рачIа, дица нужее баян гьабилин гьел рагIабазул магIна.

Гвай нужеда щибали лъалеб батила. Хасго хасалихъе цIоросоролъ чIучIине росдал гIолилал данделъулел гваязулъ гIахьаллъичIев чиги нужеда гъорлъ ватиларо. Гвай лъугIун хадуб букIунеб сухIмат-кеп, кьурди-кечI – кинниги баян гьабизе ккараб жо гуро. Гьениб гIолилаз цоцазе гьабулеб махсаро-хочI бичIчIуларевги ва гIунцун чIолевги, битIараб бицани, гIемерго гурхIизе ккарав чи вуго. ЦIунагиха гьелдаса! Киналго тIаделъула гьестIе. Цоги гьениб къимат букIунаро дагьабниги гьунар гьечIев чиясул. КечI ахIизе бажарини БетIергьанас киназего кьун букIунаро, амма кьурдизегIаги лъалеб гьечIони, гвавулъе иналъул пайда гьечIо. Кьурдул сверуда хIетIе бахъизе лъангутIиялъ доб заманалда дие кьолеб букIараб гIазаб гьанжеги цебе чIун буго. Хасго Бариятица цIикIкIинабулаан дие гьеб гIакъуба-гIазаб. Цогидав гIолилас жийго кьурдизе яхъинаюнщинахъе, цо гьайбатаб гьимиги дие сайгъат гьабун, дихъе бегьун бачIунаан гьелъ …. ???(«рокьул тIил»). Дида кьурдизе лъаларилан, нахъе-нахъе къалев вукIаниги, къвалакьаги ккун, гIолохъабаз сверуде рехулаан. МугIрузул гIанса гIадин сверулей Бариятги йикIунаан, ракьулъе тIерхьун щай дун унаревин ккараб хIалалда дунги хутIулаан.

Гьединлъидалин Бариятица абураб кIиго сордоялъ гвавулъ кьурдизе вахъинавиларилан. Гьелдаса дир рекIелъ рекъараб калам киданиги гьабун батиларин гIолохъанай мадугьалалъилан ракIалде кканиги, гьелда божизе бакIги букIинчIо. Цо нухалдаги гьей гьедун йикIиндалха дун вугеб рахъалде жинца тIокIаб киданиги бер рехизе гьечIилан. Радал гьедана, къалъуда къотIной данде ккедал, диргун накъиталъе лъалхъана, къаси гвавулъ дие «гIазабги кьуна» – кьурдизе щуцIулниги вахъинавуна.

– Яче, гьарин, дун гьаниса гъоркье, сункьа хIинкъун мун вугевали.

– Сункьа дун хIинкъизе кколев?

– Намуслъунищха вугев?

– Намуслъизе ккани, дица гьабураб щибниги бегьулареб жо гьечIогури.

– Щайха вукIкIун чIун вугев?

– Дуе квешезе. Доя кавудухъан сверун а. Сахав чи чалиялдасан гуро къотIнове лъугьунев.

– Уйищха? Эдинищха эб букIараб? Мунго щайха, цIогьораб гьве кинигин, чалиялда тIасан кIанцIарав? Дида мун вихьичIиланищ дуда ракIалде ккун бугеб?

– Дун… Дун гIедегIун вукIун…

– ГIедегIун вукIун рагIула ав… КивегIаги мун гьедин гIедегIун вукIарав? ГIачиязде дандейищ? ГIорцIун гIалахалдаса росулъе рачIунел ганщазда тIад кверал рахъизейищ? Яги гьаб «къватIул хIурул хIавузалъув» чвердезейищ?

Бариятие кIудияб кеп щвана, милъиршо гIадин чIирчIидилаго, жинцаго абурал гьел кIарчамал рагIабазул, кIар-кIариялда елъанхъизе тIамуна гьез гьей тIинчIай гIолилай.

Амма дида квеш букIана гьедин гьей дидаго тIад елъанхъи. Ццидаца цо тамашаяб таваккал лъугьинабуна дир рекIелъе. Жеги кIарулей йигей яс, тохлъукьего къвалакьаги ккун йосун, къватIул ракьанда яхъун чIезаюна.

Чалиялда тIад дализарун рукIарал хулжалги, хапун росун, гъажилде рехун, Анжиялдехун ралагьун рахъана дица галаби.

Хаган хадуй ялагьун хутIарай Бариятица, рекIетIе ячIингун, дида хадуб ахIана:

– Нух битIаги, мадугьал! Дида лъала мун Анжиялде унев вукIин.Ункъачохъе унев вукIинги лъала. Добаса дие сайгъат бачIинчIони, дуего букIунеб жоги лъайха дудаго!

ГIемерго гьелдаса рикIкIалъилелдего, нахъехун вуссун, къватI бакьулъ вахъун чIана дун. Щаялиго, тIаса бахъун бухари тIагъурги къвалакь ккуна. ВахI, дие унго-унголъунги хIинкъаби кьеялдеги ирга щун бугогури гьанже гьалъулилан ракIалдеги ккун, ццидал карачелалъул гьулчиги каранлъе лъугьун, махсаро гьоркьоб чIвазабураб хIисабалда, дица Бариятида абуна:

– Гьедин хIинкъизавун дуца нуха регIулев вугони, дун тIокIав тIадвуссун гьаб росулъе вачIунаревха. Я ункъачода аскIов Анжиялда чIела, яги инсуда аскIове хьутаналде ина.

- Гьа-гьа-гьа! – ян багъана дир гIинда Бариятил кIарчамаб релъи. – ТIадвуссунев рагIуларо ав! Ралъдал тIиналде тIерхьаниги, тIадгьаваялде воржаниги, валагьичIого толарелъул дица мун!

Цинги цодагьай рекIетIе ячIарай гIадинги лъугьун, хIалуцинги чучахъухъараб гIадаб, хIеренлъиялъул чIчIва гьоркьоб бугеб гьаркьидалъун, амма дида рагIиледухъ абуна, щиб ккелебали лъалареб дуниял бугин гьаб, дуе нух битIагийилан. ХIакъикъаталдаги ритIухълъана Барияитил гогьаб гIамалалда гьоркьосан къанагIатги кунчIулеб букIинчIеб гIакъиллъиялъе мисаллъун  лъугьарал гьел рагIаби. Я гьелда, я дида лъалеб батичIо гьеб «тарихияб» лахIзаталдаса хадуб нижер къисматалъул лъар кинаб кIкIалахъан чвахилебали.

Лъиданиги лъаларелъулха жиндир щивав лагъасул зарраялда дандбитIухъе ТIадегIанав Аллагьас «ЛавхIул махIфузалда» щиб хъван бугебали.

Бариятида аскIоса ун анцIго – анцIила щуго гали бахъилелдего ккана нижер кIиязулго къисмат бегуниса бахъиялъе сабаблъун лъугьараб иш.

«Ле, махIиду, мун щай гьей гогьай лъарагIалъукьа хIинкъулев?» – ан рагIана цо азбаралъул къирун тараб кавудухъа къватIибе гIолохъанай ясалъул букIин лъалеб, ихдалхIанчIил чIир-чIири такрар гьабураб гIадаб гьаракь. МагIарул мацIалда кIалъалей гьей меседу щийдайилан йихьизе хьулалда гьелъул кавудухъехун вуссиндал, дванкан къана гьелъ гьеб.

Гьайгьай, дида кIвечIо, кавуда кIутIун жаниве ваккизеги, гьелъулгун накъиталъе нахъвуссинеги. Валлагьи, биллагьи, таллагьи, гьале дун нужее гьедулев вуго гьелъул рагIабазги, релъиялъги, дие бачIинахъего кигIан гьитIинабниги, битIухъе абуни, рекIел кIутIи хисизабулеб асар гьабичIилан.

Дица шагьаралдехун валагьун хIетI хехлъизабулеб букIана. Амма гIемерго гьениса рикIкIалъилелдего, дваргъан гьаракь бахъана, «гьей гочIай лъарагIалъукьа щай мун хIинкъулевилан» дие бадибчIвай гьабурай ясалъул азбаралъубе бугеб каву рагьулеб. Гьеб гьаракь рагIидал, тIуркIун нахъехун вуссун валагьидал, дун вугеб рахъалде ячIуней йихьана гьей.

– Ле, махIиду, дуда бицине цо-кIиго рагIи бугин, дун аскIое щвезегIан гьенив чIа, цIакъго гIедегIун ватичIони, дой лъарагIалъукьа гIадин, дикьа хIинкъиларевги ватани, гьаниве дида данде вачIаниги бегьила, – ян ахIана гьелъ дагьабго хисараб магIарул мацIалда.

– Дун МахIади гуро, МухIамадги гуро, ХIаскъил вуго, – янги абун, дун гьелде данде ана.

Гьедин абиялъе гIиллаги букIана. ГьоцIалъ росулъ гIадатлъун лъугьун буго гIемерисел МухIамадазда къокъго МахIадийилан абулеб, дида ккана гьелъги дагьабго сверизабун, МахIидуйилан ахIулеб бугин дидеян. Амма букIун гьечIо, гьезул росулъ махIидуйилан абулеб букIун буго хIинкъулев бихьинчиясде.

Вольтерица абун буго, рокьи бугин инсанасул бетIералдаги, рекIедаги, черхалдаги кверщел гьабулеб кутакалда гучаб хIасрат. Гьеб хIасраталъул хIоринив лъедолевлъун, лъай-гIакълуялдаса махIрумлъаравлъун, лъабго ченгел бакъвачIагIдал гьекъарав чи гIадин мехтаравлъун лъугьана гьелъулгун накъиталда арал дакъикъабазда. Сундул нижеца бицарабалиги ракIалда гьечIо. Гьелъул кIалдисан рачIунел рагIабазул агъаз гьабизецин регIулев вукIинчIо, бераз бицунелъ асир гьавун.

ХIалица кIвана, гьелдаса ватIалъун, хIетI шагьаралдехун чIезе.

Щвана шагьаралде. ТалихIалъ, ункъгIал унтун ятичIо. Эбелги дунги гьелъ жиндихъего ахIун рукIун руго жиндаго берцин йихьарай, мадугьалихъ йигей «месед гIадай» ясалъулгун дир лъай-хъвай гьабизе, гьей дие абизеги ячинеги кколин лъазабизе. Амма ригьин-цIаялъул пикру гьабизе жеги регIун гьечIин, исана росдал магIишаталъул институталде цIализе лъугьине ракIалда бугин, инсуеги гьеб бокьун бугилан, ункъачое баракалаги кьун, гьелъул рокъоб сордоги бан, нахъисеб къоялъ радалго вахъун, Къамушкенталде тIадвуссана дун».

## БЕСДАЛ ЭБЕЛ

ГIолохъанаб мехалда гьитIинабгицин гIилла гIола кIудияб рохел рекIелъе лъугьине. Доб риидалил къоялъ гьитIинаб букIинчIин абизе бегьула кIудияб рохалил къуватаб асаралъ дида куркьбал гъеялъе гIилла. Дица кьун лъугIана риидалил сессиялде гьоркьоре унел киналго экзаменалги зачеталги. Дун вахъана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул историялъулабгун филологиялъул факультеталъул кIиабилеб курсалъул студентлъун.

Гьединаб рохалилаб лъугьа-бахъин «чуризе» пикру ккана. Программа гIуцIана лъабго бутIаялдасан: ралъдалъ чвердезе пляжалде ине, порталда бугеб «Причал» кафеялде пити кваназе ине ва катералда рекIун ралъдада «тира-сверизе» ине.

Пляжалде жаниве виччаралъухъ доб мехалда унеб букIараб шагьи (щуго кепекха!) гIемерлъун бихьичIониги, «Причалалда» хIалтIулев

вукIарав гуржияв Ваноца щагIил сурахIабазда жаниб белъунеб питиялъухъ босулаан студентасул мискинаб чвантие бакIлъулеб мухь, катералда рекIине босизе кколеб билетги дие учузаб букIинчIо.

Кин бугониги, гьеб программа тIубазабизе гIураб гIарац стипендиялдаса хутIун бугелъул, метерго росулъе ине ресги бугелъул, дица хIукму гьабуна сахаватлъизе. БитIахъе абуни – чумартлъизе.

Пляжалда чвердейги «Причалалда» пити кванайги рикIкIине бегьуларо гьаниб дуда бицине мустахIикъаблъун. Амма Каспийскиялде гIагарлъухъе щвезегIан лъедон, гIадамазе хIохьбахъиги гIуцIун, МахIачхъалаялъул порталде тIадбуссунеб катералда рекIараб мехалда ккана жакъаги ракIалде щолеб лъугьа-бахъин. Гьеб катералда рукIарал скамейкабазул цоялда тIад гIодов чIарав дир лъикIаб лъай-хъвай лъугьана лъикIал гIадамазулгун: инсулгун ва ясалъулгун.

Гьеб букIана цIакъ багIарараб къо. Бакъ букIана къалъудаса цIабуцIун. Гьединлъидал, бакъудехун мугъги рехун, гIодор чIун ругоан гьел. Катералда тIад гIемерав чи вукIинчIо, чIорогоял скамейкабиги хутIун рукIана. Амма ралъдал карачелабаз хьвагIезабулеб букIараб катералде тIаде гали бегьарабго, гьезда речIчIана дир бер ва, довехун-гьанивехун вуссинчIого, гьезда дандбитIухъе бугеб скамейкаялда гIодов чIана. Гьев вукIана кIикъоялда анцIилъа арал соназул чи, ясалъ бан букIун батила анцIила анкьго – анцIила микьго сон.

ГьебсагIатго екерун ячIун цо гьелдаго бащадай гIадинай яс гьезда аскIой гIодой чIана.

– ВорчIами, Салим-даци, – ян херасдаги кIалъан, гьелъ ясалдехун абуна: – Патя, нолъ духъе ячIине рес ккечIо, дуца дида гIайиб гьабуге. Эбел ячIун йикIана росулъа дихъе щвезе, жакъаго эхедеги ана.

Жиндир ясалъул гьудулалъул гьел рагIабаз Салимил гьумер кьерхинабураб гIадин лъугьана.

– ХIалимат, дир яс, дуца гьалда тIокIаб Патяйилан абуге. Гьай Патя гуро, ПатIимат-эбел йиго. Гьелда дица лъун буго рагъда дун хвалдаса хвасар гьавурай дир бесдал эбелалъул – ПатIимат-эбелалъул цIар.

Дун гьесухъ хIикмалъун валагьана. Рагъда мун бесдал эбелалъ хвасар гьавизе рес кин ккарабилан гьикъизе бокьун гурищин дуе бугебилан абуна гьес. Уйилан жаваб кьуна дица. Цин гьес хабар бицинелде, нижеца лъай-хъвай гьабуна. Цинги бицана:

– Бесдал эбел чурулъ къагийин, чохьол эбел нахулъ къагийин гьарула. Дун разиял рагIаби гуро, дир вас, гьел. Чохьол эбел хун ятана дица лъагIел балелдего. Лъимер-бетIерги гьечIей ПатIимат инсуца цогидаб росолъа ячинегIан, ункъгIалалъ хьихьана. Инсул лъадиялда дица ПатIимат-эбелилан абизе байбихьана.

Гьелъул лъикIлъиялъул гIемер бицана Салимица. Амма дие аслияблъун лъугьана гьев рагъда ПатIимат-эбелалъ хвалдаса хвасар гьавиялъул хабар.

– ГIенеккея, дир вас, дида лъаларо дирго чохьол эбелалъул рекIелъе дидехун кинаб рокьи лъугьине букIарабали. БетIергьанасдасан дие

насиблъичIо дун гъавурай эбелалъул рокьи. Амма гьей дир бесдал эбелалъе дун цIакъ вокьулаан. Дица гьабсагIаталъги абула чохьол эбелалъулгицин букIинароанин дидехун гьей чияр гIаданалъул рекIелъ букIараб гIадаб кIудияб рокьи. ХIакъикъаталдаги, дир вас, гьелъул гьеб рокьуца хвалдаса хвасар гьавуна дун.

Кин гьеб ккарабилан гьикъичIого яхI гьабизе кIвечIо дида.

– Гьеб ккана, дир вас Камил, – ан, дир цIарги рехсон, бицине байбихьана гьес, киданиги дида ракIелде ккелареб букIараб куцалъ…

Гьесул раг1аби дагьал хисизарун ратизеги бегьула, жакъа рак1алде щвараб х1алалъ хъвалеб бугелъул.

– Новороссийскиялда гIагарлъухъ ралъдадасан рещтIинарун, нижер полкалъул рагъухъабазда кIвана ралъдал рагIалда ракьул чIедераб чIоло фашистаздаса эркен гьабизе. Гьеб рагъулъ дун лъукъана. Командирасул буюрухъ бачIана, тушманасде кьвагьдезе кIолеб даражаялда хутIаралги гьенир тун, захIматго лъукъарал рагъухъаби, сардилъ гамида рекIинарун, «кIудияб ракьалде» ритIизе ругилан. КвегIаб рукьалда лъураб ругъуналъ рахIатхвезабун, макьу щоларого хутIарав дун, сордо бащалъудаса араб гIадаб гIужалда гъапуллъун ккун ватана.

Макьилъ йихьана ПатIимат-эбел. Диде бугеб кутакаб рокьул кунчIи загьирлъулеб бугин гьелъул гьурмадайилан кколеб букIана. ГьитIинаб лъимада гIадин, дир ботIрода кверги бахъун, цIакъ хIеренго, хIасратго абуна бесдал эбелалъ дида: «Къаси гьаниса нахъе унге, дир вас, дица сахлъизавила мун», – ан.

Гьеб заманалда аскIове вачIун, отделениялъул командирас макьидаса вигьинавуна. Госпиталалде витIизе гамида рекIине вилълъине кIолищин яги кумек гьабизе кколищин гьикъана гьес. Дун гьанивго чIелин дица абидал, командир нахъе ана.

Лъукъарал тIад рекIун гьениса унеб букIараб гамиде, ралъдал рагIалдаса гIемер рикIкIалъилелдего, тушманасул самолетаз тIаде бомбаби рехун, тIубанго щущазабуна гьеб, гьелда тIад рукIаралщиналги шагьидлъана.

Гьедин хвасар гьавуна, дир вас, дун хвалдаса бесдал эбелалъул рекIелъ дидехун букIараб кIудияб рокьул къуваталъ, – ан лъугIизабуна херас гьеб хIикматаб хабар.

Гьелдаса хадуб гьудуллъи-божилъи ккана дир гьеб хъизаналъулгун. ПатIимат-эбел ячине бокьунгицин букIана дие, амма инсуца жий цогидаб росулъа чиясе кьоларин абун, гьелъ хьул къотIизабуна.

## БАЩДАБ ИЯХI БУКIУНАРО

Мунагьал чураяв дир инсуца абулаан: «Бащдаб яхI букIунаро, дир вас: инсан вукIуна я яхI бугев, яги яхI гьечIев. ЯхI бугевлъун хIазе гьесул кигIан кIудияб гьунар бугониги, цо къоялъниги, цо ишалъулъниги яхI гьечIолъи къватIибе загьирлъичIого хутIуларо. Рукъалъул чIало хIобода тIад баччун букIунеб гIадин, гIадамил лъимадул гIумруги букIуна яхIалда

тIад баччун. Абула иман бугесул чорхолъ яхIги букIунилан. Дидани ракIалде ккола яхI бугесулъ букIунин иманги, гIамалги, гIадатлъиги, гIаданлъиги, гIадамазда гьоркьоб гьесул къадруги гьелъ борхизабулин».

Сон-церекъад ккараб г1адин, жакъаги рак1алде щолеб буго дир ях1 гьечIолъи инсуе загьирлъиги гьелъухъ дие гьабураб г1адлуги.

Нижер минаялдаса нусго галул манзилалда, СагIадул азбаралъул кавуялдаса дагьаб добегIан, колхозалъул ахикье бугеб нуцIил кIалтIе кколеб бакIалда букIана, ункъо чIалоги лъун, лъугъурги бан, нух тIокъараб бакI. Мокърукьа битIараб букIаниги, гьелда абулаан «СагIадул кIамурийилан». Гьеб кIармие лъураб ункъабго чIалул кIигояб букIана чIоргIанги битIараб, кIигоябин абуни – гьетIараб, ай бакьулъа далараб, мугъзалъа къуларав чиясул гьодалда релълъарабин абизе бегьулеб. Векерун вачIун, эхеде кIанцIун, гьеб кIиябго гьетIараб чIалуялда иргадал хъат кьабизе кIвеялдаса вохулеб, доб кIиябго битIараб чIалуялде гIунтIичIолъиялдаса пашманлъулеб гIужалде вахарав чи вукIана дун доб мехалда. Цадахъ чи гьечIони, яги хадусан вачIунев чи гьечIолъи лъани, данде вачIунесдаги берречIчIичIони, гьениб ункъабго кIанцIи гьабичIого чIезе кIолароан дида.

Цо пуланаб къоялъ (роол заман букIана доб), векерун вачIун, «СагIадул кIармикь» ункъабго кIанцIиги гьабун, кIигоялдаса вохун, кIигоялдаса пашманлъун, лъабго-ункъо гали цебехун тIамидал, нахъасан абулеб рагIана: «Ле, Гьиматил МухIамадил вас, гьаниве вачIа», – ян. Нахъехун вуссун валагьидал, дун асир гьавуна кIиго асаралъ: тIоцебесеб – жидерго кIармикь гIодов чIарав СагIаду дида вихьичIолъи; кIиабилеб – гьесдаса намуслъи. Гьеб кIиябго кIудияб асар къинабизе къуват гIезегIан гIунун хутIарав дица гьанже галаби росулел руго СагIадуда аскIоре. Дун жинда аскIове щвезегIанги чIун, гьес абуна: «ТIадвуссун нужерго кавудухъеги ун, бигьа гьавун гьанивеги вачIун, цин дие саламги кьун, цинги а дурго нухда», – ян.

Гьев вукIана кутакалда лъикIав чи. Доб Совет хIукуматалъул къвакIарал къануназул къуват бугеб заманалда, диналде данде къеркьейги «тIадегIанаб даражаялде» бахарал соназда, тIарикъаталъул устарасухъе ун, вирд босарав мурид цохIо гьев гурони нижер росулъ гьечIилан абулаан.

Къородисезул кьотIе щолеб бакIалда, Авар гIурул квегIаб рагIалда бугеб гьабил бетIергьан вукIана СагIадул эмен МирзалмухIамад. Гьобо колхозалде гьоркьобе араб мехалдаги, гьенив гьабигьанлъун тун вукIана СагIаду.

Къородаги, КIуядаги, гIурул рагIалде щвезегIан ГьоцIдерил кIкIалахъги рукIарал лъаразул гьабал хасало хIалтIуларoан, лъадал къуват гIоларого. Гьединлъидал СагIадул гьабица хьихьун рукIанин абизе бегьула кIуялги, магIлалги, гьоцIалги, къородиселги ва цогидал сверухъ ругел росабазул

гIадамалги. Къородисез абулеб букIун буго, кIиябго рахъ гьалев чи вугин ЩагIадуйилан – Аллагьасе динги бугев, гIадамазе кумекги бугевилан абулеб магIнаялда.

Цогиги. Жиндир баракат щваяв КъахIиса ХIасан-устарги ДатунатIа чIарав гьесул мурид Хелекьуриса Сагитавги Хунзахъе туснахъалде рачун унеб машина чIун буго нижер умумузул рукъалда нахъа – гIуруснухлул сверуда. Гьебго машинаялда рачине кколел рукIун руго ТIагьадаса кулак ГIусманил ХIасан ва гьединавго кулак, нухазул устар Уздалросулъа ГIусманил МухIамад. ТIагьадисев вачун вачIинегIанги ва нухде арав ГIусманил МухIамад тIаде щвезегIанги гьениб лъалхъизе ккараб полуторка машинаялда тIад вукIарав ХIасан-хIелми, къадекакил заманги щун букIун, цIадги щенелеб букIун, СагIадуца кодов ккун восун вуго бищунго гIагарда букIараб нижер минаялъуве. Инсул эбел Гьиматил Аминатица цебе тIарсги лъун, какие чуризе лъимги кьун, гьениб бан буго туснахъалде инелде ахирисеб как гьев тIарикъаталъул устарасги гьесул цевесев мурид Сагитасги. Гьанже гьениб зиярат рагьун буго.

Гьеб кинабго дида хадуб лъана. Лъалаан СагIаду дир инсудаса кIудияв вукIин. Амма гьесие салам кьечIолъиялъулъ дир яхI гьечIолъи загьирлъараблъи бичIчIулеб ригьалде вахун вукIинчIин ккола дун доб мехалда.

Амма цIикIкIарас малъараб гьабизе кколеблъи гьелде щвезегIанго лъикIго бугIун букIана инсуца дир ботIролъе.

Херав мадугьалас абухъе, тIадвуссун нижерго кавудухъеги ун, бигьа гьавун вачIун, гьесие саламги кьун, кIиабизеги тIамуна дица кIармикьа къватIибе гали.

Инсуе дир гьеб ях1 гьеч1олъи загьирлъана хадусеб къоялъго.

Доб заманалда жеги магIарухъе раккун рукIинчIо, лезвиялги лъун, бихьиназ жидецаго жидерго мегеж кIкIвазе санагIатал алатал – станокал. Цояс цогидасул мегеж кIкIвалаан кIичIвалеб далакнусалъ. Инсул букIана тIад гъалбацIалъул суратги бахъараб далакнус. ЦIикIкIараз абулаан гьеб цIакъаб бугилан.

Такрар гьабун бицани, нахъисеб къоялъ радалго, дунги рокъов вугеб мехалда, СагIаду вачIана инсуда мегеж кIкIвазе. Сон дица гьабураб «такъсиралъул» хIакъалъулъ гьес инсуда бицинилан хIинкъуца холев вукIинарищ дунги. Амма гьел жидерго харбиде машгъуллъун рукIана. Цинги, инсуца мадугьаласул мегеж кIкIван бахъараб мехалъ, цебе тIарсги лъун, гьомер чуризе гулгумалъ лъимги тIуна дица, гьомер-квер бацIцIине полотенцеги кьуна гьесухъе.

«Сон гьав бахIарчияс дие саламги кьурабха», – ян абуна, инсуе баркалаги кьун, нахъе унаго, СагIадуца.

Инсуца гьел рагIабазде кIварго кьечIин, рагIичIогодайилан ккана ракIалде. Амма гулгумги букIаралъубго гIертIида аскIоб лъун, полотенцеги магIида бан, тIарсиниса лъимги гIодобе чвалхун, къватIиве инехъин вукIаго, чIайилан квералъ ишан гьабун, жиндаго цеве вахъун чIезавуна гьес дун.

Инсуца дида абичIо мун нечоларищин, намуслъуларищин, гьедин

бегьуларин, рекъараб букIунарин. Газеталда рахъарал цо-цо макъалабазда хъван букIунеб къагIидаялъ бицани, гьес яхIалда тIадчIей гьабуна.

– ЯхI гьечIев чи вукIун вугогури, дир вас, мун, лъазего лъачIого, – ян кIудияв чиясдехун гIадин кIалъана эмен, дир бадивеги валагьун. – ГIисинал вацалги дуда релълъарал лъугьани, гIадамазда гьоркьове вахъиналдаса унагури нужер эмен.

Гьедин дидехун кIалъалеб мехалда «роцIун» бугилан кколеб букIараб инсул гьомер цойидасанго «кьерхана». Гьесул ццин бахъун бугеблъи цебе-цебеги дие загьирлъулеб букIараб куцалда, цабиги къерщезарун, цодагьав нахъегIанги къан, абуна:

– СонлъагIан кьолеб букIинчIебищ дуца СагIадуе салам? – ан.

Амма гьел рагIаби кIалдиса къватIире рачIун рахъинелдего, дир тамахаб бакIалда къвакIараб хьатги щвезабуна гьес.

Эмен вукIана къокъвиццатав, къуватав чи. Гьес хьат кьабураб бакIалъул унтул бухIиялъ битIахъе беразде магIу бачIанин ккана. Цинги, тIаждада гьоркьосангицин, инсул хьатидасан бачIараб хинлъиги лъугьана нусабго логолъе.

Лъималазул лъималгицин гIолохъанлъиялде рахунел ругел, тIадежоялъеги кIудияв кIудадалъун – прадедушкалъун лъугьараб гьаб ригьалдаги, «яхIалъул хIуби бегизехьин» букIин лъарабго, такрарлъула гIумруялда жаниб инсуца дие тамихIалъе цохIо нухалъ кьабураб хьатил бухIиги хинлъиги.

Гьеб къоялдаса нахъе доб кIармикь кIанцIейги рехун тана дица, кIудияв гIурав чиясда рекъон гьечIилан ккун.

# Проза

**ХІайдар ХІАЖИЕВ**

## АЛЖАН

Гьеб букІана 1982 соналъул июль моцІ. Заман букІана анцІила цогун бащдаб хІалтІараб. Къо букІана багІарараб. Дица медсестра йитІана унтаразухъ хал гьабизе – обход гьабизе. Дун вукІана дирго столалда нахъа гІодовги вукІун, бакІил мугъалдехун шапун, нахъисеб кІиябго бохалда довехун-гьанивехун гьетІарулев. РакІалдаго гьечІого дица абуна: «Дир хирияв БетІергьан, кье дие алжан цо-кІиго секундалъ» - абун. Дидаго бихьун дир кІиябго гъежалдаса гІодобе бортун ана дуниял. ТІаса ана киналго ургъелал. Черх тІадагьлъана. Дида ракІалде ккана гьабсагІат дида воржинецин кІвелилан. Дида сверухъ рахъана жеги дида лъаларел берцинал махІал. Гьел тІогьол махІазда релълъарал рукІинчІо ва амма гьезул берцинлъи, гьуинлъи букІана гІажаибаб, бицун бажаруларeб. Дир пикраби хІалтІулел рукІана жеги дида рагІичІеб хІалалъ. Дие бокьана зодове валагьизе. Дун вилълъана балконалде, валагьана эхеде. Дида рихьана зоб цІун кенчІолел цІваби. Гьедин берцинго, гвангъун цІваби кенчІола мугІрузул ракьалда, къаси сардилъ.

Дица абуна: «О Аллагь, гьаб кІиго-лъабго гьадинаб секундалъухъ дица кьелаан зодоб бугебги ва гІодоб бугебги» - абун. ТІадеги жубана: «О Аллагь, гІела гьаб хІалалда дун вугони дида кидаго хІалтІизе кІвезе гьечІо».

Кинабго гьоркьоб къотІана кун тІураб гІадин ва амма гьеб жеги жеги дида кІочонаро.

Гьеб къо тІаде щвезегІанги, дун КъуръаналъуI щибаб хІарпалда божулевлъун вукІана. МухІамад Аварагас (с.гІ.в.) абурал рагІабаздаги божулев вукІана. Амма гьеб къоялъ дун жеги цІакъ боржана диналда, божана Алжан букІиналда, ва ЖужахІги букІиналда. Алжанги бугони жужахІги бугони СиратІ букІинарищ? СиратІ бугони «мизан» букІинарищ?..

Мунагьал ругони тавбу къваригІинарищ? Нижер росдадаса 7 километралъул манзил бугеб бакІалда буго ЦІатІанихъ абулеб росу. Гьеб буго кІудияб росу. Щвана цо къоялъ гьениве. Тукен буго гьезул росу бакьулъ. Гьел рукІуна тукадул рагъида гІодор чІун. Цо къоялъ ратана анцІго гІанасев чи. Дица салам кьуна, кверал росана. Хадуб бахъана пиджакалъул кисиниса багІараб ручка. Дица абуна: «ЦІетІен, нуж божиларищ, гьаб ручка букІиналда?» Гьез жаваб гьабуна: «Божила». Дица абуна: «Нуж гьаб ручкаялда божулел гІадин, дун Аллагьасдаги божула…»

## ЖАКЪАСЕЛ БАХІАРЗАЛ

Дица мединститут лъугІана 1967 абилеб соналъ.

Гьелдаса хадуб дун вахъана цІубараб лъаялъул терапевт, ай жанисел унтабазул тохтур. Хадуб дун вахъанаа цІубараб рахунел унтабазул тохтур. Хадувги цІубараб лъаялъул лъималазул врач.

1967 соналдаса нахъе дун чІана медицинаялъул гІелмуялда тІад.

1967 соналдаса нахъе 2021 соналъул 22 январалде щвезегӀан киноялде инчӀо. Дир букӀана лъаббокӀон: хӀалтӀуде, тукаде, рокъове.

Гьединлъидал, дие медицина лъугьана ччугӀаялъе ралъад гӀадаб жолъун. Дица унтаразул къимат гьабулеб букӀана. Дун хӀалтӀана гӀемерал районазда ва областазда, хӀалтӀана бетӀерав врачлъун, амма дица лъилго ракӀ бакъвазабичӀо. Дир хӀалтӀул стаж буго 22 сон ва 6 моцӀ. Гьеб хӀалтӀул заманаялда унтараз дитӀасан, тӀад ругел хӀакимзабазде гӀарз бахъинчӀо, гьелдаса дун вохула гьаб заманалдаги.

Дун унтана 1945 соналъ сириялъ – маляриялъ. Дун Аллагьасул кумекалдалъун сахлъана. Щай дица гьедин абулеб бугеб? Щайгурелъул, 1945 соналъ щибниги дараби рукӀинчӀо.

Дун столалда нахъа, врач хӀисабалда, гӀодов чӀана 1967 аабилеб соналъ. Дир тӀоцебесеб рагӀи букӀана: «Нужеца профилактика гьабе. Гьенибе уна квен, хъалиман тей, гӀаракъи тей, хасало риидал черх цӀуни, квачалдаса ва цӀикӀкӀараб хинлъиялдаса.

Бахъана гьаракь: «Коронавирус!» Дица байбихьана, дица гӀадамазда малъулеб гьабизе, ай профилактика. ТӀоцебе босана витамин «Д-3». Гьекъана щибаб къоялъ кӀиго къатӀра. Босана щуго упаковка арбидола. Гьекъана ва хӀохьбахъи анкьго къоялъ.

Босана «Эргеферон» щуго. Эргеферон лъезе ккола мацӀалда гъоркь биинегӀан. Эргефероналъуб буго цо упаковка 20 таблетка. Гьекъана 20 таблетка, хӀохьбахъи гьабуна 10 къоялъ. Босана Ацетил сициловияб кислота – магӀарул мацӀалъ «Аспирин», гьекъана ½ таблетка къо гьоркьоб ккун. Аспириналда гьоркьоб буго иммунал ва гьелъ би бакъвазе толаро. Босана ралъдалаб хъапустӀан, Ламинарин, гьелъул таблеткаби гьекъана.  Босана ражи, кванана радал кӀиго, къаде кӀиго, къаси кӀиго гожо. Маска бана, гӀемер къватӀахъ свеҏичӀо.

Гьедин тӀаде гӀунтӀана 2020 соналъул декабрь. Байбихьана бетӀер свери. Гьаруна уколал «Церебролезина». Лъугьана мадар. Байбихьана цӀидасан бетӀерсвери. Гьаб нухалъ церебролезиналъул пайда ккечӀо.

ТӀоцебесеб январалъ ахӀана «скорая». ЯчӀана врач. Врачалъ абуна: «Мун гьеб хӀаллада вугев чи кинан вилълъинев машинаялда аскӀове?» – ян. Рахъана къватӀире. РекӀана «скорая помощалда» щвана цо поликлиникаялде. РещтӀана гъоркье. Вачана жаниве, каталкаялда рекӀарав дир бетӀер сверулеб букӀана. ЯчӀана врач. Бицана кинабго. Вачана цо кабинеталъуев, лъуна аппараталда. Вачана цойги аппаратталде, лъуна аппараталда. Дида абуна: «Гьел дур ботӀролъ ругел бидурихьал руго 25-26 сон барав гӀолохъанчиясул гӀадал, рацӀцӀадал. БетӀер сверизе гӀилла гьечӀо. ЯчӀана нахъойги врач ва абуна: «Дур буго «Коронавирус-19». Дица гьаб бакӀалде щвезегӀан унтиялъул гӀаламатазул цӀар бахъичӀо. Нужеда лъала Россиялъул радиоялъ кьолел гӀаламатал.

Ва амма гьез бицунел гӀаламатал дир рукӀинчӀо. БетӀер унти букӀинчӀо. МагӀарзул къалиялда киналго махӀал чӀвалел рукӀана. температура букӀинчӀо. ХъегӀи букӀинчӀо. Дун врачлъун хӀалтӀулеб заманаялда, гьеб хӀалалда абулеб букӀана «атипичная форма» абун. МагӀна – унтиялъул загӀипаб къагӀида буго, унти цӀикӀкӀараб бугони, гьебги «атипичная форма» ккола.

Дида кӀвана «Коронавирус» мукӀур гьабизе, профилактикаги гьабун. Дир буго 82 сон. Нужеда лъала бицунеб радиоялъ. Нилъер рухӀал руго Аллагьасда кодор. Нужеца кидаго Аллагьасда гьаре нужеего сахлъ. Дун вукӀана тӀоцебесеб

номер бугеб шагьаралъул больницаялда. Гьениб дица цIалулелъул практикаялда рехана гIемерал къоял ва сардал.

Больница цIи гьабурабгIанги лъикI къачIан бугоан. Медицинаялъул коллектив лъикI балагьулеб буго унтарасухъ. Санитаркаби гIодор рукIунел гьечIо. Дараби киналго руго. Дарабазул жаваб кьолей кIудияй медсестра йиго цIакъ магIнаяй гIадан. Гьей йиго бокьарав унтарасул къваригIел тIубазе хIадурун. Дирги тIубана гьелъ къваригIел. Квен буго лъикIаб, гIураб, тIагIамаб. Дица врачасда абуна: «Дида хадуб букIана лъикIаб бербалагьи. Россиялда дида абулеб букIана «хороший врач» яги «южный врач». Дун гьелдаса чIухIулаан. Амма дир «хороший врач» абураб цIар дица нужее кьолеб буго», - абун.

Дица гьелда абуна: «Валлагь В.В.Путиница нужее кьураб цIар, «Жакъасел бахIарзал» абураб – гьебги битIараб буго».

Нужее кьолеб харжалъе нуж мустахIикъал руго!

## МАЛАИКЗАБИ РУКIИН ХIАКЪАБЛЪУН БУГО

1986 абилеб соналъ террористас ккола школалъул класс. Класс букIун буго жанир гIисинал лъимал цIалулел. Гьеб иш ккола Америкаялда. Террористасухъа бомба гIодобе бортун буго ва кьвагьун буго. Класс щущахъ биххун буго, амма гIисинал лъималазе ва учительницаялъе зиян ккун гьечIо. Лъималаца хадуб бицун буго гьеб кьвагьилалде жал цо берцинал чагIаз дорегIан къазарунила ва гьел жидеда цере чIанила цо-цояз абун буго «ангелы» абун. Нилъер мацIалда малаикзаби. Гьев террористасухъ букIун буго жеги ункъго бомба. Балагьидал щай гьел кьвагьичIого хутIараяли. Цо бомбаялъул капсула бичун батун буго, лъабгоялъул кваралги къотIун ратанила. Нилъеда лъала кварал къотIизе ккани бомбаялда жанире раккизе ккола, лъим тIезе кканиги жанире раккизе ккола.

Цо американялъул летчикасе бокьун буго хIалбихьиялъе воржине Атлантикаялда тIасан рещтIен гьабичIогун. Гьес гьаваялда бан буго 22 сагIат. БачIун буго макьу, берал далго данде унел рукIун руго. Цо заманаялда кабинаялъуре рачIун руго лъабго-ункъо чи. Байбихьун буго, гьав кьижунгутIиялъе, гьасие суалал кьезе. Кьолел суалал рукIанила самолеталда хурхарал. Киналго суалал кьолел рукIанила цIакъго лъай цIикIкIарал летчикаца гIадинал. Гьеб самолет рещтIун буго Парижалда. АскIор рукIарал, самолет гIодоб чIарабго, араб бакI лъачIого тIагIанила. РачIун руго гьаваялда гьав вугеб мехалъ, рилун руго гьав щибго къварилъи ккечIого ракьалда рещтIун хадуса.

2001 абилеб соналъул 11 сентябралъ Америкаялъул «башни близнецы» кьвагьараб къоялъ, 81 абилеб этажалда цIадулъ вукIун вуго цо чи цIарги Рон бугев. Гьев гIодов ккун вукIун вуго. РагIун буго гьаракь: «Вахъа тIаде, вилълъа цевехун!» ВачIун аскIов чIун вуго цо чи. Гьас Рон вачун вуго цIадул карачелалъан. Амма гьесие зиян ккун гьечIо ва чIаго хутIунги вуго.

2008 абилеб соналъ Эвересталде тIаде вахун вуго альпинист, цIар Джереми Виндзар. Гьеб мегIералда тIад вугев гьасда аскIове вачIуна цо чи ва абула: «Дида цIар буго Джими». Къо халалъухъ гьасда аскIов вукIуна, цинги араб бакI лъачIого вилун уна. Киназдаго лъала альпинистасда тIад букIине кколеб ретIел, аскIове вачIарасда тIад гьеб ретIел букIун гьечIо.

Цо пуланаб къоялъ цо пуланав чи ине вукIанила машинаялда жиндирго къваригIелалъ. Гьев ине вукIанила живго цохIо. Цо заманалда гьев захIматаб авариялде кколев вукIанила. Гьасда аскIов гIодов чIанила цо чи, ва малъанила: руль гьанибехун тиризабе, сверизабе, гьаб педалалда тIад хIетIе лъе. Гьев чи авариялдаса ворчIанила, аскIове вачIарав араб бакI лъачIого тIагIанила.

ГIалиасхIабица (р.гI.) бицун буго УхIудалъул рагъулъ жив лъукъ-лъукъун гIодов кканила. ТIаде вахъине кIолеб букIинчIила. ВачIанила цо чи, гьестIа

букIанила хъахIаб ретIел гьесдаса букIанила берцинаб махI ва гьес абунила: «Вахъа тIаде, хIинкъуге, вагъе, дуе щибго лъугьине гьечIо», - абун. Жив тIаде вахъанила. Гьев чиги аскIоса тIагIанила.

Карлос Кастанедал тIехьалда хъвалеб буго цо пуланав чи унев вукIун вуго жиндирго къваригIелалъ. Гьес къотIизе кколеб букIун буго кIудияб авлахъ. Бахъун буго кIудияб гьури-чIвай, хIурул чIвагъ. БачIун чIун буго гьурал пулеб авлахъалда кIудияб пургонги. Абун буго: «Вилълъа цеве хьибилчIван». Машина-пургон билълъун буго гьав чи гьури гьечIеб бакIалде щвезегIан. Араб бакI лъачIого пургонги гьелъул шоферги тIагIун вуго, нухлулав хIинкъи гьечIеб бакIалде щведал.

Дун гьез бицаралда божула, гьел руго хIакъикъиял хIужжаби. Дун гьеб куцалда ункъго нухалда хвасар гьавуна. Гьелда бан дица нугIлъи гьабулеб буго Къуръаналда хъварабщинаб битIараб, кьучIаб, хIакъикъияблъун кколилан.

## ГIАДАМАЛ ВА МОЦI

МоцIалъул хIакъалъулъ хъварал гIемерал тIахьал руго. Руго батIи-батIиял журналазда макъалабиги.

Абулеб буго МоцIрол канлъи бакъалда бараб бугилан. Мисал. МоцI гургинлъараб сордоялъ гIаштIи моцIрол канлъукь тани, гьеб тIехьунеб буго. РагьтIа яги гортIа рекIараб нус тани, гьебги тIехьунеб буго. Амма бакъул канлъиялъукь лъуни, щибго лъугьунеб гьечIо. Гьелъул магIна ккола МоцIрол канлъи бакъул канлъиялддаса батIияб букIин.

МоцI гургинлъарал сардаз цо-цо руччабазул бетIер унтулеб буго. Бихьинал бицараб бичIчIулел, малъараб гьабулелллъун лъугьунел руго. Руччаби абуни щцин бахъун, къацандизе къачIан лъугьунел руго. МоцI гургинлъарал къояз хъизамалда гьоркьоб къец, кIалъай кколеб буго. Гьелъие гIайибилал руччаби рукIунел руго.

МоцI цIилъарал къояз бихьинал щцидалъ рукIунел руго. Щцим щибго гIилла гьечIого бахъунеб буго. Гьединлъидал, моцI цIилъидал бихьиназе бицунеб хабар берцинаб, гьуинаб, хIеренаб букIине кколила.

МоцI гургинлъидал руччабазулгун хабар хIеренаб, гьуинаб бугони, хъизамалда гьоркьоб рекъел букIунеб буго. МоцI байбихьи – гьеб ихдада ва рииялда релълъине буго, ай тIоцебесеб кIиго анкь. КIиабилеб кIиго анкь хасалихълъи ва хасалил гIамалалда релълъуна.

Гьединлъидал, тIоцебесеб кIиго анкьалда гьабураб хIалтIи данде билълъинила. ХIалтIуе къуват букIинила гьел къояз.

Мисал, хуриб хьон хьазе, пастIан къачIазе. МоцIрол тIоцебесеб кIиго анкь пайда цIикIкIараб кколеб буго. БачIинги лъикIаб кьолеб буго.

МоцI гургинлъарал къояз бихьинаца гIаракъи гьекъани, гьез гъалмагъир гьабулеб буго ва гьекъарасе зарал гIаракъиялъ цIикIкIараб кьела.

МоцI гургинлъидал бертин гьабуни гьениб рагъ, кьал ккелила, бертадуе хIасил нахъа мекъи ккелила. Мисал, 27 абилел къо ва 55 сотых къоялъул гIадамазе зарал цIикIкIараб букIунеб буго. Гьединлъидал, гьеб къоялъ цIодорго чIезе кколел руго. МоцIрол цIикIкIарасеб гIадамазе зарал кьолеблъун кколеб буго ва гьелда бан хъизаназда, цо-цо гIадамазда, гьудул-гьалмагълъиялда ва рокьи ккаразда моцIрол хьвада-чIвади, гьелъул заманаби лъани, гIадамазе гьелъул пайда букIине буго.





Индекс годовой - 63333
Индекс полугодовой - 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе **«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кицы, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве **«Гьудуллъи».***

